

POLISEMI ING RUBRIK PAWARTA
KALAWARTI DJAKA LODANGWARSA 2016

SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Minangka Jejangkeping Pandadaran

Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan



Dening:

Rahmawati Ulfah Oktavia

NIM. 14205244013

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2018

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Polisemi ing Rubrik Pawarta Kalawarti Djaka Lodang Warsa 2016* menika sampun pikantuk palilah dening *pembimbing* kangge dipunuji wonten *pendadaran*.



Yogyakarta, 20 Februari 2018

Dosen Pembimbing,



Siti Mulyani M. Hum

NIP. 19620729 198703 2 002

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Polisemi ing Rubrik Pawarta Kalawarti Djaka Lodang Warsa 2016* menika sampun dipunandharaken wonten *pendadaran* sangajengipun dewan penguji ing tanggal 2 Maret 2018 saha dipuntetepaken lulus

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Dra. Siti Mulyani, M.Hum	Ketua Penguji		13 Maret 2018
Sri Hertanti Wulan, M. Hum	Sekretaris Penguji		13 Maret 2018
Drs. Hardiyanto, M. Hum	Penguji Utama		13 Maret 2018

Yogyakarta, 13 Maret 2018

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta



Dekan,

Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum

NIP. 19571231 198303 2 004

WEDHARAN

Ingkang tandha tangan ing ngandhap menika, kula

Nama : Rahmawati Ulfah Oktavia

NIM : 14205244013

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih seratan *skripsi* menika ingkang ndamel kula piyambak. Miturut pamanggih kula seratan *skripsi* menika dereng nate dipunteliti saha dipunuji dening tiyang sanes. Kejawi wonten perangan- perangan tartamtu ingkang kula pendhet minangka *acuan* kanthi adhedhasar tata cara *etika* panyeratan *karya ilmiah*.

Wedharan menika dipunserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 19 Februari 2018

Panyerat,



Rahmawati Ulfah Oktavia

SESANTI

Gliyak-gliyak nanging tumindak

(Sry Satriya Tjatur Wisnu Sasangka)

“Jika ingin hidup bergengsi, harus berani meninggalkan gengsi”

(Restu Yoga Saputra)

Ora bakal tekan pungkasanyen awake dhewe ora nggawe wiwitan.

(Panyerat)

PISUNGSUNG

Linambaran pamuji syukur dhumateng ngarsanipun Gusti ingkang Maha Agung,
skripsimenika kula pisungsungaken dhumateng tiyang sepuh kula Bapak Pangadi
saha Ibu Yanatun Aminin ingkang sampun nggulawentah kanthi katoging tenaga,
beya, sih katresnan saha pandonga dhumateng panyerat

PRAWACANA

Puji syukur Alhamdulillah konjuk dhumatengngarsanipun Gusti Allah ingkang Maha Welas saha Maha Asih, awit welas saha asihipun panaliten kanthi irah-irahan “Polisemi ing Rubrik Pawarta Kalawarti Djaka Lodang Warsa 2016” saged kaimpun kangge njangkepi sarat anggayuh gelar sarjana pendidikan. Sholawat sarta salam dipunaturaken dumateng Kanjeng Nabi Muhammad saw ingkang dipunantu-antu safa’atipun.

Panyeratan *skripsi* menika boten saged kalampahan tanpa pambiyantu saha panyengkuyung saking pinten-pinten *pihak*. Pramila saking menika, panyerat ngaturaken panuwun ingkang tanpa upami dhumateng:

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M.Pd. minangka rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat *skripsi* menika.
2. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum. minangka dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring idin anggenipun kula nyerat *skripsi* menika.
3. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M. Hum. minangka pangarsa jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pandom dhumateng kula anggenipun nganggsu kawruh wonten jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
4. Ibu Siti Mulyani, M. Hum. minangka pembimbing ingkang sampun tlatos kersa paring bimbingan, piwulang saha pandonga.

5. Ibu Dra. Sri Harti Widyastuti, M. Hum. minangka *penasehat akademik* ingkang sampun paring kawruh bab *mata kuliah* wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
6. Bapak saha Ibu dosen jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring mawarni-warni kawruh, piwulang, miwah panjurung prayogi dhateng panyerat,
7. *Staf* Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pambiyantu *administrasi perkuliahan*.
8. Tiyang sepuh kula Bapak Pangadi saha Ibu Yanatun Aminin ingkang sampun paring panyengkuyung, pambiyantu, saha pandonga dhateng panyerat.
9. Adhik kula Yahya Anggraini ingkang sampun paring panyengkuyung, pambiyantu, saha pandonga dhateng panyerat.
10. Kanca raket kula Restu Yoga Saputra ingkang sampun paring panyengkuyung, pambiyantu, saha pandonga dhateng panyerat.
11. Kanca raket kula Nur Hanifa, Novi Nur Utami, A'im Muflihatul H., Lathifah Hamida, Siti Kurwati, Yasinia Indriyani ingkang sampun paring panyengkuyung, pambiyantu saha pandonga dhateng panyerat.
12. Kanca-kanca Sanggar Cakramanggala ingkang sampun paring pandonga, pambiyantu, saha panyengkuyung dhateng panyerat.
13. Kanca-kanca kulawarga Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pandonga, pambiyantu, saha panyengkuyung dhateng panyerat.

14. *Pihak-pihak* sanes ingkang boten saged kula sebutaken setunggal mbaka setunggal ingkang sampun paring pandonga, panyengkuyung saha pambiyantu anggenipun nyerat *skripsi* menika.

Tamtu kemawon panyeratan *skripsi* menika dereng saged dipunwastani sampurna. Pramila sedaya pamanggih, panyaruwe saha pramayogi dipuntampi kanthi jembaring manah kangge sarana sampurnanipun *skripsi* menika. Mugi-mugi seratan menika saged mupangati dhateng ingkang maos *skripsi* menika.

Yogyakarta, 19 Februari 2018

Panyerat



Rahmawati Ulfah Oktavia

PRATELAN ISI

IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI.....	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA.....	vii
PRATELAN ISI	x
PRATELAN TABEL	xiii
PRATELAN GAMBAR.....	xiv
SARINING PANALITEN	xv
CEKAKAN.....	xvi
BAB I PURWAKA.....	1
A. Dhasaring Panaliten.....	1
B. Underaning Prekawis.....	4
C. Watesaning Prekawis.....	4
D. Wosing Prekawis	5
E. Ancasing Panaliten	5
F. Paedahing Panaliten.....	6
G. Pangertosan	6

BAB II GEGARAN TEORI	8
A. Andharan Teori	8
1. Semantik.....	8
2. Polisemi.....	15
3. Wujuding Tembung ingkang Ngewrat Polisemi	20
4. Jinising Tembung ingkang Ngewrat Polisemi.....	33
5. <i>Tipe</i> Gegayutan Tegesing Tembung Polisemi.....	39
6. Rubrik Pawarta	51
B. Panaliten ingkang Laras.....	52
C. Nalaring Pikir	53
BAB III CARA PANALITEN	56
A. Jinising Panaliten.....	56
B. Data saha Sumber Data Panaliten	56
C. Caranipun Ngempalaken Data	57
D. Pirantining Panaliten.....	59
E. Cara <i>Nganalisis</i> Data	60
F. Caranipun Ngesahaken Data	61
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN.....	65
A. Asiling Panaliten	65
B. Pirembagan Asil Panaliten	73
1. Polisemi Awujud Tembung	74
2. Polisemi Awujud Frasa.....	119
BAB V PANUTUP	129
A. Dudutan.....	129
B. Implikasi	130
C. Pamrayogi	130

KAPUSTAKAN	132
LAMPIRAN	135

PRATELAN TABEL

Tabel 1: daftar wuwuhan.....	24
Tabel 2: tuladha kertu data	58
Tabel 3: asiling panaliten	65

PRATELAN GAMBAR

Gambar 1: gambaraning sinonimi	11
Gambar 2: gambaraning hiponimi	12
Gambar 3: gamabaraning antonimi.....	14
Gambar 4: gambaraning polisemi.....	15
Gambar 5: gambaraning nalaring pikir	55

Polisemi Ing Rubrik Pawarta Kalawarti Djaka Lodang Warsa 2016

**Dening Rahmawati Ulfah Oktavia
NIM. 14205244013**

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken tembung ingkang ngewrat polisemi ing rubrik pawarta salebeting kalawarti Djaka Lodang warsa 2016. Tembung ingkang ngewrat polisemi ingkang dipuntliti gayut kaliyan 1) wujuding tembung ingkang ngewrat polisemi, 2) jinising tembung ingkang ngewrat polisemi, saha 3) *tipe* gegayutan tegesing tembung ingkang ngewrat polisemi.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Data ing panaliten inggih menika tembung ingkang ngewrat polisemi ing rubrik pawarta salebeting kalawarti Djaka Lodang warsa 2016 ingkang cacahipun 32. Caranipun ngempalaken data inggih menika kanthi teknik *baca-catat*. Panaliten menika dipuntliti kanthi *analisis semantik*. Caranipun nganalisis data inggih menika data dipunudhari ngginakaken *analisis deskriptif*. Caranipun manggihaken *validitas* data ngginakaken *triangulasi teori* saha *semantik kontekstual*, lajeng kangge manggihaken *reliabilitas* data ngginakaken *reliabilitas stabilitas*.

Asiling panaliten inggih menika gegayutan kaliyan wujuding tembung, jinising tembung saha *tipe* gegayutan tegesing tembung ingkang ngewrat polisemi ing rubrik pawarta salebeting kalawarti Djaka Lodang warsa 2016. Wujuding polisemi kaperang dados kalih inggih menika tembung saha frasa. Tembung ingkang ngewrat polisemi taksih saged dipuperang dados sekawan inggih menika lingga, andhahan, camboran saha rangkep. Jinising tembung ingkang ngewrat polisemi kaperang dados tiga inggih menika kriya (*verba*), aran (*nomina*) saha kaanan (*adjektiva*). Tembung ingkang ngewrat polisemi menawi dipuntingali saking *tipe* gegayutan tegesing tembung polisemi kaperang dados pitu inggih menika *pengelompokan makna sampingan*, *tipe derivasi nol/kosong*, *tipe derivasi afiksasi*, *tipe asosiatif konstituen keseluruhan*, *tipe hubungan anggota kelas*, *tipe hubungan asosiatif kontiguitas temporal*, saha *tipe asosiatif atributif keseluruhan*.

Pamijining tembung: polisemi, djaka lodang

CEKAKAN

A	: andhahan
Aak	: asosiatif atributif keseluruhan
Ak	: anggota kelas
Akk	: asosiatif konstituen keseluruhan
Akl	: asosiatif kontiguitas logikal
Akt	: asosiatif kontiguitas temporal
Arn	: aran
Ask	: asosiatif sebagian keseluruhan
Ass	: asosiatif spasial
At	: ater-ater
Atk	: asosiatif kontiguitas
C	: camboran
Ct	: camboran tugel
Cw	: camboran wutuh
Dl	: djaka lodang
Dr	: derivasi
Dt	: data
Fr	: frasa
Knn	: kaanan
Kry	: kriya
L	: lingga
Ms	: makna sampingan
Pn	: panambang
R	: rangkep
Sl	: seselan
Ws	: wuwuhan sesarengan

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Panganggening tembung asring dipunsebat *style* utawi *gaya* (Keraf, 2004: 113), dipunginakaken dening panyerat kanthi ancas kangge paring titikan seratanipun. Bab kasebat kaangkah supados narik kawigatosan pamaos satemah *minat* anggenipun maos asiling seratan dados inggil. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih panganggening tembung ing salebeting seratan kalebet prekawis ingkang wigatos, ananging menawi dipunginakaken kanthi cara ingkang boten trep saged nuwuhaken prekawis ingkang ndadosaken asiling panyeratan boten saged dipunmangertosi dening pamaos. Bab menika nuwuhaken pramayogi menawi anggenipun ngginakaken tembung ing salebeting seratan kedah dipunpilah-pilah (*selektif*).

Salah satunggaling prekawis ingkang wonten inggih menika panganggening tembung ingkang gadhah teges langkung saking setunggal utawi asring dipunsebat polisemi (Sukmawati, 2008: 7). Tembung ingkang ngewrat polisemi saged dipunmangertosi tegesipun kanthi pas menawi sampun dipunangge utawi dumunung ing satunggaling ukara. Tembung kasebat asring njalari pamaos anggenipun mangertos maksud saking seratan boten jumbuh kaliyan maksud ingkang dipunandharaken dening panyerat. Tuladhanipun nalika pamaos manggihaken tembung *kalih* ndadosaken anggenipun negesi kirang manteb. Menapa ingkang dipunmaksud inggih menika *kalih* awujud tembung wilangan *loro*, utawi *kalih* ingkang ateges *karo*.

Tuladha sanesipun inggih menika tembung ing basa Jawi *kuwat*. Tembung *kuwat* gadhah teges langkung saking setunggal inggih menika 1) ‘rosa’ saha 2) ‘duwe kadyan’. Tembung *kuwat* ingkang gadhah teges ‘rosa’ saged dipunmangertosi tegesipun menawi dumunung ing ukara ‘Ora maido pacen nglakokake becak iku mbutuhake tenaga sing kuwat’ *Tidak mengherankan memang menjalankan becak memerlukan tenaga yang kuat* (Djaka Lodang, 30 Januari 2016). Tembung *kuwat* ingkang gadhah teges ‘duwe kadyan’ saged dipunmangertosi tegesipun menawi dumunung ing ukara ‘Nanging kanggo netepake tersangka kudu ana bukti-bukti wiwitan sing kuwat’ *Untuk menetapkan tersangka harus ada bukti-bukti yang kuat* (Djaka Lodang, 13 Februari 2016).

Adhedhasar andharan kasebat tembung *kuwat* mujudaken satunggaling tembung ingkang gadhah teges langkung saking setunggal utawi dipunsebat polisemi. Kanthi mekaten saged dipunwastani ancasing panganggening tembung ingkang ngewrat polisemi inggih menika kangge 1) ngandharaken maksud panyerat saha 2) narik kawigatosan pamaos.

Panganggening polisemi ingkang ancasipun kangge narik kawigatosan pamaos asring dipunginakaken ing rubrik pawarta, kados tuladha wonten nginggil. Rubrik pawarta inggih menika perangan ing kalawarti utawi koran ingkang ngewrat sedaya prekawis sumberipun saking masarakat dumugi pemerintah. Ancasipun rubrik pawarta dipunserat inggih menika kangge paring pawarta dateng pamaos. Rubrik pawarta kaperang dados mapinten-pinten jinis miturut wosipun kadosta rubrik pawarta politik, hukum, ekonomi, kegiatan masarakat, pawiyatan, iklan. Tembung polisemi ingkang dipunangge ing rubrik

pawarta asring nuwuhaken teges konotasi. Teges konotasi tuwuh amargi pemaos anggenipun negesi adhedhasar *penilaian afektif* utawi *emosional* (Verhaar, 2010: 390). Ancasing panganggening tembung ingkang ngewrat polisemi kanthi konotasi inggih menika kangge ngalusaken ukara ingkang dipunanggep kasar, mliginipun ing perangan rubrik pawarta. Adhedhasar andharan kasebat rubrik pawarta dados objek panaliten, dipunajab gampil anggenipun madosi data. Rubrik pawarta ingkang dados objek panaliten dipunpendhet saking kalawarti Djaka Lodang.

Kalawarti Djaka Lodang inggih menika kalawarti basa Jawi ingkang *terbit* saben dinten setu ing wilayah Yogyakarta. Kalawarti Djaka Lodang boten namung ngewrat bab sastra kemawon ananging ugi ngewrat pawarta. Pawarta ing kalawarti Djaka Lodang ngewrat pawarta ingkang ngandharaken bab pemerintah, politik, ekonomi, pawiyatan, pariwisata. Rubrik pawarta kalawarti Djaka Lodang ingkang dados objek panaliten dipunpendhet ingkang wedalan warsa 2016. Rubrik pawarta wedalan warsa 2016 dipundadosaken subjek panaliten amargi kathah tetembungan ingkang ngewrat polisemi satemah gampil anggenipun madosi data.

Adhedhasar sedaya andharan wonten nginggil panaliten menika katindakaken. Panaliten ingkang badhe katindakaken dipunsukani irah-irahan 'Polisemi ing Rubrik Pawarta Kalawarti Djaka Lodang Warsa 2016'.

B. Underaning Prekawis

Adhedhasar dhasaring panaliten wonten nginggil nuwuhaken mapinten-pinten prekawis ingkang dipunandharaken ing ngandhap menika.

1. Wujuding tembung ingkang ngewrat polisemi ing rubrik pawarta kalawarti *Djaka Lodang* warsa 2016.
2. Jinising tembung ingkang ngewrat polisemi ing rubrik pawarta kalawarti *Djaka Lodang* warsa 2016.
3. Tegesing tembung ingkang ngewrat polisemi ing rubrik pawarta kalawarti *Djaka Lodang* warsa 2016.
4. Tipe gegayutan tegesing tembung ingkang ngewrat polisemi ing rubrik pawarta kalawarti *Djaka Lodang* warsa 2016.
5. Titikaning polisemi ing rubrik pawarta kalawarti *Djaka Lodang* warsa 2016.
6. Ancas panganggening polisemi ing rubrik pawarta kalawarti *Djaka Lodang* warsa 2016.

C. Watesaning Prekawis

Adhedhasar underaning prekawis wonten nginggil, supados panaliten katindakaken langkung *tuntas* satemah prekawis dipunwatesi. Bab kasebat badhe dipunandharaken ing ngandhap menika.

1. Wujuding tembung ingkang ngewrat polisemi ing rubrik pawarta kalawarti *Djaka Lodang* warsa 2016.
2. Jinising tembung ingkang ngewrat polisemi ing rubrik pawarta kalawarti *Djaka Lodang* warsa 2016.

3. *Tipe* gegayutan tegesing tembung ingkang ngewrat polisemi ing rubrik pawarta kalawarti *Djaka Lodang* warsa 2016.

D. Wosing Prekawis

Adhedhasar watesaning prekawis satemah nuwuhaken wosing prekawis ing panaliten menika, ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Menapa kemawon wujud ingkang ngewrat polisemi ing rubrik pawarta kalawarti *Djaka Lodang* warsa 2016?
2. Menapa kemawon jinising tembung ingkang ngewrat polisemi ing rubrik pawarta *Djaka Lodang* warsa 2016?
3. Kados pundi *tipe* gegayutan tegesing tembung ingkang ngewrat polisemi ing rubrik pawarta kalawarti *Djaka Lodang* warsa 2016?

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar wosing prekawis saged dipunwastani bilih ancasing panaliten inggih menika.

1. Ngandharaken wujud ingkang ngewrat polisemi ing rubrik pawarta kalawarti *Djaka Lodang* warsa 2016.
2. Ngandharaken jinising tembung ingkang ngewrat polisemi ing rubrik pawarta kalawarti *Djaka Lodang* warsa 2016.
3. Ngandharaken *tipe* gegayutan tegesing tembung ingkang ngewrat polisemi ing rubrik pawarta kalawarti *Djaka Lodang* warsa 2016.

F. Paedahing Panaliten

Asil saking panaliten dipunajab saged suka gambaran tiyang ingkang remen maos kalawarti kangge negesi wosing wacana. Mliginipun wacana ingkang ngginakaken tetembungan polisemi. Asil panaliten ugi saged nambah *referensi* wonten ing babagan basa, mliginipun ingkang gayut kaliyan tembung polisemi dipuntingali saking babagan semantik ugi saged dados *referensi* kangge panaliten ingkang satunggal jinis.

G. Pangertosan

1. Polisemi

Polisemi inggih menika wujuding tembung utawi frasa ingkang gadhah teges langkung saking setunggal.

2. Rubrik pawarta

Rubrik pawarta inggih menika perangan salebeting kalawati utawi koran ingkang ngewrat pawarta bab politik, hukum, ekonomi, pariwisata, pawiyatan, lsp.

3. Kalawarti *Djaka Lodang*

Kalawarti *Djaka Lodang* inggih menika satunggaling kalawarti Jawi ingkang ngewrat sedaya bab pawarta saha sastra ingkang basanipun Jawi. Dipunpangarsani dening Abdulloh Purwo Darsono saha Almarhum Kusfandi, ingkang terbit saben dinten Setu. Kalawarti *Djaka Lodang* saged terbit sekawan dumugi gangsal saben wulan.

4. Polisemi ing rubrik pawarta kalawarti *Djaka Lodang* warsa 2016

Polisemi ing rubrik pawarta kalawarti *Djaka Lodang* warsa 2016 inggih menika satunggaling panaliten ingkang dipuntindakaken kangge madosi panganggening tembung utawi frasa ing salebeting ukara ingkang gadhah teges langkung saking setunggal ing rubrik pawarta kalawarti *Djaka Lodang* warsa 2016.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Andharan Teori

1. Semantik

Miturut Chaer (2014: 284-285) ngelmu bab basa kaperang dados tiga inggih menika fonologi, gramatika saha semantik. Gayut kaliyan panaliten menika, ngelmu bab basa ingkang badhe dipunteliti inggih menika semantik. Tembung semantik dipunpendhet saking basa Yunani, *sema* (tembung aran) tegesipun tandha/lambang. Miturut Zunairoh (2014: 1) semantik inggih menika mujudaken satunggaling teges tembung. Andharan kasebat jumbuh kaliyan andharanipun Verhaar, Verhaar (2010: 385) ngandharaken bilih semantik inggih menika satunggaling ngelmu basa (linguistik) ingkang nyinau bab tegesing tembung.

Lyons (lumantar Pelawi, 2009: 147) ugi ngandharaken pangertosan ingkang sami “*Semantics is traditionally defined as the study of meaning.*” utawi semantik inggih menika ngelmu ingkang nyinau bab teges. Pamanggih ingkang sami ugi dipunandharaken dening Crystal (lumantar Pelawi, 2009: 147) “*Semantics is a major branch of linguistics devoted to the study of meaning in language.*” utawi semantik inggih menika satunggaling ngelmu bab basa ingkang nyinau bab tegesing tembung. Sudiro (2014: 4) ugi ngandharaken bab pangertosan semantik ingkang langkung jangkep, andharanipun inggih menika semantik mujudaken satunggaling ngelmu basa ingkang nyinau bab tegesing tembung ing salebeting ukara adhedhasar konteksipun. Adhedhasar saking pamanggihipun para ahli ing nginggil saged

dipunpendhet dudutan bilih semantik inggih menika satunggaling ngelmu basa ingkang ngrembag bab tegesing tembung. Tegesing tembung ingkang dipunrembag dipunlandhesi *konteks* ukara ingkang dipunginakaken ing salebeting tembung.

Miturut Sudiro (2014: 15) wonten mapinten-pinten jinis gegayutan tegesing satunggal tembung kaliyan tegesing tembung sanes, inggih menika homonimi (*kelainan makna*), sinonimi (*kesamaan makna*), hiponimi (*ketercakupan makna*), antonimi (*kebalikan makna*), saha polisemi (*keberagaman makna*). Andharan bab jinis-jinis gegayutan tegesing satunggal tembung kaliyan tegesing tembung sanes dipunandharaken ing ngandhap menika.

a. Homonimi

Miturut Verhaar (2010: 394) homonimi saged dipungambaraken kados *X* saha *Y* ingkang gadhah teges beda ananging wujudipun sami. Andharan sanes ingkang sami suraosipun inggih menika andharan saking Chaer, Chaer (2014: 302) ngandharaken bilih homonimi inggih menika kalih tembung ingkang gadhah wujud sami ananging tegesipun beda. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pamanggih Allan (lumantar Sudiro, 2014: 16) ingkang ngandharaken.

“Homonimi is a relation holding between two or more etic expression thet have some form but a different meaning”.

Andharan kasebat jumbuh kaliyan pamanggihipun Sudiro, Sudiro (2014: 15) ngandharaken bilih homonimi inggih menika mujudaken *satuan lingual* ingkang gadhah swanten sami ananging gadhah teges ingkang beda. Adhedhasar andharan wonten nginggil saged dipunwastani bilih homonimi inggih menika satunggaling tembung ingkang sami anggenipun nyerat saha nyawantenaken

ananging gadhah teges beda. Homonimi dipunperang dados homofon saha homograf, ingkang dipunperang adhedhasar swanten anggenipun nglafalaken saha *ejaan* ingkang sami (Sudiro, 2014: 16-17). Tuladha homonimi ing basa Jawi inggih menika tembung *waja* sami anggenipun ngeja saha nywantenaken ananging gadhah teges ingkang beda inggih menika ‘untu’ (*gigi*) saha ‘wesi’ (*baja*). Tuladha tembung *waja* ing salebeting ukara badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

(a) *Peso iki digawe saka **waja** mulane landhep banget.* (Sudiro, 2014: 16)


(b) *Bu Guru ora rawuh jalaran lagi gerah **waja**.* (Sudiro, 2014: 16)

Tembung *waja* ing ukara ‘*Peso iki digawe saka **waja** mulane landhep banget.*’ ateges ‘wesi’ (*baja*), wondene ing ukara ‘*Bu Guru ora rawuh jalaran lagi gerah **waja**.*’ ateges ‘untu’ (*gigi*). Adhedhasar andharan kasebat tembung *waja* kalebet tembung homonimi, amargi anggenipun nglafalaken saha *ejaan*-ipun sami.

b. Sinonimi

Miturut Chaer (2014: 297) sinonim utawi sinonimi inggih menika kalih tembung utawi langkung ingkang gadhah teges sami. Pamanggih ingkang beda dipunandharaken Verhaar, Verhaar (2010: 394) ngandharaken bilih *X* saha *Y* gadhah teges ingkang radi sami. Pamanggih kasebat jumbuh kaliyan pamanggih saking Sudiro (2014: 54) ingkang ngandharaken sinonimi inggih menika kalih leksem utawi langkung ingkang gadhah teges sami, ananging boten sedaya peranan menika sami. Adhedhasar sedaya andharan kasebat saged dipunwastani bilih sinonimi inggih menika kalih leksem utawi langkung ingkang

beda panyertanipun, ananging gadhah teges ingkang radi sami. Tuladha sinonimi ing basa Jawi inggih menika tembung *adang* ingkang gadhah teges ‘*menanak nasi*’, kaliyan tembung *ngliwet* ateges ‘*menanak nasi*’. Kalih tembung kasebat ngewrat teges ingkang sami ananging boten persis sami. Gayutanipun tegesing setunggal tembung kaliyan tembung sanes kanthi sinonimi saged dipungambaraken kados ing ngandhap menika.




Gambar 1. Gambaraning sinonimi (Sudiro, 2014: 18)

Adhedhasar gambar wonten nginggil saged dipunwastani bilih perangan I kaliyan II nedahaken wujud gayutanipun tegesing setunggal tembung kaliyan tegesing tembung sanes kanthi sinonimi. Gegayutaning tembung I saha tembung II dipungambaraken kanthi perangan ingkang dipunarsir inggih menika awujud tegesing tembung. Wonten gambar perangan ingkang boten dipunarsir nedahaken perangan ingkang boten wonten gegayutanipun. Perangan ingkang boten gadhah gegayutan inggih menika undha-usukipun tembung nalika dipunginakaken (*tingkat keformalan, tingkat kesopanan*), fungsi, saha papan (Chaer, 2014: 298-299).

c. Hiponimi

Miturut Verhaar (2010: 394) hiponimi dipungambaraken *X* mujudaken perangan saking *Y*. Pamanggih kasebat sami kaliyan pamanggihipun Chaer (2014: 305) ingkang ngandharaken bilih hiponimi inggih menika tegesing setunggal tembung ingkang dados perangan saking tegesing tembung sanes. Sudiro (2014: 18) ngandharaken pamanggih ingkang radi beda, pamanggihipun inggih menika hiponimi mujudaken setunggal tembung ingkang nedahaken tegesing mapinten-pinten tembung. Adhedhasar andharan wonten nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih hiponimi inggih menika setunggal tembung ingkang dados perangan tegesing tembung sanes utawi nedahaken tegesing mapinten-pinten tembung. Tuladha hiponimi ing basa Jawi inggih menika tembung *kembang* mujudaken teges saking mapinten-pinten tembung kadosta ‘kanthil, wora-wari, kenanga, mawar’. Gegayutan tegesing setunggal tembung kaliyan tegesing sanes tembung kanthi hiponimi saged dipungambaraken kados ing ngandhap menika.



Gambar 2. gambaraning hiponimi (Sudiro, 2014: 18)


Adhedhasar gambar wonten nginggil saged dipunwastani bilih aksara A nedahaken tembung *kembang*. Aksara B, C, D, E nedahaken wujudipun *kembang* inggih menika ‘kanthil, wora-wari, kenanga, mawar’. Adhedhasar

andharan kasebat saged dipunpendhet dudutan bilih kanthil, mawar, wora-wari, kenanga ingkang dipunsulih aksara B, C, D, E kalebet hiponimipun tembung *kembang* ingkang dipunsulih aksara A.

d. Antonimi

Miturut Chaer (2014: 299) antonim utawi antonimi inggih menika satunggaling teges tembung ingkang dados walikanipun saking tembung sanes. Sudiro (2014: 18) ugi ngandharaken andharan ingkang sami, antonimi inggih menika tegesing setunggal leksem ingkang dados walikanipu nteges saking leksem sanes. Kados ingkang dipunandharaken dening Verhaar (2010: 395) bilih antonimi inggih menika kalih tembung ingkang gadhah teges beda/walikanipun. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunpendhet dudutan bilih antonimi inggih menika teges satunggaling tembung ingkang dados walikanipun saking teges tembung sanes. Antonimi dipunperang dados tigang jinis inggih menika *apositif*, *resersif*, saha *conversif*. Tuladhanipun antonimi ing basa Jawi kadosta tembung *apik* ateges ‘baik’ kaliyan *ala* ateges ‘jelek’, *dhuwur* ><*cendhek*, *gedhe* ><*cilik* kalebet antonimi apositif.

Tuladha antonimi ing basa Jawi sanesipun inggih menika ing tembung *naleni* ateges ‘*mengikat*’ kaliyan *nguculi* ateges ‘*melepaskan*’, *nutup* ><*mbukak*, kalebet antonimi reversif. Tuladha antonimi ingkang kalebet conversif ing basa Jawi inggih menika ing tembung *nuku* ateges ‘*membeli*’ kaliyan *ngedol* ateges ‘*menjual*’, *njaluk* ><*menehi*. Antonimi saged dipungambaraken kados ing gandhap menika.




Gambar 3. gambaraning antonimi (Sudiro, 2014: 19)

Gambar wonten nginggil dipunginakaken kangge nggambaraken gayutanipun tegesing setunggal tembung kaliyan teges tembung sanes kanthi antonimi. Tandha *panah* mujudaken *tipe* antonimi *apositif*, *reversif* saha *conversif*. Maksud saking gambar inggih menika tegesing tembung A kanthi *apositif*, *reversif* saha *conversif* mujudaken walikanipun saking tegesing tembung B utawi walikanipun. Tegesing tembung B kanthi *apositif*, *reversif* saha *conversif* mujudaken walikanipun saking tegesing tembung A.

e. Polisemi

Polisemi inggih menika tembung ingkang gadhah teges langkung saking setunggal (Chaer, 1995: 104). Andharan kasebat jumbuh kaliyan andharanipun Sudiro (2014: 32) ingkang ngandharaken bilih polisemi inggih menika tembung ingkang gadhah mapinten-pinten teges sami saha gadhah gegayutan. Tuladha polisemi ing basa Jawi inggih menika tembung *sikil* ingkang ateges ‘*kaki*’, saged dipunwastani bilih *sikil* inggih menika perangan badan ingkang dipunginakaken kangge mlampah. Tembung *sikil meja* ateges ‘*kaki meja*’ inggih menika perangan meja ingkang dipunginakaken kangge cagak supados meja saged ngadeg. Polisemi saged dipungambaraken kados ing ngandhap menika.



Gambar 4. Gambaraning polisemi (Sudiro, 2014: 17)

Gambar wonten nginggil nedahaken gayutanipun tegesing setunggal tembung kaliyan tembung sanes kanthi polisemi. Adhedhasar gambar kasebat saged dipunwastani bilih polisemi inggih menika setunggal tembung ingkang gadhah teges langkung saking setunggal. Tegesing tembung polisemi antawisipun setunggal teges kaliyan teges sanes gadhah gegayutan ingkang dipunpilah dados maneka warni *tipe* gegayutan tegesing tembung polisemi.

Sedaya jinis gegayutanipun tegesing setunggal tembung kaliyan tembung sanes wonten nginggil, polisemi dados bahan kaji ingkang badhe dipunrembag kanthi *tuntas* ing bab salajengipun. Kajian polisemi kedah dipuntindakaken kanthi teliti, supados boten lepat anggenipun negesaken tembung adhedhasar *konteks* ukaranipun. Polisemi badhe dipunrembag ing ngandhap menika.

2. Polisemi

Polisemi inggih menika tembung ingkang gadhah teges langkung saking setunggal (Chaer, 2014: 301). Andharan kasebat jumbuh kaliyan andharanipun Sudiro (2014: 5) polisemi inggih menika tembung ingkang gadhah teges langkung saking setunggal, amargi dipunginakaken ing *konteks* ingkang beda.

Allan (lumantar Wijana, 2008: 61) ugi ngandharaken bilih “*The property of an emic expression with more than one meaning*” ingkang ateges polisemi inggih menika satunggaling tuturan ingkang gadhah teges langkung saking setunggal. Pamanggih kasebat jumbuh kaliyan pamanggihipun Sukmawati (2008: 7) ingkang ngandharaken bilih polisemi inggih menika tembung ingkang gadhah teges langkung saking setunggal.

Kridalaksana (lumantar Wijana, 2008: 60) ugi gadhah pamanggih bilih polisemi inggih menika tembung ingkang dipunginakaken ing salebeting ukara ananging gadhah teges ingkang beda adhedhasar *konteks* ukaranipun. Adhedhasar pamanggih para ahli wonten nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih polisemi inggih menika tembung ingkang dipunginakaken ing salebeting ukara saha ngewrat teges ingkang beda-beda gumantung *konteks* ukaranipun. Sudiro (2014: 59-68) nyebataken bilih tuwuhipun polisemi kadyan saking gangsal prekawis, ingkang badhe dipunandharaken wonten ngandhap menika.

1) Ewah anggenipun ngginakaken

Polisemi inggih menika satunggaling tembung utawi frasa ingkang gadhah mapinten-pinten teges. Bab kasebat jalaran anggenipun ngginakaken tembung adhedhasar *konteks* ukara ingkang beda-beda. Tuladhanipun tembung *urip* ateges ‘*hidup*’ gadhah mapinten-pinten teges, kadosta ing ukara ngandhap menika.

- (a) Lampune isih **urip** nanging jendhelane wis dibukak, apa turu maneh si Jaka. (Sudiro, 2014: 60)
- (b) Jame **urip** nanging lakune rendhet, mulane ora cocog. (Suudiro, 2014: 60)

- (c) Kewan kuwi wis ilang **uripe** ketara wis ora gelem obah meneh. (Sudiro, 2014: 60)

Tembung *urip* ing ukara wonten nginggil dipunginakaken adhedhasar konteks ukara ingkang beda satemah ugi gadhah teges ingkang beda-beda. Tembung *urip* ing ukara '*Lampune isih **urip** nanging jendhelane wis dibukak, apa turu maneh si Jaka*' gayutanipun kaliyan lampu ateges '*menyala*'. Ing ukara '*Jame **urip** nanging lakune rendhet, mulane ora cocog*' tembung *urip* gayutanipun kaliyan pirantos ingkang gadhah mesin kadosta arloji, motor satemah ateges '*tidak berhenti*'. Tembung *urip* ing ukara '*Kewan kuwi wis ilang **uripe** ketara wis ora gelem obah meneh*' ateges '*nyawa*'.

2) *Spesialisasi ing papan sosial*

Basa ingkang dipunginakaken tetiyang saged ewah miturut *dinamika* saking panuturipun. Tuladhanipun panganggening tembung ing setunggal papan kaliyan papan sanesipun anggenipun ngginakaken wujudipun sami, ananging tegesipun beda. Tuladhanipun tembung *layang* ingkang dipunginakaken ing ukara ngandhap menika.

- (a) **Layang** lemah pekaranganku wis tak enggo kanggo jaminan utang ing BRI. (Sudiro, 2014: 64)
- (b) Nek ngedol emas-emasan lan sapanunggalane kudu ana **layange**, yen ora ana layange regane murah. (Sudiro, 2014: 64)
- (c) Nek arep ijin kudu ana **layang** dhokter sing resmi. (Sudiro, 2014: 64)

Tembung *layang* ing ukara '***Layang** lemah pekaranganku wis tak enggo kanggo jaminan utang ing BRI*' gayutanipun kaliyan lemah saha griya. Ing ukara

'Nek ngedol emas-emasan lan sapanunggalane kudu ana layange, yen ora ana layange regane murah' gayutanipun kaliyan sesadean ingkang ateges *'surat tanda jual beli'*. Tembung *layang* ing ukara *'Nek arep ijin kudu ana layang dhokter sing resmi'* gayutanipun kaliyan dokter ateges *'surat keterangan'*.

3) Basa Figuratif

Panganggening setunggal tembung adhedhasar konteks ukaranipun saged nuwuhaken maneka warni teges *figuratif*, ananging asring dipunpanggiaken bilih teges pokok saking tembung kasebat taksih ketingal. Bab kasebat dipunginakaken kanthi sarat boten nedahaken pamaos dados bingung (Sudiro, 2014: 65). Tuladhanipun tembung *silit* ingkang ateges *'dubur'* gadhah teges *figuratif* *'perangan pirantos ingkang ngandhap'* tuladhanipun *silit ketel*. Tuladha sanesipun inggih menika tembung *kulit* ingkang ateges *'bagian paling luar penutup kulit atau kayu'* saged dipunginakaken kanthi *figuratif* kangge nedahaken perangan jawi satunggaling pirantos, kadosta *kulit buku*, *kulit kalawarti*. Adhedhasar andharan wonten nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih panganggening tembung kanthi *figuratif* dipunlandhesi dening teges pokok tembung kasebat.

4) Nafsiraken Pasangan Homonim

Kalih tembung utawi langkung ingkang gadhah wujud kaliyan anggenipun nywantenaken sami saha gadhah teges ingkang beda ananging asipat sami asring dipunsebat polisemi (Sudiro, 2014: 66). Tuladhanipun tembung *waja* ingkang ateges *'untu' (gigi)* saha *'wesi' (baja)*, dipunanggep polisemi adhedhasar sipatipun ingkang sami-sami atos.

5) *Pengaruh saking Basa Sanes*

Tembung utawi frasa ing satunggaling basa wonten ingkang gadhah gegayutan kaliyan tembung utawi frasa ing basa sanes. Gegayutanipun inggih menika bab tegesipun. Bab kasebat ndayani nalika satunggaling tembung utawi frasa dipunginakaken nedahaken wujud ingkang sami ananging gadhah teges ingkang beda. Tuladhanipun tembung *sorot* ing basa Jawi gadhah teges '*sinar yang menyorot*' saha '*dian (lampu) corong*'. Sasampunipun wonten tembung *film* '*bioskop*' saking basa Inggris, tembung *sorot* ing basa Jawi gadhah teges ingkang langkung wiyar. Tuladhanipun ing ukara ngandhap menika.

Wingi sore aku ketemu kowe nonton **sorot** karo pacarmu ing Gedung Permata (Sudiro, 2014: 67).

Tembung *sorot* ing ukara wonten nginggil dipunginakaken kangge nedahaken '*film*', asringdipunginakaken dening tetiyang ingkang griyanipun wonten desa. Sedaya andharan wonten nginggil jumbuh kaliyan pamanggihipun Wijana (2008: 65) ingkang ngandharaken bilih tuwuhipun polisemi dipundayani gangsal prekawis, inggih menika.

1. Ewah anggenipun ngginakaken (*Shift in application*)
2. *Spesialisasi* ing salebeting lingkungan sosial (*specialization in social milliew*)
3. Basa *figuratif* (*figuratif language*)
4. Nafsiraken pasangan homonim (*homonym reinterpreted*)
5. *Pengaruh* basa sanes (*foreign influence*)

Adhedhasar andharan wonten nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih tuwuhipun polisemi dipundayani gangsal prekawis inggih menika ewahanggenipun ngginakaken, *spesialisasi* ing papan sosial, basa *figuratif*, nafsiraken *homonimi*, saha *pengaruh* basa sanes. Miturut Ullmann (lumantar Wijana, 2008: 66) prekawis ingkang ndayani tuwuhipun polisemi dipunperang dados kalih inggih menika *faktor primer* saha *faktor sekunder*. Ingkang kalebet *faktor primer* inggih menika ewahanggenipun ngginakaken, *spesialisasi* ing papan sosial, saha basa *figurative*. Ingkang kalebet *faktor sekunder* inggih menika nafsiraken *homonimi* saha *pengaruh* basa sanes. Ullmann (lumantar Wijana, 2008: 60) ugi ngandharaken bilih tuwuhipun polisemi asring namung dipundayani dening *faktor primer* kemawon, wondene *faktor sekunder* namung dipunginakaken menawi wonten prekawis ingkang asipat *aksidental*.

3. Wujuding Tembung ingkang Ngewrat Polisemi

Wujuding tembung ing basa Jawi kaperang dados sekawan inggih menika tembung lingga, andhahan, rangkep saha camboran (Sasangka, 2011: 38). Adhedhasar andharan kasebat saha gayut kaliyan underaning prekawis ing panaliten menika badhe dipunrembag wujuding tembung ingkang ngewrat polisemi. Bab kasebat badhe dipunandharake ing ngandhap menika.

a. Polisemi Awujud Tembung Lingga

Miturut Subalidinata (1994: 1) pangertosan tembung lingga inggih menika tembung ingkang dereng ewah saking asalipun. Andharan sanes bab tembung lingga ugi dipunandharaken Poerwadarminta (1953: 18) ingkang ngandharaken

tembung lingga inggih menika tembung ingkang boten dipunparingi ater-ater saha boten ngangge panambang. Tembung lingga saged dipunwastani *morfem bebas*, saged awujud setunggal wanda, kalih wanda, utawi tigang wanda. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung lingga inggih menika tembung ingkang dereng ewah saking asalipun utawi dereng katambahan ater-ater, seselan saha panambang. Tuladhanipun tembung lingga inggih menika *gong, pari, saha padharan*.

Polisemi ingkang awujud tembung lingga inggih menika polisemi ingkang tembungipun dereng katambahan ater-ater utawi panambang. Tuladha polisemi ingkang awujud tembung lingga dipunandharaken ing ngandhap menika.

- (a) Kanggo njaga kesehatan, becike aja **idu** ing sadhengah papan (Sudiro, 2014: 23)
- (b) Mesthine rak ora ana wong sing seneng weruh **idu** mblader ing jogan, mesthi jijik ta? (Sudiro, 2014: 23)

Adhedhasar ukara wonten nginggil saged dipunwastani bilih tembung *idu* gadhah teges ingkang beda-beda. Tembung *idu* ing ukara '*Kanggo njaga kesehatan, becike aja idu ing sadhengah papan*' ateges 'ngidu' (*meludah*), wondene ing ukara '*Mesthine rak ora ana wong sing seneng weruh idu mblader ing jogan, mesthi jijik ta?*' ateges 'idu' (*ludah*). Tembung *idu* ing ukara nginggil gadhah gegayutan ingkang nedahaken wujud banyu saking badanipun manungsa. Tembung '*idu*' kalebet polisemi amargi setunggal tembung gadhah teges langkung saking setunggal, ugi kalebet polisemi ingkang awujud tembung lingga.

b. Polisemi Awujud Tembung Andhahan

Miturut Subalidinata (1994: 2) tembung andhahan inggih menika tembung ingkang sampun ewah saking asalipun. Pamanggih kasebat jumbuh kaliyan pamanggihipun Sasangka (2011: 40-41) ingkang ngandharaken bilih tembung andhahan inggih menika tembung ingkang sampun ewah saking asalipun amargi karaketan wuwuhan, karangkep, utawi kagabung. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunpendhet dudutan bilih tembung andhahan inggih menika tembung ingkang kadadosan saking tembung lingga ingkang karaketan ater-ater, seselan, panambang utawi wuwuhan sesarengan. Bab kasebat badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a. Ater-ater (*Prefiks*)

Miturut Subalidinata (1994: 2) ater-ater inggih menika wuwuhan ingkang mapan ing sangajengipun tembung lingga. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pamanggihipun Nurhayati (2001: 12) ingkang ngandharaken bilih ater-ater inggih menika wuwuhan ingkang mapan ing ngajeng. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunpendhet dudutan bilih pangertosan ater-ater inggih menika wuwuhan ingkang mapanipun wonten ngajeng, inggih menika sangajengipun tembung lingga.

b. Seselan (*Infiks*)

Miturut Subalidinata (1994: 2) seselan inggih menika wuwuhan ingkang mapan ing tengah-tengahing tembung lingga. Andhahar kasebat gayut kaliyan pamanggihipun Nurhayati (2001: 23) ingkang ngandharaken bilih seselan inggih menika wuwuhan ingkang mapan wonten tengah. Andharan sanes bab seselan

dipunandharaken dening Poedjosoedarmo (2015: 248) ingkang ngandharaken bilih papanipun seselan inggih menika ing wanda kapisan saking tembung lingga. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunpendhet dudutan bilih seselan inggih menika wuwuhan ingkang mapan wonten tengah-tengahing utawi wanda kapisan tembung lingga.

c. Panambang (*Sufiks*)

Miturut Subalidinata (1994: 2) panambang inggih menika wuwuhan ingkang mapan ing sakwingkingipun tembung lingga. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pamanggihipun Nurhayati (2001: 25) ingkang ngandharaken bilih panambang inggih menika wuwuhan ingkang mapan wonten wingking. Adhedhasar andharan wonten nginggil saged dipunwastani bilih panambang inggih menika wuwuhan ingkang mapan wonten wingkingipun tembung lingga utawi tembung ingkang dipunparingi panambang..

d. Wuwuhan Sesarengan/ Gantosan utawi *Konfiks/Simulfiks*

Miturut Nurhayati (2001: 30) *konfiks* utawi *simulfiks* inggih menika wuwuhan ingkang dipunginakaken kanthi sesarengan utawi gantosan. Wujudipun *konfiks* utawi *simulfiks* inggih menika ater-ater dipunginakaken sareng kaliyan panambang saha seselan dipunginakaken sareng kaliyan panambang. Andharan kaebat jumbuh kaliyan pamanggihipun Poedjosoedarmo (2015: 255) ingkang ngandharaken bilih *simulfiks* inggih menika wuwuhan ingkang dipunginakaken kanthi cara dipungabung, tuladhanipun ke-en, per-an, ka-an, lsp. Adhedhasar andharan wonten nginggil saged dipunwastani bilih *konfiks* utawi *simulfiks* inggih menika wuwuhan ingkang dipunginakaken kanthi ssesarengan utawi gantosan,

awujud ater-ater ingkang dipunginakaken sareng kaliyan panambang saha seselan dipunginakaken sareng kaliyan panambang. Gayut kaliyan sedaya andharan wonten nginggil Sudaryanto (1992: 25) ngandharaken bilih jinising ater-ater, seselan, panambang saha *konfiks* utawi *simulfiks* saged dipungambaraken mawi tabel kados ing ngandhap menika.

Tabel 1. daftar wuwuhan

Ater-ater (prefiks)	Seselan (Infiks)	Panambang (Sufiks)	Wuwuhan sesarengan (konfiks/simulfiks)
N ⁻¹ di ⁻¹ tak ⁻¹ kok ⁻¹ ma ⁻¹ mer ⁻¹ ka ⁻¹ ke ⁻¹ a ⁻¹ aN ⁻¹ sa ⁻³ paN ⁻² pa ⁻² pi ⁻² pra ⁻² kuma ⁻¹ kapi ⁻¹	-um ⁻¹ -in ⁻¹ -el ⁻¹ -er ⁻¹	-i ⁻¹ -ake ⁻¹ -a ⁻¹ -en ⁻¹ -na ⁻¹ -ana ⁻¹ -an ⁻⁴ -e ⁻⁴	ka-/an ⁻⁴ -in-/an ⁻¹ ke-/an ⁻¹ ke-/en ⁻³ paN-/an ⁻² pa-/an ⁻² pi-/an ⁻² pra-/an ⁻² tak-/ane ⁻¹ tak-/ke ⁻¹ tal-/e ⁻¹ kami-/en ⁻¹ sa-/e ⁻³

Katrangan: 1 – dipunginakaken kangge ndhapuk tembung kriya (*verba*),
 2 – dipunginakaken kangge ndhapuk tembung aran (*nomina*),
 3 – dipunginakaken kangge ndhapuk tembung sanesipun kriya (*verba*) saha aran (*nomina*),
 4 – dipunginakaken kangge ndhapuk tembung kriya (*verba*), aran (*nomina*), saha sanesipun. (Sudaryanto, 1992:25)

Tuladha polisemi ing basa Jawi ingkang awujud tembung andhahan kados ing ngandhap menika.

(a) Radio iki **unine** apik (Sudiro, 2014: 11)

- (b) *Jeng Sri wis prasapa marang bapake, **unine** tembung, “Rama kula aluwung pejah menawi boten dipunomah-omahaken kaliyan Mas Bagus.”* (Sudiro, 2014: 11)

Adhedhasar ukara wonten nginggil saged dipunwastani bilih tembung *unine* gadhah teges ingkang beda-beda. Tembung *unine* ing ukara ‘*Radio iki **unine** apik*’ ateges ‘swara’ (*suara*). Ing ukara ‘*Jeng Sri wis prasapa marang bapake, **unine** tembung, “Rama kula aluwung pejah menawi boten dipunomah-omahaken kaliyan Mas Bagus.”*’ ateges ‘micara’ (*bicara*). Tembung ‘*unine*’ ing ukara nginggil gadhah gegayutan ingkang nedahaken wujud ingkang dipunasilaken dening subyek/jejer. Tembung *unine* kalebet polisemi amargi setunggal tembung gadhah teges langkung saking setunggal, ugi kalebet polisemi ingkang awujud tembung andhahan.

c. Polisemi Awujud Tembung Camboran

Miturut Poerwadarminta (1953:27) tembung camboran inggih menika kalih tembung utawi langkung ingkang dipungandheng dados setunggal saha gadhah setunggal teges. Miturut Antonsuhono (1953: 41) tembung camboran inggih menika kalih tembung utawi langkung ingkang dipungandheng dados setunggal, wondene tembung menika wonten ingkang wutuh saha cekakan (camboran wutuh saha camboran tugel). Pamanggih kasebat gayut kaliyan pamanggihipun Subalidinata (1994: 94) ingkang ngandharaken bilih tembung camboran inggih menika setunggal tembung utawi langkung ingkang dipunginakaken sesarengan, sasampunipun dipuncambor tembung kasebat gadhah setunggal pangertosan utawi setunggal teges. Pamanggih ingkang sami ugi dipunandharaken Nurhayati (2001:49) ingkang ngandharaken tembung

camboran inggih menika kalih tembung utawi langkung ingkang dipungabung saha nedahaken setunggal teges, wondene tegesing tembung ingkang asli ugi wonten ingkang taksih ketingal. Adhedhasar sedaya andharan wonten nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih tembung camboran inggih menika setunggal tembung utawi langkung ingkang dipunginakaken sesarengan, sasampunipun dipuncambor gadhah setunggal teges.

Tembung camboran kaperang dados kalih inggih menika camboran tugel saha camboran wutuh (Subalidinata, 1994: 94). Nurhayati (2001: 49) ugi ngandharaken bilih tembung camboran kaperang dados kalih inggih menika camboran wutuh saha camboran tugel. Adhedhasar andharan kasebat tembung camboran ingkang dipunginakaken ing panaliten menika wonten kalih inggih menika camboran wutuh saha camboran tugel, ingkang badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1) Camboran wutuh

Miturut Nurhayati (2001: 50) camboran wutuh inggih menika tembung camboran awujud kalih tembung utawi langkung ingkang dipunginakaken sesarengan, boten dipuncetak saha nedahaken setunggal teges. Tuladhanipun camboran wutuh inggih menika carang gesing (*sebutan makanan*), arum manis (*sebutan makanan*), uler jaran (*sebutan nama ular*), kutut manggung (*sebutan lagu*).

2) Camboran tugel

Miturut Nurhayati (2001: 51) camboran tugel inggih menika tembung camboran ingkang kadhapuk saking kalih tembung ananging dipunccekak. Tuladhanipun camboran tugel inggih menika yungis (ngguyu nagis), thukmis (bathuk klimis), wadhak (dawa cendhak), mupek (ketemu dipek). Tuladha polisemi ingkang awujud tembung camboran inggih menika kados ing ngandhap.

(a) *Alise kaya **arca candra***. (Bandana, 2002: 77)
(Alisnya seperti bulan sabit.)

(b) *Bagian ngisor ulu candra jenenge **arca candra***. (Bandana, 2002: 77)
(Bagian bawah ulu candra dinamai arca candra.)

Adhedhasar ukara wonten nginggil saged dipunwastani bilih tembung *arca candra* gadhah teges ingkang beda-beda. Tembung *arca candra* ing ukara ‘*Alise kaya **arca candra***.’ ateges ‘*bulan sabit*’. Ing ukara ‘*Bagian ngisor ulu candra jenenge **arca candra***.’ ateges ‘*bagian dari ulu candra bernama arca candra*’. Tembung *arca candra* ing ukara nginggil gadhah gegayutan ingkang nedahaken wujuding perangan saking satunggaling badan/ pirantos. Tembung *arca candra* kalebet polisemi amargi setunggal tembung gadhah teges langkung saking setunggal, ugi kalebet polisemi ingkang awujud tembung camboran.

d. Polisemi Awujud Tembung Rangkep

Miturut Poedjosoedarmo (2015:251) tembung rangkep inggih menika tembung ingkang kadhapuk amargi tembung kasebat dipunrangkep. Pamanggih kasebat jumbuh kaliyan pamanggihipun Nurhayati (2001:38) ingkang ngandharaken bilih proses pandhapuking tembung kanthi ngrangkep tembung

kasebat, perangan ingkang saged dipunrangkep inggih menika saged sedaya perangan tembung, perangan ngajeng tembung, perangan wingking tembung utawi ugi saged dipunparingi *afiks*. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunpendhet dudutan bilih tembung rangkep inggih menika wujud ing tembung ingkang dipundhapuk kanthi ngrengkep tembung kasebat, perangan ingkang saged dipunrangkep inggih menika sedaya perangan tembung, perangan wingking tembung, perangan ngajeng tembung, saha dipunparingi *afiks*.

Miturut Nurhayati (2001: 39) tembung rangkep dipunperang dados pitu inggih menika (1) dipunrangkep sedaya perangan tembung/ dwilingga, (2) dipunrangkep kanthi ngribah aksara vokal utawi konsonan/ dwilingga salin swara, (3) dipunrangkep perangan ngajeng tembung/ dwipurwa, (4) dipunrangkep perangan wingking tembung/ dwiwasana, (5) dipunrangkep kanthi paring afiks, (6) dipunrangkep kanthi semu, (7) dipunrangkep kanthi semantis. Poedjosodarmo (2015: 251) ugi ngandharaken *tipe* tembung rangkep wonten gangsal inggih menika (1) dwipurwa, (2) dwilingga, (3) dwilingga salin swara, (4) dipunrangkep kanthi paring afiks, saha (5) dwiwasana. Adhedhasar andharan wonten nginggil *tipe* tembung rangkep ingkang dipunginakaken ing panaliten inggih menika (1) dwilingga, (2) dwilingga salin swara, (3) dwipurwa, (4) dwiwasana, saha (5) dipunrangkep kanthi paring afiks. Bab kasebat badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1) Dwilingga

Dwilingga utawi asring dipunsebat *dua* lingga inggih menika tembung lingga ingkang sedaya peranganipun dipunrangkep (Nurhayati, 2001: 40). Pamanggih kasebat jumbuh kaliyan pamanggihipun Poedjosoedarmo (2015: 252) ingkang ngandharaken bilih dwilingga inggih menika *proses* ndhapuk tembung rangkep kanthi cara ngrangkep sedaya perangan tembung kasebat. Adhedhasar andharan wonten nginggil saged dipunwastani bilih dwilingga inggih menika kalih tembung ingkang dipunrangkep kanthi ngrangkep sedaya perangan tembung. *Proses* anggenipun ngrangkep tembung menika saged nedahaken mapinten-pinten jinis tembung inggih menika tembung kriya, tembung aran saha tembung sipat. Tuladha tembung dwilingga badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

udan + R = udan-udan '*hujan-hujan*',

kewan + R = kewan-kewan '*hewan-hewan*',

ayu + R = ayu-ayu '*cantik-cantik*'.

2) Dwilingga Salin Swara

Miturut Nurhayati (2001: 41) dwilingga salin swara inggih menika tembung rangkep awujud tembung lingga ingkang dipunrangkep saha dipunewahi swantenipun. Andharan sanes bab dwilingga salin swara dipunandharaken Poedjosoedarmo (2015: 252) ingkang ngandharaken bilih dwilingga salin swara inggih menika *proses* ngrangkep tembung kanthi cara

ngrangkep tembung lingganipun, ananging ugi ngewahi salah satunggal utawi sedaya vokal perangan tembung lingga ingkang dipunrangkep. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunpendhet dudutan bilih dwilingga salin swara inggih menika tembung rangkep ingkang kadhapuk kanthi cara ngrangkep sedaya perangan tembung lingga saha ngewahi *fonem* vokalipun. Tuladha tembung dwilingga salin swara inggih menika.

lunga + R = lunga-lunga '*berkali-kali pergi*',

iki + R = ika-iki '*berkali kali berkata ini*',

anu + R = ona-anu '*ita-itu*',

wani + R = wona-wani '*berkali-kali berkata berani*',

madhang + R = modhang-medheng '*berkali-kali makan*'.

3) Dwipurwa

Miturut Nurhayati (2001: 43) dwipurwa inggih menika tembung rangkep ingkang dipundhapuk kanthi cara ngrangkep *fonemis* utawi *silabe* wiwitan tembung lingga. Pamanggih kasebat gayut kaliyan pamanggihipun Poedjosoedarmo (2015: 251-252) ingkang ngandharaken bilih dwipurwa inggih menika wujuding tembung rangkep ingkang dipundhapuk kanthi cara ngrangkep wanda ngajeng. Tembung dwipurwa ing basa Jawi vokal ingkang wonten ngajeng dipunewahi dados vokal /e/ (pepet). Adhedhasar andharan kasebat saged dipunpendhet dudutan bilih dwipurwa inggih menika tembung rangkep ingkang

dipundhapuk kanthi cara ngrangkep wanda ngajeng satunggaling tembung.
Tuladhanipun dwipurwa badhe kaandharaken ing ngandhep menika.

resik + R = reresik '*bersih-bersih*',

sulih + R = sesulih '*pengganti*'.

Adhedhasar tuladha wonten nginggil saged dipunwastani bilih tembung
dwipurwa saged nedahaken jinis tembung aran saha tembung kriya.

4) Dwiwasana

Miturut Nurhayati (2001:45) dwiwasana inggih menika tembung rangkep ingkang dipundhapuk kanthi cara ngrangkep *fonemis* utawi *silabe* pungkasaning tembung lingga. Pamanggih kasebat jumbuh kaliyan pamanggihipun Poedjosoedarmo (2015: 254) ingkang ngandharaken bilih dwiwasana inggih menika tembung rangkep ingkang dipundhapuk kanthi cara ngrangkep wanda pungkasaning tembung lingga. Adhedhasar andharan wonten nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih dwiwasana inggih menika tembung rangkep ingkang kadhapuk kanthi cara ngrangkep wandapungkasaning tembung kasebat. Jinis tembung ingkang saged dipundhapuk ing salebeting proses mujudaken tembung dwiwasana inggih menika tembung kriya saha kahanan. Tuladhanipun tembung dwiwasana badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

nyenges + R = nyengenges '*tertawa dengan niat tertentu yang tidak baik*',

celuk + R = celuluk '*berkata/ meluruskan duduk permasalahannya*'.

5) Tembung Rangkep kanthi Paring *Afiks*

Miturut Nurhayati (2001: 45) tembung rangkep kanthi paring *afiks* inggih menika cara mujudaken tembung rangkep kanthi paring *afiks* ing salebeting tembung. *Afiks* ingkang dipunginakaken inggih menika ater-ater, seselan, panambang, saha gabungan ater-ater kaliyan panambang. Pamanggih sanes dipunandharaken Poedjosoedarmo (2015: 254) ingkang ngandharaken bilih tembung rangkep kanthi paring *afiks* inggih menika tembung dwipurwa, dwilingga, utawi dwilingga salin swara ingkang dipunparingi *afiks* awujud ater-ater, seselan utawi panambang. Adhedhasar andharan wonten nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih tembung rangkep kanthi paring *afiks* inggih menika cara mujudaken tembung rangkep kanthi ngraketaken ater-ater, seselan, panambang, utawi gabungan ater-ater kaliyan panambang. Tembung rangkep kanthi paring *afiks* gadhah fungsi kangge nedahaken jinis tembung kriya saha sipat. Tuladha panganggening tembung rangkep kanthi paring *afiks* badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

sa- + dalan + R = sadalan-dalan '*sepanjang jalan*',

tulung + -in- + R = tulung-tinulung '*saling menolong*',

gelem + -e + R = gelem-geleme '*mau-maunya*',

N- + sapu + -ke + R = nyopak-nyapokke '*berkali-kali menyapukan*'.

Tuladha polisemi ingkang awujud tembung rangkep badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

- (a) Simin **diunen-uneni** kancane kanthi tembung-tembung kasar nanging dheweke tetep meneng lan ora nesu (Sudiro, 2014: 12)
‘Simin dimarahi temannya dengan kata-kata kasar,tetapi dia tetap diam dan tidak marah.’
- (b) Bejo **diunek-unekake** kancane amarga nakal. (Sudiro, 2014: 12)
‘Bejo diumpat/dikata-katai temannya karena nakal.’

Adhedhasar ukara wonten nginggil saged dipunwastani bilih tembung *diunen-uneni* saha *diunek-unekake* saking tembung lingga *uni*. Tembung *uni* ingkang dipundhapuk dados tembung rangkep nedahaken teges ingkang beda-beda kados ukara wonten nginggil. Tembung *diunen-uneni* ing ukara *‘Simin **diunen-uneni** kancane kanthi tembung-tembung kasar nanging dheweke tetep meneng lan ora nesu’* ateges *‘dinesoni’* (*dimarahi*). Tembung *diunek-unekake* ing ukara *‘Bejo **diunek-unekake** kancane amarga nakal.’* ateges *‘diumpat/dikata-katai’*. Adhedhasar andharan kasebat tembung *diunen-unen* saha *diunek-unekake* ing ukara nginggil gadhah gegayutan ingkang nedahaken tumindak/ pocapan ingkang kasar. Tembung *uni* kalebet polisemi amargi setunggal tembung gadhah teges langkung saking setunggal, ugi kalebet polisemi ingkang awujud tembung rangkep.

4. Jinising Tembung ingkang Ngewrat Polisemi

Polisemi adhedhasar jinising tembung inggih menika polisemi dipuntingali saking jinising tembung ingkang dipunangge. Miturut Sasangka (2001: 108) jinising tembung kaperang dados sedasa inggih menika (1) aran, (2) kriya, (3) sifat, (4) katrangan, (5) sesulih, (6) wilangan, (7) panggandheng, (8) ancer-ancer, (9) panyilah, saha (10) panyeru. Bandana (2002:71) ngandharaken

bilih jinising tembung ingkang saged ndhapuk polisemi namung wonten tiga inggih menika tembung kriya (*verba*), tembung aran (*nomina*), saha tembung sipat (*adjektiva*). Adhedhasar andharan wonten nginggil jinising tembung ingkang ngewrat polisemi kaperang dados tiga inggih menika tembung kriya (*verba*), tembung aran (*nomina*), saha tembung sipat (*adjektiva*). Bab kasebat badhe dipunandharaken ing ngandhap menika.

1) Tembung Aran (*Nomina*)

Miturut Sasangka (2011: 108) tembung aran utawi *kata benda* (*nomina*) inggih menika tembung ingkang nedahaken nama pirantos utawi menapa kemawon ingkang dipunanggep pirantos. Titikanipun tembung aran inggih menika saged sumambung kaliyan tembung *dudu* utawi *ana* ananging boten saged dipunsambung kaliyan tembung *ora*. Tuladhanipun kados ing nggandhap menika.

gunung => dudu gunung

watu => dudu watu

gunung => ana gunung

watu => ana watu

gunung => *ora gunung

watu => *ora watu

Adhedhasar tuladha wonten nginggil saged katingal menawi tembung *watu* saha *gunung* saged sumambung kaliyan tembung *dudu* saha *ana*, ananging boten saged sumambung kaliyan tembung *ora*. Adhedhasar katrangan kasebat, tembung *gunung* saha *watu* kalebet tembung aran. Tembung aran ugi saged

dipunwiyaraken kanthi ngraketaken tembung *sing* + *tembung kaanan* utawi *sing* + *tembung kriya* ing sisih tengenipun tembung aran, kados ing ngandhap menika.

bocah => bocah sing pinter

ngelmu => ngelmu sing becik

bocah = > bocah sing mlaku

ngelmu => ngelmu sing migunani

Tuladha polisemi jinising tembung aran badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

(a) Sawahe garing jalaran durung diileni **banyu**. (Sudiro, 2014:8)

(b) Pancen kebangeten tenan wong sing daktamoni, sedina bethethet aku neng kana, **banyu** secangkir wae ora metu. (Sudiro, 2014:8)

Adhedhasar ukara wonten nginggil saged dipunwastani bilih tembung *banyu* gadhah teges ingkang beda-beda. Tembung *banyu* ing ukara ‘*Sawahe garing jalaran durung diileni **banyu**.*’ dipunginakaken adhedhasar teges pokokipun inggih menika nedahaken ‘*banyu*’. Tembung *banyu* ing ukara ‘*Pancen kebangeten tenan wong sing daktamoni, sedina bethethet aku neng kana, **banyu** secangkir wae ora metu.*’ Ateges ‘wedang’utawi (*air minum*). Tembung *banyu* ing ukara wonten nginggil gadhah gegayutan ingkang nedahaken wujud ing pirantos ingkang gadhah wujud saha sipat sami. Adhedhasar andharan kasebat tembung *banyu* kalebet tembung polisemi, amargi gadhah teges langkung saking setunggal, ugi kalebet polisemi jinising tembung aran.

2) Tembung Kriya (*Verba*)

Miturut Sasangka (2011: 110) tembung kriya utawi *kata kerja (verba)* inggih menika tembung ingkang nedahaken solah-bawa utawi tindak-tanduk (*verba tindakan*) utawi nedahaken lampahing kaanan (*verba proses*). Tembung kriya ingkang nedahaken tindak-tanduk tuladhanipun, *balang, tendhang, jiwit, cuwil, saha kampleng*. Wondene tembung kriya ingkang nedahaken *proses* tuladhanipun *umub, mbledhos, thukul, kempes, saha njeblug*. Titikanipun tembung kriya inggih menika saged dipun*negasikaken* ngangge tembung *ora*, saged sumambung kaliyan tembung *anggone* saha *olehe* kados tuladha ing ngandhap menika.

lunga = ora lunga

= anggone lunga

= olehe lunga

Tembung kriya dipunperang dados kalih, inggih menika kriya tanduk saha kriya tanggap. Tembung kriya tanduk utawi *kata kerja aktif* dipundhapuk kanthi ngraketaken wuwuhan ater-ater anuswara (*m-, n-, ng-, ny-*), wondene tembung kriya tanggap utawi *kata kerja pasif* saged dipundhapuk kanthi ngraketaken ater-ater *dak-, ka-, ke-*, seselan *-in-*, saha klitik *dak-, ko- (kok-)* (Sasangka, 2011:112-113). Tuladha tembung kriya tanduk inggih menika *mbalang, mbalangi, mbalangake*, wondene tuladha tembung kriya tanggap inggih menika *ditutup, ditutupi, ditutupake*. Tuladha tembung polisemi ingkang jinising tembung kriya badhe dipunandharaken ing ngandhap menika.

- (a) Enteni dhisik ya, aku tak **nglorod(i)** dhaharan sing isih ana ing meja tamu. (Sudiro, 2014:21)
- (b) Menhankam **nglorod** pangkate Pak Kapten sing korupsi bali dadi letnan maneh. (Sudiro, 2014:21)

Adhedhasar ukara wonten nginggil saged dipunwastani bilih tembung *nglorod* gadhah teges ingkang beda-beda. Tembung *nglorod* ing ukara '*Enteni dhisik ya, aku tak **nglorod(i)** dhaharan sing isih ana ing meja tamu*' ateges '*mengambil kembali sisa*'. Tembung *nglorod* ing ukara '*Menhankam **nglorod** pangkate Pak Kapten sing korupsi bali dadi letnan maneh.*' ateges '*menurunkan pangkat/ jabatan*'. Adhedhasar andharan kasebat tembung *nglorod* kalebet tembung polisemi, amargi gadhah teges langkung saking setunggal. Tembung '*nglorod*' ugi kalebet tembung kriya amargi dipundhapuk kanthi ngraketaken ater-ater *N-(ng-)*, *N-(ng-) + lorod: nglorod*.

3) Tembung Sifat (*Adjektiva*)

Tembung sifat utawi *kata sifat (adjektiva)* ugi dipunsebat tembung watak utawi kaanan (kahanan) inggih menika tembung ingkang saged nedahaken kaanan utawi watak satunggaling pirantos utawi bab (Sasangka, 2011:114). Tembung sifat kaperang dados kalih inggih menika (a) tembung watak saha (b) tembung kaanan (Sasangka, 2011:114). Tembung watak boten saged ewah, wondene tembung kaanan saged dipunewahi.

(a) Tembung watak : drengki, srei, dahwen, jail, lsp.

(b) Tembung kaanan : mlarat, sugih, sengsara, mulya, lsp.

Tembung sifat saged sumandhing kaliyan tembung *luwih*, *rada*, *paling*, *banget*, ugi saged dipunrangkep, saha dipunwuwuhi ater-ater *sa-* kaliyan panambang *-e* (*-ne*). Tuladhanipun badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

manis = luwih manis

= rada manis

= paling manis

= manis banget

bunder = sabunder-bundere

bodho = sabodho-bodhone

Tuladha tembung polisemi ingkang jinising tembung *sifat/ sipat (adjektiva)* badhe dipunandharaken ing ngandhap menika.

(a) Sikile krasa **anyep**.

(b) Jangan bayeme **anyep**, ora krasa apa-apa.

Adhedhasar ukara wonten nginggil saged dipunwastani tembung '*anyep*' gadhah teges ingkang beda-beda. Tembung *anyep* ing ukara 'Sikile krasa **anyep**' ateges 'adhem banget' (*dingin*). Tembung *anyep* ing ukara '*Jangan bayeme anyep, ora krasa apa-apa*' ateges 'ora ana rasane' (*tidak ada rasanya (hambar)*). Tembung '*anyep*' ing ukara nginggil gadhah gegayutan ingkang nedahaken sipatipun pirantos ingkang boten krasa. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bili tembung *anyep* kalebet tembung polisemi, amargi gadhah teges langkung saking setunggal ugi kalebet polisemi jinising tembung sifat (*adjektiva*).

5. *Tipe Gegayutan Tegesing Tembung Polisemi*

Miturut Nida (lumantar Sudiro, 2014:19) *tipe* gegayutan teges tembung ingkang ngewrat polisemi saged dipunperang dados sekawan *tipe* inggih menika:

- a. *derivasi (derivation)*
- b. *penggantian (replacement)*
- c. *perluasan figuratif (figurative extention);*
- d. *pengelompokan makna sampingan (peripheral clustering).*

Nida (lumantar Sudiro, 2014: 20) ugi ngandharaken bilih sekawan *tipe* gegayutan polisemi kasebat boten sedaya saged dipuntrepaken ing sedaya basa. Tuladhanipun *tipe* gegayutan ingkang angka kalih (*pengganti/ replacement*) boten saged diputrepaken ing salebeting basa Jawi. Bab kasebat jalaran basa Jawa boten kalebet basa *flektif* kados basa Inggris. Adhedhasar andharan kasebat, *tipe* gegayutan polisemi ingkang saged dipunteliti namung wonten tiga. Tigang *tipe* kasebat inggih menika *derivasi (derivation)*, *perluasan figuratif (figurative extention)*, saha *pengelompokan makna sampingan (peripheral clustering)*. Bab kasebat badhe dipunandharaken ing nggandhap menika.

1) *Derivasi (derivation)*

Tipe derivasi inggih menika *proses* pandhapuking tembung ingkang nedahaken jinising tembung dados ewah utawi ngasilaken teges *leksikal* ingkang beda sanadyan jinisipun sami (Sudiro, 2014:20). Gayut kaliyan andharan kasebat, Verhaar (lumantar Sudiro, 2014: 20) ugi ngandharaken bilih *proses* nalika ndhapuk tembung *derivational* saged ngewahi jinising tembung utawi ngasilaken teges *leksikal* ingkang beda sanadyan jinisipun sami. Andharan kasebat jumbuh

kaliyan pamanggihipun Chaer, Chaer (2014: 175) ngandharaken bilih pandhapuking tembung kanthi *derivative* saged nedahaken tembung enggal ingkang jinising tembung saha teges *leksikal*-ipun dados beda kaliyan tembung lingganipun. Proses *derivasi* dipunperang dados kalih, inggih menika *derivasi* kanthi ngraketaken wuwuhan utawi dipunsebab *derivasi afiksasional* saha *derivasi nol* utawi ingkang boten ngraketaken wuwuhan. Tuladha *tipe* gegayutan *derivasi afiksasi* kaandharaken ing ngandhap menika.

- (a) Kang Setra ora tega nyawang kasangsarane randhane lan anake mula nedya arep **balen**. (Sudiro, 2014: 21)
- (b) Iki beras **balen** saka kana, aja ditawakake mrana maneh. (Sudiro, 2014: 21)
- (c) Apa ora kokenggo rasa **kamangnungsanmu** dene kowe tegel ngajar wong nganti mati. (Sudiro, 2015: 21)
- (d) Kamandaka, poma-dipoma lakumu menyang taman kaputren aja nganti **kamanungsan**. (Sudiro, 2014: 22)

Tembung *balen* kadhapuk kanthi ngraketaken panambang *-an* ing tembung lingga *bali* ingkang ateges ‘wangsul’ (*pulang, kembali ke tempat asal/ kedudukan semula*). Adhedhasar ukara wonten nginggil tembung *balen* gadhah kalih teges ingkang beda. Tembung *balen* ing ukara ‘Kang Setra ora tega nyawang kasangsarane randhane lan anake mula nedya arep **balen**.’ ateges ‘*rujuk*’ (*kawin kembali dengan jandanya (bekas istri yang semula)*). Tembung *balen* ing ukara ‘Iki beras **balen** saka kana, aja ditawakake mrana maneh.’ ateges ‘*pirantos ingkang dipunwangsulaken*’ (*kembalian utawi barang yang kembali/ dikembalikan*). Tembung *balen* ingkang ateges ‘*rujuk*’ (*kawin kembali dengan jandanya (bekas istri yang semula)*) kalebet tembung kriya (*verba*), wondene tembung *balen* ingkang ateges ‘*pirantos ingkang dipunwangsulaken*’ (*kembalian*

utawi *barang yang kembali/ dikembalikan*’) kalebet tembung aran (*nomina*). Bab kasebat nedahaken bilih *proses* pandhapuking tembung kanthi ngraketaken panambang-*an* ing tembung lingga saged ngewahi jinis tembung saha nedahaken tegesing tembung ingkang beda.

Tuladha sanes inggih menika tembung *kamanungsan* ingkang dhasaripun saking tembung lingga ajejinis *aran (nomina)* inggih menika *manungsa* lajeng dipunparingi wuwuhan *ke- / -an*. Tembung *kamanungsan* ing ukara ‘*Apa ora kokenggo rasa **kamanungsanmu** dene kowe tegel ngajar wong nganti mati.*’ kalebet tembung aran ingkang gadhah teges ‘*kemanusiaan, hal sifat manusia*’. Tembung *kamanungsan* ing ukara ‘*Kamandaka, poma-dipoma lakumu menyang taman kaputren aja nganti **kamanungsan.***’ kalebet tembung kriya (*verba*) ingkang ateges ‘*ketahuan orang/ manusia*’.

Andharan wonten nginggil kalebet tuladha *tipe* gegayutan polisemi *derivasi afiksasi* utawi kanthi ngraketaken wuwuhan. Wonten ngandhap menika badhe dipunandharaken tuladha *tipe* gegayutan *derivasi* ingkang boten ngraketaken wuwuhan utawi *derivasi nol/ kosong*.

(a) Pak Karto duwe **mantu** loro, sing siji dadi guru lan sijine dadi sopir. (Sudiro, 2014: 23)

(b) Sewulan maneh Pak Lurah arep **mantu** anake sing ragil. (Sudiro, 2014: 23)

Tembung *mantu* ing ukara ‘*Pak Karto duwe **mantu** loro, sing siji dadi guru lan sijine dadi sopir.*’ kalebet tembung aran (*nomina*) ingkang gadhah teges ‘*menantu*’. Tembung *mantu* ing ukara ‘*Sewulan maneh Pak Lurah arep **mantu** anake sing ragil.*’ kalebet tembung kriya (*verba*) ingkang gadhah teges ‘*punya kerja mengawinkan*’. Tembung *mantu* nedahaken asiling *derivasi nol/kosong*

saking tembung lingga *mantu* ingkang gadhah teges ‘*menantu*’. Adhedhasar andharan kasebat saged dipuntingali bilih wonten *proses transposisi* amargi *derivasi nol/kosong*. Bab kasebat ndayani tetembungan ingkang sami saged dipunginakaken ing *konteks* ingkang beda kanthi nedahaken jinising tembung dados ewah saha tegesing tembung dados beda.

Sedaya andharan wonten nginggil nedahaken tuladha polisemi ingkang katitik amargi wontenipun *proses derivasi afiksasisaha derivasi nol/ kosong*. Saking andharan kasebat saged dipunwastani bilih sedaya *tipe* polisemi *derivasi afiksasi* saha *derevasi nol/kosong* taksih wonten gegayutan kaliyan teges pokok tembung kasebat.

2) *Perluasan Figuratif (figuratif extersion)*

Miturut Sudiro (2014: 25) *tipe* gegayutan tegesing tembung polisemi *perluasan figuratif* inggih menika teges pokok satunggaling tembung ingkang dipunginakaken gegaran anggenipun negesi tembung gadhah fungsi ingkang beda kaliyan teges *figuratif*-ipun. Teges pokok saha teges *figuratif* tembung kasebat gadhah gegayutan ingkang dipundhasari dening *komponen* tambahanipun (*supplementary component*) utawi asiling nafsiraken *komponen diagnostik* (*diagnostic component*) (Nida lumantar Sudiro, 2014:25). Tuladhanipun ing basa Jawi wonten tembung *asu* ingkang ateges ‘*binatang berkaki empat, pengotor dan rakus*’. Tembung *asu* asring dipunginakaken kanthi *figuratif* kangge nedahaken manungsa, tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

“Dheweke pancen kaya **asu**.” (Sudiro, 2014:25)

Tembung *asu* ing ukara '*Dheweke pancen kaya asu.*' boten dipunginakaken adhedhasar teges pokokipun inggih menika '*kewan sikil papat ingkang asipat murka saha reged*', ananging dipunginakaken kanthi *figuratif* inggih menika kangge nedahaken manungsa ingkang sipatipun kados *asu* inggih menika *murka saha reged*.

Miturut Sudiro (2014: 26) *tipe* gegayutan polisemi *perluasan figuratif* kaperang dados kalih, inggih menika *tipe* ingkang asipat *kontiguous* saha *part whole* (*sebagian keseluruhan*). Bab kasebat badhe dipunandharaken ing ngandhap menika.

2.1. Tipe Gegayutan Asosiatif Kontiguitas (Contiguity Associative Relation)

Gegayutan *asosiatif kontiguitas* inggih menika *tipe* gegayutan tegesing tembung polisemi kanthi *asosiatif* utawi ingkang katingal saking papan, wekdal, saha gegayutan antawisipun panganggening tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken kaliyan papan/ wekdal (Sudiro, 2014:27). *Tipe* gegayutan *asosiatif kontiguitas* kaperang dados tiga inggih menika gegayutan *temporal*, *spasial* saha *logikal*. Bab kasebat badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

2.1.1. Tipe Gegayutan Asosiatif Kontiguitas Temporal (temporal contiguity associative relations)

Tipe gegayutan *temporal* inggih menikawekdal nalika kadadosan satunggaling prastawa dipunginakaken kangge nedahaken tumindak ingkang gayut kaliyan prastawa kasebat utawi walikanipun (Sudiro, 2014:27). Tuladhanipun ing basa Jawi tembung *geblak* ing frasa '*geblake simbah putri*' boten nedahaken prastawa nalika simbah dhawah, ananging nedahaken dinten

nalika simbah putri seda. Tuladha sanes badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

- (a) Miturut critane Pak Bondan, ibumu pirsa **ngadege** kantor iki. (Sudiro, 2014: 27)
- (b) Aku ora ngerti **bangkrute** usahane Pak Lik, amarga taun 1981-1986 aku tugas ana Timor Timur. (Sudiro, 2014: 27)

Tembung *ngadege* ing ukara '*Miturut critane Pak Bondan, ibumu pirsa **ngadege** kantor iki.*' boten nedahaken prastawa menawi kantor kasebat ngadeg, ananging nedahaken wekdal nalika kantor kasebat dipunbangun. Tembung *bangkrute* ing ukara '*Aku ora ngerti **bangkrute** usahane Pak Lik, amarga taun 1981-1986 aku tugas ana Timor Timur.*' ugi dipunginakaken kangge nedahaken wekdal nalika usahanipun Pak Lik bangkrut.

2.1.2. *Tipe Gegayutan Asosiatif Kontiguitas Spasial (spatial contiguity associative relations)*

Tipe gegayutan *asosiatif kontiguitas spasial* inggih menika tegesing setunggal tembung dipunginakaken kange nedahaken pirantos, tiyang, utawi wekdal ingkang gayut (Sudiro, 2014:28). Tuladhanipun tembung *ceret, donya, kantor, sekolahan, sasi Rejeb* asring dipunginakaken kangge nedahaken pirantos, tiyang, dinten, wulan ingkang gayut. Tuladha mawi ukara badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

- (a) **Cerete** uwis umob. (Sudiro, 2014: 29)
- (b) Yen ora ana bocah kuwi, **donya** sepi. (Sudiro, 2014: 29)
- (c) Lagi jam rolas **kantore** wis sepi, kamangka dudu dina Jumat, ana apa ta? (Sudiro, 2014: 29)

Tembung *ceret* ing ukara ‘**Cerete** uwis umob.’ ingkang ateges pirantos padhet ingkang boten saged umob, wondene pirantos ingkang saged umob inggih menika toya. Adhedhasar andharan kasebat tembung *ceret* ing ukara kasebat dipunginakaken kangge nedahaken toya ingkang wonten ing salebeting ceret.

Tembung *donya* ing ukara ‘Yen ora ana bocah kuwi, **donya** sepi’ dipunginakaken kangge nedahaken tetiyang ingkang gesang ing donya, semanten ugi tembung *kantor* ing ukara ‘Lagi jam rolas **kantore** wis sepi, kamangka dudu dina Jumat, ana apa ta?’ dipunginakaken kangge nedahaken karyawan ingkang wonten kantor.

2.1.3. Tipe Gegayutan Asosiatif Kontiguitas Logikal (*logical contiguity associative relations*)

Tipe gegayutan *asosiatif kontiguitas logikal* inggih menika tipe gegayutan polisemi ingkang nedahaken *sebab-akibat* (Sudiro, 2014: 30). Prekawis ingkang ndayani satunggaling prastawa dipunginakaken kangge nedahaken prastawa ingkang kadadosan. Perangan menika saged dipunperang dados sekawan inggih menika gegayutan antawisipun tiyang, pirantos, prekawis pokok saha ingkang boten pokok. Tuladhanipun ing basa Jawa wonten tembung *kuping*. Tembung *kuping* asring dipunginakaken kangge nedahaken satunggaling tumindak ingkang gayut kaliyan *kuping* inggih menika mirengaken. Tuladha tipe gegayutan *asosiatif kontiguitas* mawi ukarasaged dipunpirsani ing ngandhap menika.

- (a) Apa kowe ora duwe **kuping**, dijak ngomong kok meneng wae. (Sudiro, 2014: 30)
- (b) Kowe dadi uwong kakean **cangkem** mengko mundhak kancamu padha sengit. (Sudiro, 2014: 30)

Tembung *kuping* ingkang gadhah teges pokok '*perangan mustaka ingkang dipungginakaken kangge mirengaken*', wondene ing ukara '*Apa kowe ora duwe **kuping**, dijak ngomong kok meneng wae.*' dipungginakaken kangge nedahaken tumindak inggih menika mirengaken. Tembung *cangkem* ugi menakten, tembung *cangkem* gadhah teges pokok '*perangan mustaka ingkang dipungginakaken kangge ngendika*'. Wonten ukara '*Kowe dadi uwong kakean **cangkem** mengko mundhak kancamu padha sengit.*' Tembung *cangkem* dipungginakaken kangge nedahaken tumindak ngendika. Andharan kasebat nedahaken bilih tembung ingkang kalebet jinis tembung aran saged ewah dados tembung kriya. Bab kasebat dipundayani wontenipun *asosiatif kontiguitas logikal*.

2.2. Tipe Gegayutan Asosiatif Sebagian Keseluruhan

Tipe gegayutan *asosiatif sebagian keseluruhan* inggih menika tegesing setunggal tembung dipungginakaken kangge nedahaken perangan ingkang langkung ageng (Sudiro, 2014: 31). Tuladhanipun *tipe* gegayutan *asosiatif sebagian keseluruhan* badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

“Sedina tamune ora ngombe **banyu**.” (Sudiro, 2014: 32)

Tembung *banyu* ing ukara '*Sedina tamune ora ngombe **banyu**.*' dipungginakaken kangge nedahaken dhaharan. Bab kasebat nedahaken bilih tembung *banyu* kalebet *hiponimi* saking dhaharan.

Miturut Sudiro (2014:32) *tipe* gegayutan polisemi *asosiatif sebagian keseluruhan* dipunperang dados tiga inggih menika *tipe* gegayutan *asosiatif konstituen keseluruhan*, *tipe* gegayutan hubungan *anggota kelas*, saha

tipe gegayutan *asosiatif atributif keseluruhan*. Bab kasebat badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

2.2.1. *Tipe Gegayutan Asosiatif Konstituen Keseluruhan*

Tipe asosiatif konstituen keseluruhan inggih menika satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken peranan ingkang langkung ageng saking *objek* ingkang dipunmaksud (Sudiro, 2014:32). Andharan kasebat jumbuh kaliyan pamanggihipun Bandana (2002: 30) ingkang ngandharaken bilih *asosiatif keseluruhan* inggih menika satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken peranan ingkang langkung ageng saking *obyek* ingkang dipunmaksud. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunpendhet dudutan bilih *tipe gegayutan asosiatif keseluruhan* inggih menika satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken peranan ingkang langkung ageng saking *obyek* ingkang dipunmaksud. Tuladhanipun ing basa Jawi wonten tembung *nyawa* ingkang ateges '*jiwa*', tembung kasebat asring dipungginakaken kangge nedahaken *tiyang*. Tuladhanipun badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

(a) Neng ngomahmu ana pirang **nyawa** sing kudu kok pakani? (Sudiro, 2014: 32)

(b) Si Suta endi kok ora ketok **irunge**. (Sudiro, 2014: 32)

Tembung *nyawa* ing ukara '*Neng ngomahmu ana pirang **nyawa** sing kudu kok pakani?*' dipunginakaken kangge nedahaken tembung *manungsa*, *wong*, utawi *tiyang*. Tembung *irung* ing ukara '*Si Suta endi kok ora ketok **irunge**.*' dipungginakaken kangge nedahaken sedaya peranan badanipun *manungsa*. Adhedhasar tuladha kasebat saged dipunwastani bilih tembung *nyawa* saha

irunge ing nginggil kalebet *tipe* gegayutan polisemi *asosiatif* konstituen *keseluruhan* kaliyan gadhah teges perangan badan tiyang.

2.2.2. *Tipe Gegayutan Hubungan Anggota Kelas*

Tipe hubungan anggota kelas inggih menika tegesing setunggal tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken anggota *hiponimipun* saking tembung kasebat (Sudiro, 2014:34). Andharan kasebat ugi sami kaliyan pamanggihipun Bandana (2002: 31), ingkang ngandharaken bilih *tipe* gegayutan *hubungan anggota kelas* inggih menika tegesing tembung ingkang dipunginakaken kanthi *figuratif*, ancasipun kangge nedahaken anggota *hiponimipun*. Adhedhasar sedaya andharan kasebat saged dipunwastani bilih *tipe* gegayutan *hubungan anggota kelas* inggih menika tegesing setunggal tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken anggota *hiponimipun* saking tembung kasebat. Tuladhanipun *tipe* gegayutan *hubungan anggota kelas* badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

(a) Kepiye le arep kuwat, wong mangan **upa** wae arang-arang. (Sudiro, 2014: 34)

(b) Esuk iki aku durung **medang** mula awakku rada lemes. (Sudiro, 2014: 34)

Tembung *upa* ing ukara '*Kepiye le arep kuwat, wong mangan **upa** wae arang-arang.*' dipunginakaken boten namung kangge nedahaken *sekul* kemawon, ananging nedahaken sedaya jinis dhaharan. Bab kasebat ugi sami kaliyan tembung *medang* ing ukara '*Esuk iki aku durung **medang** mula awakku rada lemes.*' boten namung dipunginakaken kangge nedahaken ngunjuk toya kemawon, ananging dipunginakaken kangge nedahaken teges ingkang langkung wiyar inggih menika unjukan saha nyamikan.

2.2.3. *Tipe Gegayutan Asosiatif Atributif Keseluruhan*

Tipe asosiatif atributif keseluruhan inggih menika tegesing tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken satunggaling *subyek*, pirantos, utawi tumindak ingkang asipat sami. (Sudiro, 2014:35). Andharan kasebat sami kaliyan pamanggihipun Bandana, Bandana (2002: 33) ingkang ngandharaken bilih *tipe gegayutan asosiatif atributif keseluruhan* inggih menika tegesing tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken satunggaling tumindak ingkang asipat sami. Adhedhasar sedaya andharan menika saged dipunpendhet dudutan bilih *tipe gegayutan polisemi asosiatif atributif keseluruhan* inggih menika tegesing tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken satunggaling *subyek*, pirantos, utawi tumindak ingkang asipat sami. (Sudiro, 2014:35). Tuladhanipun ing basa Jawi wonten mapinten-pinten tembung ingkang nedahaken nama kewan, wayang, dhaharan. Tembung kasebat asring dipunginakaken kangge nedahaken tiyang, tumindak utawi pirantos ingkang asipat sami. Tuladha mawi ukara badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

(a) Si Iyah pancen **bunglon** tenan, nek ngomong ora kena dipercaya. (Sudiro, 2014: 36)

(b) Ayo aja **ngenthung** wae ing kamar, mundhak ora duwe kawruh. (Sudiro, 2014: 36)

Tembung *bunglon* ing ukara ‘Si Iyah pancen **bunglon** tenan, nek ngomong ora kena dipercaya.’ boten dipunginakaken kangge nedahaken kewan bunglon, ananging dipunginakaken kangge nedahaken sipatipun Iyah ingkang kados bunglon (remen gantos werni) inggih menika remen mencla-mencle. Tembung *ngenthung* ing ukara ‘Ayo aja **ngenthung** wae ing kamar, mundhak ora

duwe kawruh.’ ugi mekaten, dipunginakaken kangge nedahaken sipat ingkang kados enthung inggih menika namung mendel ing kamar boten remen sesrawungan.

3) *Pengelompokan makna sampingan (pheriperal clustering)*

Pengelompokan makna sampingan inggih menika teges pokok satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge gegaran netepaken tegesing tembung menika adhedhasar *konteks* ukaranipun, kanthi cathethan bilih tegesipun sami (Bandana, 2002: 35). Adharan kasebat jumbuh kaliyan pamanggihipun Sudiro (2014: 37) ngandharaken bilih *pengelompokan makna sampingan* inggih menika teges pokok satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge gegaran netepaken tegesing tembung menika adhedhasar *konteks* ukaranipun. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunpendhet dudutan bilih *pengelompokan makna sampingan* inggih menika teges pokok satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge gegaran netepaken tegesing tembung menika adhedhasar *konteks* ukaranipun. Tuladhanipun ing basa Jawi wonten tembung *buntut* ingkang tegesipun ‘*perangan saking awakipun kewan ingkang mapan wonten wingking*’, tembung menika saged dipunginakaken kangge nedahaken maneka warni *subyek* ingkang asipat sami. Tuladha mawi ukara badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

(a) Manuk merak kuwi **buntute** dawa. (Sudiro, 2014: 37)

(b) Aku saiki ora bisa lunga-lunga suwe soale **buntutku** wis akeh. (Sudiro, 2014: 37)

(c) Pak Ranu saben dina gaweane mung ngramal **buntut**. (Sudiro, 2014: 37)

(d) Nek ngene carane bisa dawa tenan **buntute** perkara iki. (Sudiro, 2014: 37)

Tembung *buntut* ing ukara-ukara wonten nginggil gadhah teges ingkang beda ananging gadhah sipat sami kaliyan teges pokokipun (*makna sentral*) inggih menika '*perangan ingkang wonten wingking*'. Tegesing tembung *buntut* ing ukara-ukara wonten nginggil inggih menika:

- (a) 'perangan awakipun kewan ingkang mapan wonten wingking',
- (b) 'putra',
- (c) '*nomer kode judi*',
- (d) '*akibat saking prekawis ingkang wonten*'.

6. Rubrik Pawarta

Miturut Kamus Bahasa Indonesia ingkang dipunsusun dening Poerwadarminta (1976: 834) dipunandharaken bilih *rubrik* inggih menika satunggaling perangan ing koran utawi kalawarti. Pamanggih sanes bab pangertosan *rubrik* dipunandharaken dening Mulyani, Mulyani (2014:23) ngandharaken bilih *rubrik* asring dipunsebat *kepala karangan* utawi perangan ingkang wonten ing koran utawi kalawarti. *Rubrik* ing kalawarti saged dipunparingi irah-irahan kanthi cetha satemah wosipun pawarta gayut kaliyan nama irah-irahan kasebat. Adhedhasar pangertosan wonten nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih *rubrik* inggih menika satunggaling perangan ing koran, kalawarti utawi media cithak sanesipun ingkang wosipun ngewrat sedaya aspek salebeting masarakat saha pemerintah. *Rubrik* ing salebeting kalawarti dipunperang dados mapinten-pinten antawisipun *rubrik* informasi, *rubrik*

pawiyatan, saha rubrik pariwisata. Panaliten menika ngginakaken sedaya rubrik pawarta minangka obyek kajian.

B. Panaliten ingkang Laras

Panaliten kanthi irah-irahan *Polisemi ing Rubrik Pawarta Kalawarti Djaka Lodang Warsa 2016* menika dereng nate dipuntliti. Panaliten menika gadhah gegaran kaliyan panaliten sakderengipun. Panaliten-panaliten ingkang jumbuh inggih menika panalitenipun Desinta Astari (2013) kanthi irah-irahan ‘*Analisis Polisemi Kolom Politik Dan Hukum Dalam Kompas Edisi Februari 2013*’. Wonten panaliten menika, Astari ngrembag jinising polisemi saha makna polisemi wonten ing rubrik politik saha hukum ing koran Kompas wulan Februari 2013. Astari menika mahasiswa jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia UNY.

Panaliten menika jumbuh kaliyan panaliten Astari, amargi panalitenipun Astari menika sami anggenipun nliti inggih menika panaliten *deskriptif* ingkang nliti perangan jinising semantik awujud polisemi. Lajeng panaliten menika maringi *relevansi* kangge panaliten ingkang badhe panaliti tliti, inggih menika minangka piranti *acuan* saha tertimbangan perangan prekawis ingkang dipuntliti. Bedanipun kaliyan panaliten Astari inggih menika saking obyekipun saha prekawis ingkang dipuntliti. Obyek panaliten saking Astari menika awujud rubrik pawarta mliginipun perangan *politik* saha *hukum* wonten Koran Kompas wedalan wulan Februari 2013 kanthi basa Indonesia. Prekawis ingkang dipuntliti saking panalitenipun Astari inggih menika bab wujud ingkang

ngewrat polisemi, jinising polisemi saha tegesing tembung ingkang ngewrat polisemi.

Panaliten kaping kalih ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika inggih panalitenipun Ika Purwanti (2012) kanthi irah-irahan '*Kajian Polisemi Dalam Rubrik Berita Majalah Djaka Lodhang Edisi 2011*'. Purwanti menika mahasiswa jurusan Pendidikan Bahasa Daerah UNY. Panaliten menika jumbuh kaliyan panalitenipun Purwanti, amargi sami-sami nлити perangan polisemi basa Jawi ingkang wonten *wacana* rubrik pawarta. Bedanipun, prekawis ingkang dipunrembag ing panaliten Purwanti inggih menika jinising polisemi, wujud ingkang polisemi saha *tipe* gegayutan polisemi. Panaliten ingkang panaliti tindakaken badhe ngerambag wujud ingkang tembung ingkang ngewrat polisemi, jinising tembung ingkang ngewrat polisemi saha *tipe* gegayutan tegesing tembung ingkang ngewrat polisemi.

C. Nalaring Pikir

Semantik inggih menika satunggaling ngelmu basa ingkang ngrembag bab tegesing tembung. Tegesing tembung ingkang dipunrembag dipunlandhesi *konteks* ukara ingkang ngginakaken tembung kasebat. Semantik gadhah maneka warni jinis gegayutan antawisipun tegesing setunggal tembung kaliyan tembung sanes. Jinis kasebat dipunperang dados gangsal, inggih menika *homonimi* (*kelainan makna*), *sinonimi* (*kesamaan makna*), *polisemi* (*keberagaman makna*), *hiponimi* (*ketercakupan makna*), saha *antonimi* (*kebalikan makna*). Panaliten


menika namung badhe ngrembag salah satunggaling jinis semantik supados anggenipun ngrembag langkung *tuntas* inggih menika polisemi.

Polisemi inggih menika tembung utawi frasa ingkang dipunginakaken ing salebeting ukara saha ngewrat teges ingkang beda-beda gumantung *konteks* ukaranipun. Tetiyang anggenipun negesi tembung ing satunggaling *wacana* namung adhedhasar *kosa kata* ingkang dipunmangertosi satemah boten nggatosaken *konteks* ukara ingkang dipunginakaken. Bab kasebat asring ndayani anggenipun negesi tembung boten trep kaliyan ingkang dipunmaksud dening panyerat *wacana*. Tuladhanipun tembung *dadi* menawi dipunginakaken ing *konteks* ukara ingkang beda saged ateges '*dados paraga*' saha '*sukses*'. Tuladhanipun tembung *dadi* ing ukara (a) '*Wingi Pak Ali **dadi** Gareng, Pak Teja dadi Semar.*' (Sudiro, 2014:62), wondene ing ukara (b) '*Olehe mbakul saiki **dadi**, dagangane pepak lan laris banget*' (Sudiro, 2014:62). Tembung *dadi* ing ukara (a) ateges '*dados paraga*', wondene ing ukara (b) ateges '*sukses*'. Tuladha kasebat nedahaken bilih tembung *dadi* kalebet tembung polisemi. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih anggenipun negesi tembung kedah nggatosaken *konteks* ukaranipun.

Panganggening polisemi saged kapanggihaken ing satunggaling prastawa pacelathon padintenan, rubrik pawarta, *iklan*, ugi karya sastra ananging asring utawi kathah dipunpanggihaken ing rubrik pawarta. Rubrik pawarta ingkang asring ngginakaken polisemi gadhah ancas kangge narik kawigatosan saking asiling panyeratan, satemah ndayani kathah ingkang remen maos. Panganggening polisemi ing rubrik pawarta kathah dipunpanggihaken wonten

kalawarti Djaka Lodang, mliginipun wedalan warsa 2016. Wonten rubrik menika kathah ngginakaken polisemi ingkang langkung *variatif* minangka daya kangge narik kawigatosan pamaos.

Pramila saking prekawis wonten nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih panaliti badhe ngrembag babagan polisemi wonten rubrik pawarta salebeting kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016. Panaliten menika badhe ngandharaken wujuding tembung ingkang ngewrat polisemi, jinising tembung ingkang ngewrat polisemi saha *tipe* gegayutan tegesing tembung polisemi wonten rubrik pawarta kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016. Wonten ngandhap menika katrangan bagan saking nalaring pikir.



Gambar 5. Gambaraning nalaring pikir

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Jinising panaliten ingkang dipunginakaken wonten panaliten inggih menika panaliten *deskriptif*. Panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang dipuntindakaken adhedhasar *fakta* satemah ngasilaken andharan-andharan kados menapa wontenipun (Sudaryanto, 1986: 62). Ancasing panaliten migunakaken panaliten *deskriptif* kangge ngandharaken tetembungan ingkang ngewrat polisemi. Tembung menika karembag babagan wujuding tembung, jinising tembung saha *tipe* gegayutan tegesing tembung ingkang ngewrat polisemi.

B. Data saha Sumber Data Panaliten

Data inggih menika bahan ingkang dipundadosaken obyek ing satunggaling panaliten (Sudaryanto, 1988: 9-10). Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih data ing panaliten menika awujud tetembungan ingkang ngewrat polisemi. Data saged dipunpanggihaken ing salebeting sumber data.

Sumber data gayut kaliyan subyek panaliten, inggih menika saking pundi data panaliten dipunpadosi (Siswantoro, 2014: 72). Adhedhasar andharan menika sumber data panaliten inggih menika rubrik pawarta ing kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016.

Panaliti migunakaken rubrik pawarta ing kalawarti Djaka Lodang warsa 2016, amargi wonten salebeting rubrik pawarta menika ngemu tetembungan

ingkang gadhah teges langkung saking setunggal utawi polisemi. Kejawi mekaten rubrik pawarta kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016 dereng nate dipuntliti kanthi ningali wujuding tembung ingkang ngewrat polisemi, jinising tembung ingkang ngewrat polisemi, saha *tipe* gegayutan tegesing tembung ingkang ngewrat polisemi.

C. Caranipun Ngempalaken Data

Cara ngempalaken data ing panaliten ingkang datanipun sinerat inggih menika ngginakaken *teknik baca-catat*. *Teknik baca catat* inggih menika cara ngempalaken data kanthi cara maos sumber panaliten dipunlajengaken nyathet data ingkang dipunbetahaken (Siswantoro, 2014: 98). Data ingkang dipunbetahaken awujud tembung ingkang ngewrat polisemi.

Tetembungan ingkang ngewrat polisemi kalawau salajengipun dipuntetepaken miturut wujuding tembung kanthi cara njumbuhaken kaliyan *kriteria* wujuding tembung ingkang ngewrat polisemi wonten gegaran teori. Tuladhanipun tembung *mudhun* sejatosipun kalebet tembung andhahan. Bab kasebat ketingal menawi tembung *mudhun* karaketan ater-ater $N-(m-)$, $N-(m-)+udhun$: *mudhun*. Salajengipun ngandharaken jinising tembung ingkang ngewrat polisemi, tuladhanipun tembung *mudhun*. Tembung *mudhun* sejatosipun kalebet jinising tembung kriya (*verba*) bab kasebat ketingal menawi tembung *mudhun* nedahaken satunggaling tumindak mudhun. Sasampunipun paring andharan bab wujuding tembung saha jinising tembung salajengipun paring andharan bab *tipe* gegayutan tegesing tembung polisemi ingkang dipungayutaken kaliyan *konteks*

ukuranipun. Tuladhanipun tembung *mudhun* ingkang saged dipuntegesi '*dateng ngandhap*' saha '*tumurun saking tunggangan*' ingkang kalebet *tipe* gegayutan polisemi *makna sampingan*. Tembung *mudhun* saged kalebet *tipe makna sampingan* amargi taksih wonten gayutanipun kaliyan teges pokokipun.

Tembung ingkang sampun dipuntetepaken dados wujuding tembung, jinising tembung saha *tipe* gegayutan polisemi salajengipun dipunserat ing kertu data. Kertu data inggih menika kertu ingkang dipunginakaken kangge nyerat asiling madosi data, satemah data saged kapilah mawi kertu data ingkang sampun dipunparingi *label/* katrangan kanthi ukuranipun kirang langkung 15x20 cm (Siswantoro, 2014: 74-75)

Data ingkang sampun wonten dipunkempalaken dados setunggal salajengipun dipunanalisis saha dipunrembag. *Format* kertu data ingkang badhe dipunginakaken kados ing ngandhap menika.

Tabel 2. Tuladha kertu data

DL/31 saha 32	
No	: 34
Data	: a) Uga disediyani papan kanggo ambyur lan mudhun sarta ana kamar-kamar kanggo salin sandhangan. (DL: 33: 47/23/4/2016) b) Dolan menyang museum iki menawa ora nganggo mobil utawa motor pribadhi, bisa kanthi nitih bus jurusan Jogja-Wonosari. Mudhun ana ing Patuk, Gunungkidul. (DL: 33: 31/2/1/2016)
Wujud	: andhahan (karaketan ater-ater N- (m-), N- (m-) + <i>udhun: mudhun</i>)
Jinis	: a) kriya (<i>verba</i>) (nedahaken satunggaling tumindak ' <i>kanggo ambyur lan mudhun</i> ') b) kriya (<i>verba</i>) (nedahaken satunggaling tumindak ' <i>mudhun ana ing pathuk</i> ')
Tipe	: <i>Pengelompokan makna sampingan</i> a) <i>makna sentral: dateng ngandhap (turun)</i> b) <i>makna sampingan: temurun saking tunggangan (turun)</i>

Katrangan:

DL : Djaka Lodang
 31 saha 32 : *edisi terbitan*
 No : *nomer identitas data*
 Data : data wacana
 Wujud : wujuding tembung
 Jinis : jinising tembung
 Tipe : *tipe gegayutan tegesing tembung polisemi*

D. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten inggih menika kempalan teori utawi ngelmi saking para ahli ingkang dipunginakaken kangge madosi informasi-informasi saking objek ingkang dipunteliti (Moleong, 2000: 19). Piranti panaliten ingkang dipunginakaken wonten panaliten inggih menika panaliti piyambak (*human instrument*). *Human instrument* asring dipunwastani piranti panalitenipun inggih menika panaliti piyambak. Panaliti dipuntuntut saged netepaken *fokus* panaliten, sumber data, ngempalaken data, *analisis* data, *nafsiraken* data saha paring dudutan saking asiling panaliten (Sugiyono, 2006: 251). Panaliti anggenipun ngempalaken data kanthi cara manggihaken tetembungan ingkang ngewrat polisemi wonten rubrik pawarta kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016. Tetembungan ingkang ngewrat polisemi inggih menika tembung ingkang gadhah teges langkung saking setunggal, wondene tegesipun tembung kasebat sami gadhah gegayutan. Sasampunipun ngempalaken data, salajengipun tetembungan dipunpantha adhedhasar wujuding tembung ingkang ngewrat polisemi miturut *kriteria* wujuding tembung ingkang ngewrat polisemi saking gegaran teori.

Sasampunipun mantha tetembungan adhedhasar wujudipun salajengipun ngandharaken kalebet jinising tembung menapa saha paring katrangan kadospundi

saged kalebet jinis kasebat. Pungkasan inggih menika ngandharaken *tipe* gegayutan tegesing tembung polisemi ingkang kapanggihaken saha paring katrangan kados pundi saged kalebet *tipe* kasebat. Anggenipun ngandharaken *tipe* gegayutan tegesing tembung polisemi dipungayutaken kaliyan *konteks* ukaranipun. Saksampunipun sedaya data sampun dipun*analisis*, panaliti nglebetaken asiling kertu data wonten salebeting tabel *analisis* data.

E. Cara Ng*analisis* Data

Miturut Moleong (2000: 103-104) cara *analisis* data inggih menika tata cara salebeting panaliten ingkang ancasipun kangge ngatur, ngurutaken, merang, paring *kode* saha paring *kategori* dateng data panaliten. Panaliten menika migunakaken cara *analisis deskriptif*. Cara *analisis deskriptif* inggih menika cara ngandharaken sedaya data miturut *kategori* saha dipun*analisis* jumbuh kaliyan *konteks* ukaranipun. *Analisis deskriptif* menika ginanipun kangge ngempalaken *informasi* satunggaling prekawis kanthi menapa wontenipun (Sudaryanto, 1986: 63). Cara anggenipun ng*analisis* data kanthi cara kados ing ngandhap menika.

1. Data ingkang kapanggihaken dipunpantha miturut wujuding tembung kanthi cara njumbuhaken kaliyan *kriteria* wujuding tembung ingkang ngewrat polisemi wonten gegaran teori.
2. Saksampunipun mantha miturut wujuding tembung salajengipun dipun*analisis* jinising tembung ingkang ngewrat polisemi kanthi cara njumbuhaken kaliyan *kriteria* jinising tembung ingkang ngewrat polisemi wonten gegaran teori.

3. Saksampunipun *nganalisis* jinising tembung salajengipun *nganalisis tipe* gegayutan tegesing tembung ingkang ngewrat polisemi miturut *konteks* ukaranipun kanthi cara njumbuhaken kaliyan *kriteria tipe* gegayutan tegesing tembung polisemi wonten gegaran teori.
4. Saking asiling panaliten wujuding tembung ingkang ngewrat polisemi, jinising tembung ingkang ngewrat polisemi, saha *tipe* gegayutan tegesing tembung polisemi saking rubrik pawarta kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016 saklajengipun dipundamel dudutan.

Saking asiling *ananalisis* data panaliten wujuding tembung ingkang ngewrat polisemi, jinising tembung ingkang ngewrat polisemi saha *tipe* gegayutan tegesing tembung polisemi saklajengipun ngesahaken data panaliten kados ing ngandhap menika.

F. Caranipun Ngesahaken Data

Caranipun ngesahaken data wonten panaliten menika kanthi ngginakaken *uji validitas* saha *uji reliabilitas* data. *Validitas (kesahihan)* inggih menika ukuran ingkang nedahaken *keandalan* saha *kesahihan* saking pirantos ingkang dipunginakaken kangge ngukur (Arikunto, 2002: 96). *Validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *triangulasi teori* saha *validitas semantik kontekstual* supados data wonten panaliten saged *valid*. *Triangulasi teori* inggih menika cara ngesahaken data kanthi ngempalaken data adhedhasar teori ingkang beda utawi nganalisis data ingkang sami kanthi ngginakaken teori ingkang beda (Moleong, 2000: 178). Tegesipun nganalisis data ingkang sami kanthi teori

ingkang beda inggih menika anggenipun nganalisis data ngginakaken teori langkung saking setunggal. Prekawis menika supados data ingkang dipunanalisis langkung akurat leresanipun.

Metode *triangulasi teori* wonten panaliten menika ngginakaken *metode kualitatif*. Metode *kualitatif* dipunginakaken kangge ngandharaken data menapa wontenipun kanthi cara *deskriptif*. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

- a) Minangka bukti yen bio gase cukup dhuwur kanggo ngimbu gedhang wae bisa **mateng**. (DL: 39: 50/14/7/2016)
- b) Anggone naningi mau tipis-tipis supaya yen didang cepet **mateng**. (DL: 38: 52/28/5/2016)

Data wonten nginggil menawi dipunanalisis kanthi migunakaken teori wujuding tembung saking Sasangka wonten bukunipun *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Sasangka (2011: 39) ngandharaken bilih tembung *mateng* sejatosipun kalebet tembung lingga. Bab kasebat saged dipuntingali menawi tembung *mateng* boten karaketan wuwuhan, boten dipucambor, saha boten dipunrangkep. Subalidinata (1994: 34) ugi ngandharaken bilih tembung *mateng* kalebet tembung lingga amargi boten karaketan wuwuhan, boten dipuncambor saha boten dipunrangkep.

Saksampunipun ngandharaken wujuding tembung salajengipun inggih menika ngandharaken jinising tembung kanthi ngginakaken *validitas semantik kontekstual*. *Validitas semantik kontekstual* inggih menika negesi data ingkang sampun kapanggihaken jumbuh kaliyan *konteks* ukaranipun (Sudaryanto, 1988: 13-15). Bab kasebat saged katindakaken amargi anggenipun negesi tembung badhe dipunginakaken kangge nemtokaken jinising tembung saha *tipe* gegayutan

tegesing tembung polisemi. Tuladhanipun tembung *mateng* saking ukara ‘*Minangka bukti yen bio gase cukup dhuwur kanggo ngimbu gedhang wae bisa **mateng**. (DL: 39: 50/14/7/2016)*’ gadhah teges ‘*sampun tuwa (mateng)/ sampun enak dipunmaem (masak)*’. Tembung *mateng* ing ukara ‘*Anggone naningi mau tipis-tipis supaya yen didang cepet **mateng**. (DL: 38: 52/28/5/2016)*’ gadhah teges ‘*sampun tanak (sudah matang)*’.

Adhedhasar *teori* wonten nginggil kangge nemtokaken jinising tembung ingkang ngewrat polisemi kedah dipungayutaken kaliyan *teori* bab jinising tembung saking Subalidinata wonten bukunipun. Subalidinata (1994: 107) ngandharaken bilih tembung *mateng* ing ukara nginggil sami-sami kalebet jinis tembung kaanan (*sifat/adjektiva*).

Saksampunipun ngandharaken jinising tembung salajengipun ngandharaken *tipe* gegayutan tegesing tembung polisemi, satemah mbetahaken *teori* bab *tipe* gegayutan tegesing tembung polisemi saking Sudiro wonten panalitenipun bab *Polisemi dalam Bahasa Jawa*. Sudiro (2014: 19-37) ngandharaken bilih adhedhasar jinising tembung ingkang sampun dipunandharaken saged dipunwastani *tipe* gegayutan tegesing tembung polisemi inggih menika *makna sampingan*. Bab kasebat katingal menawi tembung ‘*mateng*’ wonten *konteks* ukara ingkang beda mujudaken jinising tembung ingkang taksih sami ananging gadhah teges ingkang beda, inggih menika *makna sentral* ‘*sampun tuwa (mateng)/ enak dipunmaem (masak)*’ saha *makna sampingan* ‘*sampun tanak (matang)*’.

Cara panaliten saksampunipun nglampahi *validitas* ngesahaken data inggih menika kanthi *reliabilitas*. *Reliabilitas* inggih menika ajegipun pirantos/ *teknik*/

cara kangge ngukur data panaliten (Sujarwadi, 2011: 15). *Reliabilitas* ingkang dipunangge inggih menika *reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas stabilitas* inggih menika manggihaken ajegipun *interpretasi* data ingkang badhe dipuntliti gayut kaliyan wekdal panaliten (Sarwono, 2006: 100). Panganggening *reliabilitas stabilitas* ing rubrik pawarta kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016 saged dipuntingali kados ing ngandhap menika.

- a) Sanadyan wus katerjang ombyaking ‘modernisasi’, budaya seni kang asipat ukir isih katon **lumaku** langgeng ing sadhengah padhusunan. (DL: 32: 33/19/1/2016)
- b) Miturut pepriksan pulisi jaringan dedagangan vaksin palsu iki **lumaku** wiwit taun 2003. (DL: 4: 08/23/7/2016)

Tembung *lumaku* ing ukara wonten nginggil gadhah teges ‘*kalaksanan (berjalan)*’ saha ‘*katindakaken (beroperasi)*’ adhedhasar konteks ukaranipun. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunandharaken jinising *tipe* gegayutan tegesing tembung polisemi inggih menika *pengelompokan makna sampingan*. Bab kasebat saged dipuntingali bilih tembung *lumaku* ing ukara wonten nginggil gadhah jinis tembung ingkang sami inggih menika kriya, ananging gadhah teges ingkang beda. Kanthi mekaten data tetembungan ingkang ngewrat polisemi kedah dipunpadosi ajegipun kanthi migunakaken *reliabilitas stabilitas*, supados mangertos *tipe* gegayutan tegesing tembung polisemi menika taksih ajeg menapa boten menawi dipuntindakaken wonten panaliten ing wekdal sanes.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Perangan menika ngemu asil panaliten ingkang sampun katindakaken. Asiling panaliten menika wujud ing tembung, jinising tembung, saha *tipe* gegayutan tegesing tembung ingkang ngewrat polisemi wonten rubrik pawarta salebeting kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016. Data wujud ing tembung ingkang ngewrat polisemi wonten tabel menika data ingkang gadhah jinis tembung kangge mangertosi gegayutanipun. Data ingkang ngemu wujud saha jinis ugi gadhah *tipe* gegayutan tegesing tembung kangge mangertosi gegayutan antawisipun tegesing setunggal tembung kaliyan teges tembung sanes. Wonten ngandhap menika badhe kaandharaken tabel asiling panaliten babagan wujud ing tembung, jinising tembung, saha *tipe* gegayutan tegesing tembung ingkang ngewrat polisemi.

Tabel 3. **Wujud ing saha jinising tembung sarta *tipe* gegayutan tegesing tembung polisemi**

1	2	3	4	5
No	Wujud	Jinis	<i>Tipe</i>	<i>Indikator</i>
1	Lingga	a. Kriya	1) <i>Pengelompokan makna sampingan</i>	a) Ana ing taun 2016 Kabupaten Bantul dianggarke Rp. 132.000.000,00 kanggo tuku winih iwak arupa nila, tambra, tawes uga kepiting. (Dt: 55) b) Bandha kena kanggo tuku keadilan lan kekuwasaan. (Dt: 55)

tabel salajengipun...

1	2	3	4	5
				• Tembung tuku ing salebeting ukara: ➤ (a) ateges: mundhut (<i>membeli</i>), (b) ateges: nyogok (<i>menyuap</i>); ➤ Awujud lingga : boten karaketan wuwuhan, boten dipuncambor, boten dipunrangkep. ➤ Jinisipun kriya: nedahaken satunggaling tumindak, saged sumambung tembung <i>anggone, olehe, ora, saha saged mangsuli pandangan 'menapa ingkang dipuntindakaken dening jejer?'</i>; ➤ Tipe <i>pengelompokan makna sampingan:</i> <i>makna sentral:</i> mundhut, <i>makna sampingan:</i> nyogok (<i>menyuap</i>).
		b.Aran	1) <i>Pengelompokan makna sampingan</i>	a) Luwih-luwih weruh yen betor wira-wiri bebas momot penumpang, tanpa ngalami pepalang wira-wiri ana dalan gedhe. (Dt: 11) b) Yen pancen iki sing dadi pepalange perlu terus terang dibeberake, sateruse digolekake dalan bisane ana revisi UU ASN ksb. (Dt: 11) • Tembung dalan ing salebeting ukara: ➤ (a) ateges: margi, (b) ateges: cara ; ➤ Awujud lingga: boten karaketan wuwuhan, dipunrangkep saha dipuncambor; ➤ Jinisipun aran: saged sumambung tembung <i>dudu/sanes utawi ana</i>, boten saged sumambung tembung <i>ora</i>. ➤ Tipe <i>pengelompokan makna sampingan</i> <i>makna sentral:</i> margi (<i>jalan</i>) <i>makna sampingan:</i> cara

tabel salajengipun...

1	2	3	4	5
			2) <i>Asosiatif Konstituen Keseluruhan</i>	Kepulaun Ryukyu sing wujud brendengan pulo karang kebak alas gunung iki dadi seksi sejarah campuhe perang brubuh sing nggondhol atusan ewu nyawa tentara apadene warga sipil. (Dt: 72) • Tembung nyawa ing salebeting ukara: ➢ Ateges manungsa/tiyang ; ➢ Awujud lingga: boten karaketan wuwuhan, dipunrangkep saha dipuncambor; ➢ Jinisipun aran: saged sumambung tembung <i>dudu/sanes</i> utawi <i>ana</i>, boten saged sumambung tembung <i>ora</i>. <i>Keseluruhan</i>: dipunginakaken kangge nedahaken sedaya perangan objek inggih menika manungsa, tiyang
			3) <i>Hubungan anggota Kelas</i>	Akeh panemu, kelompok iki oleh bantuan dhuwit lan senjata saka Amerika Serikat (AS) liwat pemerintah Pakistan (Dt 68) • Tembung senjata ing salebeting ukara: ➢ Awujud lingga: boten karaketan wuwuhan, dipunrangkep saha dipuncambor; ➢ Jinisipun aran: saged sumambung tembung <i>dudu/sanes</i> utawi <i>ana</i>, boten saged sumambung tembung <i>ora</i>. <i>Tipe hubungan anggota kelas</i>: nedahaken sedaya anggota hiponimipun inggih menika <i>rudal, pistol, granat</i>.
		c. Kaanan	1) <i>Pengelompokan makna sampingan</i>	a) Semono uga gamelane tumumpang ana sadhuwure meja cilik, iki ora ateges mrengkang seka tradhisi nanging amarga pemaine kang wis sepuh ora kuwat lenggah lesehan. (Dt: 08) b) Kosokbaline, dhaerah saka ibu kota mirunggan sajabane Pulo Jawa mung dipameri pejabat dhuwit Negara, urip makmur dhacah-dhacah ing sadhuwure papa cintrake rakyat cilik. (Dt: 08) • Tembung cilik ing salebeting ukara: ➢ (a) ateges: alit, (b) ateges: mlarat

tabel salajengipun...

1	2	3	4	5
				➤ Awujud lingga: boten karaketan wuwuhan, dipunrangkep saha dipuncambor; ➤ Jinisipun kaanan: Saged sumambung tembung <i>luwih/ langkung, banget/ sanget, rada/ radi</i>; ➤ Tipe <i>pengelompokan makna sampingan</i>: <i>makna sentral</i>: alit, <i>makna sampingan</i>: mlarat.
			2) <i>Derivasi nol/ kosong</i>	a) Prastawa kekarone yaiku dina pengetan Hari Anak Nasional karo gerakan wong tuwa ngeterake anak ing dina sepisan sekolah akeh gandheng cenenge. (Dt: 56) b) Biasane banjur mrangguli warga Kelor kang lagi panen salak kang wis gedhe-gedhe lan tuwa. (Dt:06) • Tembung tuwa ing salebeting ukara: ➤ (a) ateges: tiyang sepuh/bapak ibuk, (b) ateges: mateng; ➤ Awujud lingga: boten karaketan wuwuhan, dipunrangkep saha dipuncambor; ➤ Jinisipun aran: saged sumambung kaliyan tembung <i>dudu/sanes</i> utawi <i>ana</i>, boten saged sumambung tembung <i>ora</i>. ➤ Tipe <i>derivasi nol/ kosong</i>: a) jinisipun aran ingkang dipunturunaken saking tembung kaanan, b) jinisipun kaanan.
2	Andha-han	a. Kriya	1) <i>Pengelompokan makna sampingan</i>	a) Para wisatawan bisa mancing, njaring iwak lan ngewangi nawu blumbang sawise iwake dipanen. (Dt: 36) b) Pratelane Mayor Jendral (Purn) Kivlan Zein menawa Partai Komunis Indonesia (PKI) jenggelek maneh (Rebo, 01 Juni 2016) ora wurunga mancing pratelane Menteri Koordinasi Politik Hukum dan Keamanan (Polhukam) Luhut Binsar Panjaitan. (Dt: 36) • Tembung mancing ing salebeting ukara: (a) ateges: pados iwak ngangge

tabel salajengipun...

1	2	3	4	5
				pirantos pancing, (b) ateges: nuwuhaken/njalari; ➤ Awujud andhahan: karaketan ater-ater <i>N-</i> (<i>m-</i>), <i>N-</i> (<i>m-</i>) + <i>pancing</i>: <i>mancing</i>; ➤ Jinisipun kriya: nedahaken satunggaling tumindak, saged sumambung tembung <i>anggone</i>, <i>olehe ora</i>, saha saged mangsuli pandangon ‘<i>menapa ingkang dipuntindakaken dening jejer?</i>’; ➤ Tipe pengelompokan makna sampingan: <i>makna sentral</i>: pados iwak ngangge pirantos pancing, <i>makna sampingan</i>: nuwuhaken/njalari.
			2) Hubungan Asosiatif Kontiguitas Temporal	Manut SK, sekolah iki ngadeg ing tanggal 14 Juli 1981, kanthi jeneng SMP Negeri 2 Depok. (<i>Dt</i>: 63) • Tembung ngadeg ing salebeting ukara: ➤ Awujud andhahan: Karaketan ater-ater <i>N-</i> (<i>ng-</i>), <i>N-</i> (<i>ng-</i>) + <i>adeg</i>: <i>ngadeg</i>; ➤ Jinisipun kriya: nedahaken satunggaling tumindak, saged sumambung tembung <i>anggone</i>, <i>olehe, ora</i>, saha saged mangsuli pandangon ‘<i>menapa ingkang dipuntindakaken dening jejer?</i>’; ➤ Tipe hubungan asosiatif kontiguitas temporal: dipunnginakaken kangge nedahaken wekdal nalika sekolahipun madeg, boten nedahaken prastawa sekolahipun ngadeg.
		b. Aran	1) Pengelompokan makna sampingan	a) Padusan utawa pasiraman kasebut yasane Sinuwun Paku Buwana x ing Surakarta. (<i>Dt</i>: 51) b) Rong dina sadurunge sasi Pasa, Umbul Tirtomulyo padha dinggo padusan. (<i>Dt</i>: 51) • Tembung padusan ing salebeting ukara: ➤ (a) ateges: papan kangge siram,

tabel salajengipun...

1	2	3	4	5
				(b) ateges: siram sakderengipun siyam Ramadhan (<i>sesucen</i>); ➤ Awujud andhahan: Karaketan ater-ater <i>pa-</i>, panambang <i>-an: pa- + adus + -an: padusan</i>; ➤ Jinisipun aran: saged sumambung kaliyan tembung <i>dudu/sanes</i> utawi <i>ana</i>, boten saged sumambung tembung <i>ora</i>. ➤ Tipe <i>pengelompokan makna sampingan</i>: <i>makna sentral</i>: papan kagge adus, <i>makna sampingan</i>: sesuci sakderengipun siyam Ramadhan.
		c. Kaanan	1) <i>derivasi afiksasi</i>	a) Diwiwiti saka prastawa Kemis Legi 17 Maret 2016 ing nalika kerusuhan ngambra-ambra krana kurang sabare para tahanan nunggu giliran mlebu sel tahanan sing jerone wis seg-segan. (Dt: 23) b) Umbul kang mligi kanggo adus wong wadon jerone watara 1,5 m. (Dt: 23) • Tembung jerone ing salebeting ukara ➤ (a) ateges: ing salebetipun (<i>didalamnya</i>), (b) ateges: ukuranipun saking dhasar; ➤ Awujud andhahan: karaketan panambang <i>-ne, jero + -ne: jerone</i>; ➤ Jinisipun kaanan: Saged sumambung tembung <i>luwih/ langkung, banget/ sanget, rada/ radi</i>; ➤ Tipe <i>derivasi mawi wuwuhan</i>: Jinisipun tembung aran ingkang dipunturunaken <i>saking tembung kaanan</i>, (b) jinisiun tembung kaanan.
3	Rangkep	a. Kaanan	1) <i>pengelompokan makna sampingan</i>	a) Desa Imogiri, Kecamatan Imogiri wektu iki gumregut mbangun desane kanthi werna-werna kegiatan. (Dt: 13) b) Permasalahan umat dina iki ora mung babagan kemelaratan lan kabodhohan wae ananging sangsaya werna-werna kayata kekerasan seksual, radhikalisme, LGBT lan penyimpangan ajaran agama kalebu ormas Gafatar. (Dt: 13)

tabel salajengipun...

1	2	3	4	5
				• Tembung werna-werna ing salebeting ukara: ➤ (a) ateges: maneka warna (<i>macam-macam</i>) (b) ateges: kathah (<i>banyak</i>); ➤ Awujud rangkep: Tembungipun dipunrangkep, <i>werna + R: werna-werna</i>; ➤ Jinisipun kaanan: Saged sumambung tembung <i>luwih/ langkung, banget/ sanget, rada/ radi</i>; ➤ Tipe <i>pengelompokan makna sampingan</i>: <i>makna sentral</i>: maneka warna (<i>macam-macam</i>), <i>makna sampingan</i>: kathah (<i>banyak</i>).
4	Camboran	a. aran	1) <i>asosiatif atributif keseluruhan</i>	Kemiskinan lan daya pangribawane jenewer (minuman keras, miras) sarta endhog setan (narkoba) campur dadi siji nyipta pribadi kaco sing ngubal dredah ing masarakat. (18) • Tembung endhog setan ing salebeting ukara: ➤ Awujud camboran: Camboran saking tembung <i>endhog + setan: endhog setan</i>) ➤ Jinisipun aran: Saged sumambung tembung <i>luwih/ langkung, banget/ sanget, rada/ radi</i>; ➤ Tipe <i>asosiatif atributif keseluruhan</i>: <i>Maka</i>: narkoba, asipat kados endhog setan
5	Frasa	a. aran	1) <i>hubungan asosiatif spasial</i>	Salah sawijining adicara kang kagelar ing sasi Sura yaiku tradhisi ganti luwur kang ditindakake ing Makam Ki Ageng Pantaran. (Dt: 65) • Frasa sasi Sura ing salebeting ukara: ➤ Awujud frasa: Gabungan kalih tembung <i>sasi + Sura: sasi Sura</i>; ➤ Jinisipun aran: Saged sumambung tembung <i>luwih/ langkung, banget/ sanget, rada/ radi</i>; ➤ Tipe <i>hubungan asosiatif spasial</i>:

tabel salajengipun...

1	2	3	4	5
				nedahaken satunggaling dinten ing sasi Sura.
			2) <i>Hubungan asosiatif kontiguitas temporal</i>	Perang Pasifik sing ngatutake Jepang utawa Nipong nglawan Sekutu (kedadean saka Tiongkok, AS, Inggris, Australia, WAlanda, Selandia Baru Kanada lan Uni Soviet utawi Rusia) iki dumadi ing Samodra Pasifik, pulau-pulau ing jerone sarta dharatan Asia. (Dt: 71) Frasa Perang Pasifik ing salebeting ukara: ➤ Awujud frasa: ➤ Gabungan kalih tembung <i>perang</i> + <i>pasifik</i>: <i>perang pasifik</i>; ➤ Jinisipun aran: - Saged sumambung tembung <i>luwih/ langkung, banget/ sanget, rada/ radi</i>; ➤ Tipe hubungan asosiatif kontiguitas temporal: - nedahaken prastawa ingkang kadadosan ing Samodra Pasifik.
			3) <i>Hubungan asosiatif atributif keseluruhan</i>	Kanyatan, kasil gedhe saka Barcelona wektu iki disetor menyang pemerintah pusat sing ateges Catalunya mung dadi “sapi perahan”. (Dt: 70) • Tembung sapi perahan ing salebeting ukara: ➤ Awujud frasa: - Gabungan kalih tembung <i>sapi</i> + (<i>perah</i> + -an): <i>sapi perahan</i>; ➤ Jinisipun aran: - Saged sumambung tembung <i>luwih/ langkung, banget/ sanget, rada/ radi</i>; ➤ Tipe hubungan asosiatif atributif keseluruhan: - nedahaken Negara ingkang gadhah sipat kados sapi perahan (namung dipunmanfaatkan kemawon).

Miturut asiling panaliten wonten nginggil babagan wujud ingkang ngewrat polisemi ingkang kapanggihaken inggih menika lingga,

andhahan, rangkep, camboran saha frasa. Tembung ingkang ngewrat polisemi menawi dipuntingali saking jinising tembung saged kapanggihaken tigang jinis inggih menika kriya, aran, saha kaanan. Tembung ingkang ngewrat polisemi menawi dipuntingali saking *tipe* gegayutan tegesing tembung ingkang kapanggihaken inggih menika *pengelompokan makna sampingan, derivasi nol/kosong, derivasi afiksasi, hubungan asosiatif kontiguitas temporal, hubungan asosiatif spasial, asosiatif konstituen keseluruhan, hubungan anggota kelas, saha asosiatif atributif keseluruhan*.

Pirembagan babagan wujuding tembung, jinising tembung, saha *tipe* gegayutan tegesing tembung ingkang ngewrat polisemi wonten salebeting tabel asiling panaliten badhe dipunandharaken wonten perangan pirembagan asiling panaliten. Andharan asiling panaliten dipunandharaken kanthi cara ndadosaken setunggal antawisipun wujud, jinis, saha *tipe* gegayutan panganggening tembung ingkang ngewrat polisemi supados boten ngrembag kanthi wongsal-wangsul.

B. Pirembagan Asil Panaliten

Miturut asil panaliten wonten nginggil babagan wujud tembung, jinis tembung, saha *tipe* gegayutan tegesing tembung ingkang ngewrat polisemi wonten rubrik pawarta kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016 boten saged dipunpethal-pethal amargi sadayanipun gayut. Pirembagan asil panaliten menika kawiwitan saking wujuding polisemi kalajengaken jinising tembung saha *tipe* gegayutan tegesing tembung ingkang badhe dipunandharaken kanthi runtut wonten ngandhap menika. Pirembagan kasebat dipunjangkepi kaliyan data

ingkang dipunpendhet saking rubrik pawarta salebetipun kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016.

Saben wujud kalawau kapanggihaken wonten rubrik pawarta salebetipun kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016 wonten kalih inggih menika awujud tembung saha frasa. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken saben wujud kalawau, kalajengaken jinis saha *tipe* gegayutan tegesing tembung ingkang ngewrat polisemi. Andharan kaping setunggal kawiwitan saking polisemi awujud tembung.

1. Polisemi Awujud Tembung

Perangan menika badhe ngrembag polisemi ingkang awujud tembung. Polisemi awujud tembung kaperang dados sekawan, inggih menika polisemi awujud tembung lingga, polisemi awujud tembung andhahan, polisemi awujud tembung camboran saha polisemi awujud tembung rangkep. Andharan kaping setunggal kawiwitan saking polisemi awujud tembung lingga ingkang ngewrat polisemi kalajengaken jinising tembung ingkang ngewrat polisemi saha *tipe* gegayutan tegesing tembung polisemi.

a. Polisemi Awujud Tembung Lingga

Polisemi awujud tembung lingga inggih menika tembung ingkang ngewrat polisemi awujud tembung lingga utawi tembung ingkang boten karaketan wuwuhan, dipunrangkep saha dipuncambor. Adhedhasar data wujuding tembung lingga ingkang ngewrat polisemi gadhah maneka warni jinising tembung. Jinising tembung ingkang dipunpanggihaken saking rubrik pawarta salebetipun kalawarti

Djaka Lodang wedalan warsa 2016 inggih menika kriya, aran, saha kaanan. Bab kasebat badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1) Polisemi Awujud Tembung Lingga Jinising Tembung Kriya

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud tembung lingga jinising tembung kriya. Polisemi awujud tembung lingga jinising tembung kriya inggih menika tembung ingkang ngewrat polisemi awujud tembung lingga ingkang ajejinis kriya. Tembung kriya utawi *verba* inggih menika tembung ingkang nedahaken solah bawa, tumindak (*verba tindakan*) utawi lampahipun satunggaling kaanan (*verba proses*) (Sasangka, 2011: 110).

Tembung lingga jinising tembung kriya wonten salebeting rubrik pawarta kalawarti Djaka Lodang wedalan 2016 menika gadhah maneka warni *tipe* gegayutan tegesing polisemi. *Tipe* gegayutan tegesing polisemi ingkang dipunpanggiaken inggih menika *pengelompokan makna sampingan* saha *derivasi nol/kosong*. Bab kasebat badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Polisemi Awujud Tembung Lingga Jinising Tembung Kriya Tipe *Pengelompokan Makna Sampingan*

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud tembung lingga jinising tembung kriya *tipe pengelompokan makna sampingan*. *Tipe pengelompokan makna sampingan* inggih menika teges pokok satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge gegaran netepaken tegesing tembung menika adhedhasar *konteks* ukaranipun (Sudiro, 2014: 34). Wonten ngandhap menika badhe dipunandharaken data saking polisemi awujud tembung lingga jinising kriya *tipe pengelompokan makna sampingan*.

- (1) (a) Ana ing taun 2016 Kabupaten Bantul dianggarke Rp. 132.000.000,00 kanggo **tuku** winih iwak arupa nila, tambra, tawes uga kepiting. (Dt:55)

- (b) Bandha kena kanggo **tuku** keadilan lan kekuwasaan. (Dt: 55)

Pethikan ing nginggil ngemu tembung *tuku*. Tembung *tuku* ing ukara wonten nginggil kalebet tembung ingkang ngewrat polisemi amargi gadhah kalih teges ingkang beda. Bedaning teges dipundhasari *konteks* ukara ingkang beda. Bab kasebat saged dipuntingali tembung *tuku* ing ukara (a) ‘...kanggo **tuku** winih iwak arupa nila...” wondene ing ukara (b) “...kanggo **tuku** keadilan lan kekuwasaan”. Tembung ‘*tuku*’ ing ukara (a) ateges ‘*mundhut*’ wondene ing ukara (b) ateges ‘*nyogok*’ (*menyuap*). Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *tuku* kalebet tembung polisemi.

Tembung *tuku* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud tembung lingga. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung lingga inggih menika boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep, saha boten dipuncambor. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *tuku* kalebet tembung lingga, amargi boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep saha boten dipuncambor.

Tembung *tuku* ingkang ngewrat polisemi adhedhasar jinising tembung, kalebet tembung kriya. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung kriya inggih menika nedahaken satunggaling solah bawa, tumindak (*verba tindakan*) utawi lampahipun satunggaling prastawa (*verba proses*) (Sasangka, 2011: 110). Tembung kriya ugi saged dipunnegasikaken kanthi

tembung *ora*, saged sumambung kaliyan tembung *anggone*, *olehe* saha saged mangsuli pandangan ‘*menapa ingkang dipuntindakaken dening subjek?*’. Adhedhasar andharan kasebat satemah tembung *tuku* saged dipundamel *ora tuku*, *anggone tuku*, *olehe tuku*.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi tembung *tuku* kalebet *tipe pengelompokan makna sampingan*. *Pengelompokan makna sampingan* inggih menika teges pokok satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge gegaran netepaken tegesing tembung adhedhasar *konteks* ukaranipun (Sudiro, 2014: 34). Saged dipuntingali bilih tembung *tuku* gadhah teges pokok ‘*mundhut*’ ingkang dipunginakaken gegaran kangge negesi teges *sampingan* inggih menika ‘*nyogok*’ (*menyuap*). Kalih teges kasebat gadhah gegayutan inggih menika sami-sami pikantuk satunggaling pirantos kanthi ngginakaken arta, wondene bedanipun saged dipuntingali saking lesanipun. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *tuku* kalebet *tipe gegayutan tegesing polisemi pengelompokan makna sampingan*.

Data sanes ingkang nedahaken polisemi awujud tembung lingga jinising kriya *tipe gegayutan pengelompokan makna sampingan* badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

- (2) (c) Saben dina libur padusan Umbul Tirtomulyo dadi papan jujukane sapa wae kang kepingin lelumban, adus, kungkum, lan **ambyur**. (Dt: 03)
- (d) Pengalamane **ambyur** ing lembaga desa uga ora kena disepelekake merga dheweke nate kadhapuk minangka ketua RW 10 taun 2009-2013, anggota KPMD, ketua pengetan HUT RI sadesa Pengadegan taun 2012 kapungkur lan sekretaris TPK. (Dt: 03)

Pethikan ing nginggil ngemu tembung *ambyur*. Tembung *ambyur* ing ukara wonten nginggil kalebet tembung ingkang ngewrat polisemi amargi gadhah kalih teges ingkang beda. Bedaning teges dipundhasari *konteks* ukara ingkang beda. Bab kasebat saged dipuntingali tembung *ambyur* ing ukara (c) “...kang kepingin lelumban, adus, kungkum, lan **ambyur**” wondene ing ukara (d) “Pengalamane **ambyur** ing lembaga desa...”. Tembung *ambyur* ing ukara (c) ateges ‘*njebur ing banyu*’ wondene ing ukara (d) ateges ‘*mlebet*’. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *ambyur* kalebet tembung polisemi.

Tembung *ambyur* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud tembung lingga. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung lingga inggih menika boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep, saha boten dipuncambor. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *ambyur* kalebet tembung lingga, amargi boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep saha boten dipuncambor.

Tembung *ambyur* ingkang ngewrat polisemi adhedhasar jinising tembung kalebet tembung kriya. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung kriya inggih menika nedahaken satunggaling solah bawa, tumindak (*verba tindakan*) utawi lampahipun satunggaling prastawa (*verba proses*) (Sasangka, 2011: 110). Tembung kriya ugi saged dipunnegasikaken kanthi tembung *ora*, saged sumambung kaliyan tembung *anggone*, *olehe* saha saged mangsuli pandangan ‘*menapa ingkang dipuntindakaken dening subjek?*’. Adhedhasar andharan kasebat satemah tembung *ambyur* saged dipundamel *ora ambyur*, *anggone ambyur*, *olehe ambyur*.

Adhedhasar *tipe gegayutan tegesing polisemi tembung ambyur kalebet tipe pengelompokan makna sampingan*. *Pengelompokan makna sampingan* inggih menika teges pokok satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge gegaran netepaken tegesing tembung adhedhasar *konteks* ukaranipun (Sudiro, 2014: 34). Saged dipuntingali bilih tembung *ambyur* gadhah teges pokok '*njebur ing banyu*' ingkang dipunginakaken gegaran kangge negesi teges *sampingan* inggih menika '*mlebet ing satunggaling prekawis*'. Kalih teges kasebat gadhah gegayutan inggih menika sami-sami nglampahi tumindak kanthi mlebet ing satunggaling papan, wondene bedanipun saged dipuntingali saking konteksipun. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *ambyur* kalebet *tipe gegayutan tegesing polisemi pengelompokan makna sampingan*.

2) Polisemi Awujud Tembung Lingga Jinising Tembung Aran

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud tembung lingga jinising tembung aran. Polisemi awujud tembung lingga jinising tembung aran inggih menika tembung ingkang ngewrat polisemi awujud tembung lingga ingkang ajejinis aran. Tembung aran utawi *nomina* inggih menika tembung ingkang nedahaken nama satunggaling pirantos/ tumindak (Sasangka, 2011: 108).

Tembung lingga jinising tembung aran wonten salebeting rubrik pawarta kalawarti Djaka Lodang wedalan 2016 menika gadhah maneka warni *tipe gegayutan tegesing polisemi*. *Tipe gegayutan tegesing polisemi ingkang dipunpanggiaken inggih menika pengelompokan makna sampingan, asosiatif*

konstituen keseluruhan, saha hubungan anggota kelas. Bab kasebat badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

**a) Polisemi Awujud Tembung Lingga Jinising Tembung Aran Tipe
*Pengelompokan Makna Sampingan***

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud tembung lingga jinising tembung aran *tipe pengelompokan makna sampingan*. Tipe *pengelompokan makna sampingan* inggih menika teges pokok satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge gegaran netepaken tegesing tembung adhedhasar *konteks* ukaranipun (Sudiro, 2014:34). Wonten ngandhap menika badhe dipunandharaken data saking polisemi awujud tembung lingga jinising tembung aran *tipe pengelompokan makna sampingan*.

(a) Luwih-luwih weruh yen betor wira-wiri bebas momot penumpang, tanpa ngalami pepalang wira-wiri ana **dalan** gedhe. (Dt: 11)

(b) Yen pancen iki sing dadi pepalange perlu terus terang dibeberake, sateruse digolekake **dalan** bisane ana revisi UU ASN ksb. (Dt: 11)

Pethikan ing nginggil ngemu tembung *dalan*. Tembung *dalan* ing ukara wonten nginggil kalebet tembung ingkang ngewrat polisemi amargi gadhah kalih teges ingkang beda. Bedaning teges dipundhasari *konteks* ukara ingkang beda. Bab kasebat saged dipuntingali tembung *dalan* ing ukara (a) ‘...tanpa ngalami pepalang wira-wiri ana **dalan** gedhe’ wondene ing ukara (b) ‘...sateruse digolekake **dalan** bisane ana revisi UU ASN ksb’. Tembung *dalan* ing ukara (a) ateges ‘*margi*’ (*jalan*) wondene ing ukara (b) ateges ‘*cara*’ (*cara*). Adhedhasar

andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *dalan* kalebet tembung polisemi.

Tembung *dalan* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud tembung lingga. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung lingga inggih menika boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep, saha boten dipuncambor. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *dalan* kalebet tembung lingga, amargi boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep saha boten dipuncambor.

Tembung *dalan* ingkang ngewrat polisemi adhedhasar jinising tembung kalebet tembung aran. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung aran inggih menika tembung ingkang nedahaken nama satunggaling pirantos/tumindak (Sasangka, 2011: 108). Tembung aran ugi saged sumambung kaliyan tembung *dudu* saha *ana*, boten saged sumambung kaliyan tembung *ora*. Adhedhasar andharan kasebat satemah tembung *dalan* saged dipundamel *dudu dalan*, *ana dalan*, **ora dalan*.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi tembung *dalan* kalebet *tipe pengelompokan makna sampingan*. *Pengelompokan makna sampingan* inggih menika teges pokok satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge gegaran netepaken tegesing tembung adhedhasar *konteks* ukaranipun (Sudiro, 2014:34). Saged dipuntingali bilih tembung *dalan* gadhah teges pokok ‘*margi*’ (*jalan*) ingkang dipunginakaken gegaran kangge negesi teges *sampingan* inggih menika ‘*cara*’. Kalih teges kasebat gadhah gegayutan inggih menika pirantos

ingkang dipunginakaken kangge tumuju ing satunggaling papan utawi prekawis, wondene bedanipun saged dipuntingali saking *konteksipun*. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *dalan* kalebet *tipe* gegayutan tegesing polisemi *pengelompokan maknasampingan*.

b) Polisemi Awujud Tembung Lingga Jinising Tembung Aran Tipe Asosiatif

Konstituen Keseluruhan

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud tembung lingga jinising tembung aran *tipe asosiatif konstituen keseluruhan*. *Tipe asosiatif konstituen keseluruhan* inggih menika satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken perangan ingkang langkung ageng saking *objek* ingkang dipunmaksud (Sudiro, 2014: 32). Wonten ngandhap menika badhe dipunandharaken data saking polisemi awujud tembung lingga jinising tembung aran *tipe asosiatif konstituen keseluruhan*.

- (1) “Kekendelane ngrangkul pesainge, ngajak lan nyedhaki wong-wong utawa pihak sing mungsuhi temah dadi kanca, sarta ora perdulen marang **swara** sing ngremehake lan ngeker-eker asmane, nuduhake Jokowi sosok pemimpin sing luar biasa.” (Dt: 62)

Pethikan ing nginggil ngemu tembung *swara*. Tembung *swara* ing ukara wonten nginggil kalebet tembung ingkang ngewrat polisemi amargi boten dipunginakaken kangge nedahaken teges pokokipun. Tembung *swara* gadhah teges ‘*kedhering hawa ingkang dipuntampi ing indera pamireng*’, wondene ing ukara “...ora perdulen marang **swara** sing ngremehake...” ateges ‘*manungsa/ tiyang*’. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *swara* kalebet tembung polisemi.

Tembung *swara* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud tembung lingga. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung lingga inggih menika boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep, saha boten dipuncambor. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *swara* kalebet tembung lingga, amargi boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep saha boten dipuncambor.

Tembung *swara* ingkang ngewrat polisemi adhedhasar jinising tembung kalebet tembung aran. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung aran inggih menika tembung ingkang nedahaken nama satunggaling pirantos (Sasangka, 2011: 108). Tembung aran ugi saged sumambung kaliyan tembung *dudu* saha *ana*, boten saged sumambung kaliyan tembung *ora*. Adhedhasar andharan kasebat satemah tembung *swara* saged dipundamel *dudu swara*, *ana swara*, **ora swara*.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi tembung *swara* kalebet *tipe asosiatif konstituen keseluruhan*. *Asosiatif konstituen keseluruhan* inggih menika satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken perangan ingkang langkung ageng saking *objek* ingkang dipunmaksud (Sudiro, 2014: 32). Saged dipuntingali bilih tembung *swara* gadhah teges pokok '*kedhering hawa ingkang dipuntampi ing indera pamireng*' ingkang dipunginakaken kangge nedahaken '*manungsa/tiyang*'. Teges '*manungsa/tiyang*' nedahaken perangan ingkang langkung ageng saking *swara* (*swara manungsa/pamanggih*). Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *swara* kalebet *tipe gegayutan tegesing polisemi asosiatif konstituen keseluruhan*.

Data sanes ingkang nedahaken polisemi awujud tembung lingga jinising aran *tipe* gegayutan *asosiatif konstituen keseluruhan* badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

- (2) “Kepulaun Ryukyu sing wujud brendengan pulo karang kebak alas gunung iki dadi seksi sejarah campuhe perang brubuh sing nggondhol atusan ewu **nyawa** tentara apadene warga sipil.” (Dt: 72)

Pethikan ing nginggil ngemu tembung *nyawa*. Tembung *nyawa* ing ukara wonten nginggil kalebet tembung ingkang ngewrat polisemi amargi boten dipunginakaken kangge nedahaken teges pokokipun. Tembung *nyawa* gadhah teges ‘*sukma*’, wondene ing ukara “perang brubuh sing nggondhol atusan ewu **nyawa**...” ateges ‘*manungsa/ tiyang*’. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *nyawa* kalebet tembung polisemi.

Tembung *nyawa* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud tembung lingga. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung lingga inggih menika boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep, saha boten dipuncambor. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *nyawa* kalebet tembung lingga, amargi boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep saha boten dipuncambor.

Tembung *nyawa* ingkang ngewrat polisemi adhedhasar jinising tembung kalebet tembung aran. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung aran inggih menika tembung ingkang nedahaken nama satunggaling pirantos(Sasangka, 2011: 108). Tembung aran ugi saged sumambung kaliyan tembung *dudu* saha *ana*, boten saged sumambung kaliyan tembung *ora*.

Adhedhasar andharan kasebat satemah tembung *nyawa* saged dipundamel *dudu nyawa, ana nyawa, *ora nyawa*.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi tembung *nyawa* kalebet *tipe asosiatif konstituen keseluruhan*. Asosiatif konstituen keseluruhan inggih menika satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken perangan ingkang langkung ageng saking *objek* ingkang dipunmaksud (Sudiro, 2014: 32). Saged dipuntingali bilih tembung *nyawa* gadhah teges pokok ‘*sukma*’ ingkang dipunginakaken kangge nedahaken ‘*manungsa/tyang*’. Teges ‘*manungsa/ tyang*’ nedahaken perangan ingkang langkung ageng saking *nyawa*. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *nyawa* kalebet *tipe gegayutan tegesing polisemi asosiatif konstituen keseluruhan*.

c) Polisemi Awujud Tembung Lingga Jinising Tembung Aran Tipe Hubungan Anggota Kelas

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud tembung lingga jinising tembung aran *tipe hubungan anggota kelas*. Tipe hubungan anggota kelas inggih menika tegesing setunggal tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken anggota *hiponimipun* saking tembung kasebat (Sudiro, 2014: 34). Wonten ngandhap menika badhe dipunandharaken data saking polisemi awujud tembung lingga jinising tembung aran *tipe hubungan anggota kelas*.

- (1) “Akeh panemu, kelompok iki oleh bantuan dhuwit lan **senjata** saka Amerika Serikat (AS) liwat pemerintah Pakistan.” (Dt: 68)

Pethikan ing nginggil ngemu tembung *senjata*. Tembung *senjata* ing ukara wonten nginggil kalebet tembung ingkang ngewrat polisemi amargi boten

dipunginakaken kangge nedahaken teges pokokipun. Tembung *senjata* gadhah teges ‘*pirantos kangge nanggulang musuh*’, wondene ing ukara “...bantuan dhuwit lan **senjata** ...” dipunginakaken kangge nedahaken ‘*rudal, pistol, granat*’. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *senjata* kalebet tembung polisemi.

Tembung *senjata* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud tembung lingga. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung lingga inggih menika boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep, saha boten dipuncambor. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *senjata* kalebet tembung lingga, amargi boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep saha boten dipuncambor.

Tembung *senjata* ingkang ngewrat polisemi adhedhasar jinising tembung tembung aran. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung aran inggih menika tembung ingkang nedahaken nama satunggaling pirantos (Sasangka, 2011: 108). Tembung aran ugi saged sumambung kaliyan tembung *dudu* saha *ana*, boten saged sumambung kaliyan tembung *ora*. Adhedhasar andharan kasebat satemah tembung *senjata* saged dipundamel *dudu senjata, ana senjata, *ora senjata*.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi tembung *senjata* kalebet *tipe hubungan anggota kelas*. *Hubungan anggota kelas* inggih menika tegesing setunggal tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken anggota *hiponimipun* saking tembung kasebat (Sudiro, 2014:34). Saged dipuntingali bilih

tembung *senjata* gadhah teges pokok ‘*pirantos kangge nanggulang musuh*’, ingkang dipunginakaken kangge nedahaken ‘*rudal, pistol, granat*’. Teges ‘*rudal, pistol, granat*’ nedahaken anggota *hiponimipun* saking tembung *senjata*. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *senjata* kalebet *tipe* gegayutan tegesing polisemi *hubungan anggota kelas*.

Data sanes ingkang nedahaken polisemi awujud tembung lingga jinising aran *tipe hubungan anggota kelas* badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

- (2) “Dhek jamane durung usum seprit lan **remazon** sing usum wedhus kembang, dudu wedhus masuk angin. (Dt:54)

Pethikan ing nginggil ngemu tembung *remazon*. Tembung *remazon* ing ukara wonten nginggil kalebet tembung ingkang ngewrat polisemi amargi boten dipunginakaken kangge nedahaken teges pokokipun. Tembung *remazon* gadhah teges pokok ‘*obat gosok ingkang merkipun remazon*’, wondene ing ukara “...jamane durung usum seprit lan **remazon** ...” dipunginakaken kangge nedahaken ‘*obat gosok*’. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *remazon* kalebet tembung polisemi.

Tembung *remazon* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud tembung lingga. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung lingga inggih menika boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep, saha boten dipuncambor. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *remazon* kalebet tembung lingga, amargi boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep saha boten dipuncambor.

Adhedhasar jinising tembung, tembung *remazon* kalebet tembung aran. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung aran inggih menika tembung ingkang nedahaken nama satunggaling pirantos (Sasangka, 2011: 108). Tembung aran ugi saged sumambung kaliyan tembung *dudu* saha *ana*, boten saged sumambung kaliyan tembung *ora*. Adhedhasar andharan kasebat satemah tembung *remazon* saged dipundamel *dudu remazon*, *ana remazon*, **ora remazon*.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi tembung *remazon* kalebet *tipe hubungan anggota kelas*. *Hubungan anggota kelas* inggih menika tegesing setunggal tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken anggota *hiponimipun* saking tembung kasebat (Sudiro, 2014: 34). Saged dipuntingali bilih tembung *remazon* gadhah teges pokok '*obat gosok merkipun remazon*', ingkang dipunginakaken kangge nedahaken '*obat gosok ingkang dereng tamtu merkipun remazon ananging saged balpirik utawi geliga*'. Teges '*balpirik utawi geliga*' nedahaken anggota *hiponimipun* saking tembung *obat gosok*. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *remazon* kalebet *tipe gegayutan tegesing polisemi hubungan anggota kelas*.

3) Polisemi Awujud Tembung Lingga Jinising Tembung Kaanan/ Sipat

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud tembung lingga jinising tembung kaanan. Polisemi awujud tembung lingga jinising tembung kaanan inggih menika tembung ingkang ngewrat polisemi awujud tembung lingga ingkang ajejinis kaanan. Tembung kaanan utawi *adjektiva* inggih menika tembung

ingkang nedahaken kaananipun satunggaling pirantos utawi bab (Sasangka, 2011: 118).

Tembung lingga jinising tembung kaanan wonten salebeting rubrik pawarta kalawarti Djaka Lodang wedalan 2016 menika gadhah kalih *tipe* gegayutan tegesing polisemi. *Tipe* gegayutan tegesing polisemi ingkang dipunpanggiaken inggih menika *pengelompokan makna sampingan* saha *derivasi nol/kosong*. Bab kasebat badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

**a) Polisemi Awujud Tembung Lingga Jinising Tembung Kaanan Tipe
*Pengelompokan Makna Sampingan***

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud tembung lingga jinising tembung kriya *tipe pengelompokan makna sampingan*. *Tipe pengelompokan makna sampingan* inggih menika teges pokok satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge gegaran netepaken adhedhasar *konteks* ukaranipun (Sudiro, 2014: 34). Wonten ngandhap menika badhe dipunandharaken data saking polisemi awujud tembung lingga jinising kriya *tipe pengelompokan makna sampingan*.

(1) (a) Semono uga gamelane tumumpang ana sadhuwure meja **cilik**, iki ora ateges mrengkang seka tradhisi nanging amarga pemaine kang wis sepuh ora kuwat lenggah lesehan. (Dt: 08)

(b) Kosokbaline, dhaerah saka ibu kota mirunggan sajabane Pulo Jawa mung dipameri pejabat dhuwit Negara, urip makmur dhacah-dhacah ing sadhuwure papa cintrakae rakyat **cilik**. (Dt: 08)

Pethikan ing nginggil ngemu tembung *cilik*. Tembung *cilik* ing ukara wonten nginggil kalebet tembung ingkang ngewrat polisemi amargi gadhah kalih

teges ingkang beda. Bedaning teges dipundhasari *konteks* ukara ingkang beda. Bab kasebat saged dipuntingali tembung *cilik* ing ukara (a) ‘...tumumpang ana sadhuwure meja **cilik** ...’ wondene ing ukara (b) “...sadhuwure papa cintrakae rakyat **cilik**”. Tembung *cilik* ing ukara (a) ateges ‘*alit*’ wondene ing ukara (b) ateges ‘*boten gadhah bandha (miskin)*’. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *cilik* kalebet tembung polisemi.

Tembung *cilik* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud tembung lingga. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung lingga inggih menika boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep, saha boten dipuncambor. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *cilik* kalebet tembung lingga, amargi boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep saha boten dipuncambor.

Adhedhasar jinising tembung, tembung *cilik* kalebet tembung kaanan. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung kaanan inggih menika tembung ingkang nedahaken kaananipun satunggaling pirantos utawi bab (Sasangka, 2011: 118). Tembung kaanan ugi saged sumandhing kaliyan tembung *luwih*, *rada*, *paling* saha saged sumambung kaliyan tembung *banget*. Adhedhasar andharan kasebat satemah tembung *cilik* saged dipundamel *luwih cilik*, *rada cilik*, *paling cilik*, saha *cilik banget*.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi tembung *cilik* kalebet *tipe pengelompokan makna sampingan*. *Pengelompokan makna sampingan* inggih menika teges pokok satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge

gegaran netepaken tegesing tembung adhedhasar *konteks* ukaranipun (Sudiro, 2014: 34). Saged dipuntingali bilih tembung *cilik* gadhah teges pokok ‘*alit*’ ingkang dipunginakaken gegaran kangge negesi teges *sampingan* inggih menika ‘*boten gadhah bandha (miskin)*’. Kalih teges kasebat gadhah gegayutan inggih menika sami-sami nedahaken perangan ingkang *minim* utawi boten ageng, wondene bedanipun saged dipuntingali saking *konteks*ipun. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *cilik* kalebet *tipe* gegayutan tegesing polisemi *pengelompokan makna sampingan*.

Data sanes ingkang nedahaken polisemi awujud tembung lingga jinising kaanan *tipe* gegayutan *pengelompokan makna sampingan* badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

- (2) “Para wisatawan bisa milih paket kang ditawakake kanthi rega kang relatip **murah** ing papan kasebat uga **murah** banyu.” (Dt: 50)

Pethikan ing nginggil ngemu tembung *murah*. Tembung *murah* ing ukara wonten nginggil kalebet tembung ingkang ngewrat polisemi amargi gadhah kalih teges ingkang beda. Bedaning teges dipundhasari *konteks* ukara ingkang beda. Bab kasebat saged dipuntingali tembung *murah* ing pethikan (i) ‘...ditawakake kanthi rega kang relatip **murah** ...’ wondene ing pethikan (ii) “...papan kasebat uga **murah** banyu”. Tembung *murah* ing pethikan (i) ateges ‘*murah/mirah*’ wondene ing petikan (ii) ateges ‘*kathah sanget*’. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *murah* kalebet tembung polisemi.

Tembung *murah* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud tembung lingga. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung lingga inggih menika boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep, saha boten dipuncambor. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *murah* kalebet tembung lingga, amargi boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep saha boten dipuncambor.

Adhedhasar jinising tembung, tembung *murah* kalebet tembung kaanan. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung kaanan inggih menika tembung ingkang nedahaken kaananipun satunggaling pirantos utawi bab (Sasangka, 2011: 118). Tembung kaanan ugi saged sumandhing kaliyan tembung *luwih*, *rada*, *paling* saha saged sumambung kaliyan tembung *banget*. Adhedhasar andharan kasebat satemah tembung *murah* saged dipundamel *luwih murah*, *rada murah*, *paling murah*, saha *murah banget*.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi tembung *murah* kalebet *tipe pengelompokan makna sampingan*. *Pengelompokan makna sampingan* inggih menika teges pokok satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge gegaran netepaken tegesing tembung adhedhasar *konteks* ukaranipun (Sudiro, 2014:34). Saged dipuntingali bilih tembung *murah* gadhah teges pokok ‘*mirah*’ ingkang dipunginakaken gegaran kangge negesi teges *sampingan* inggih menika ‘*kathah sanget*’. Kalih teges kasebat gadhah gegayutan inggih menika sami-sami gampil anggenipun manggihaken utawi boten ngedalaken arta kathah, wondene bedanipun saged dipuntingali saking lesanipun saha *konteksipun*. Adhedhasar

andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *murah* kalebet *tipe* gegayutan tegesing polisemi pengelompokan makna sampingan.

b) Polisemi Awujud Tembung Lingga Jinising Tembung Kaanan Tipe Derivasi Nol/ Kosong

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud tembung lingga jinising tembung kaanan *tipe derivasi nol/kosong*. Tipe *derivasi nol/kosong* inggih menika proses pandhapuking tembung kanthi boten ngraketaken wuwuhan satemah nedahaken jinising tembung dados ewah utawi ngasilaken teges *leksikal* ingkang beda sanadyan jinisipun sami (Sudiro, 2014: 20). Wonten ngandhap menika badhe dipunandharaken data saking polisemi awujud tembung lingga jinising kaanan *tipe derivasi nol/kosong*.

(a) Prastawa kekarone yaiku dina pengetan Hari Anak Nasional karo gerakan wong **tuwa** ngeterake anak ing dina sepisan sekolah akeh gandheng cenenge. (Dt: 56)

(b) Biasane banjur mrangguli warga Kelor kang lagi panen salak kang wis gedhe- gedhe lan **tuwa**. (Dt: 06)

Pethikan ing nginggil ngemu tembung *tuwa*. Tembung *tuwa* ing ukara wonten nginggil kalebet tembung ingkang ngewrat polisemi amargi gadhah kalih teges ingkang beda. Bedaning teges dipundhasari *konteks* ukara ingkang beda. Bab kasebat saged dipuntingali tembung *tuwa* ing ukara (a) "...gerakan wong **tuwa** ngeterake anak ..." wondene ing ukara (b) "...salak kang wis gedhe- gedhe lan **tuwa**". Tembung *tuwa* ing ukara (a) ateges '*tiyang sepuh/ bapak ibuk*' wondene ing ukara (b) ateges '*mateng/ wayahe dipunpanen*'. Adhedhasar

andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *tuwa* kalebet tembung polisemi.

Tembung *tuwa* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud tembung lingga. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung lingga inggih menika boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep, saha boten dipuncambor. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *tuwa* kalebet tembung lingga, amargi boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep saha boten dipuncambor.

Adhedhasar jinising tembung, tembung *tuwa* kalebet tembung kaanan. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung kaanan inggih menika tembung ingkang nedahaken kaananipun satunggaling pirantos utawi bab(Sasangka, 2011: 118). Tembung kaanan ugi saged sumandhing kaliyan tembung *luwih*, *rada*, *paling* saha saged sumambung kaliyan tembung *banget*. Adhedhasar andharan kasebat satemah tembung *tuwa* saged dipundamel *luwih tuwa*, *rada tuwa*, *paling tuwa*, saha *tuwa banget*.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi tembung *tuwa* kalebet *tipe derivasi nol/ kosong*. *Derivasi nol/kosong* inggih menika proses pandhapuking tembung kanthi boten ngraketaken wuwuhan satemah nedahaken jinising tembung dados ewah utawi ngasilaken teges *leksikal* ingkang beda sanadyan jinisipun sami (Sudiro, 2014:20). Saged dipuntingali bilih tembung *tuwa* gadhah teges pokok ‘*mateng*’ gadhah jinis kaanan (*adjektiva*). Saklajengipun tembung *tuwa* ing ukara (a) dipundhapuk kanthi *derivasi nol/kosong* satemah ateges ‘*tiyang*

sepuh’ ingkang gadhah jinis aran (*nomina*). Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *tuwa* kalebet *tipe* gegayutan tegesing polisemi *derivasi nol/kosong*.

b. Polisemi Awujud Tembung Andhahan

Polisemi awujud tembung andhahan inggih menika tembung ingkang ngewrat polisemi awujud tembung andhahan utawi tembung ingkang sampun ewah saking tembung lingganipun amargi karaketan wuwuhan, dipunrangkep utawi dipuncambor. Adhedhasar data wujuding tembung andhahan ingkang ngewrat polisemi gadhah maneka warni jinising tembung. Jinising tembung ingkang dipunpanggihaken saking rubrik pawarta salebetipun kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016 inggih menika kriya, aran, saha kaanan. Bab kasebat badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1) Polisemi Awujud Tembung Andhahan Jinising Tembung Kriya

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud tembung andhahan jinising tembung kriya. Polisemi awujud tembung andhahan jinising tembung kriya inggih menika tembung ingkang ngewrat polisemi awujud tembung andhahan ingkang ajejinis kriya. Tembung kriya utawi *verba* inggih menika tembung ingkang nedahaken solah bawa/ tumindak (*verba tindakan*) utawi lampahipun satunggaling kaanan (*verba proses*) (Sasangka, 2011: 110).

Tembung andhahan jinising tembung kriya wonten salebeting rubrik pawarta kalawarti Djaka Lodang wedalan 2016 menika gadhah maneka warni *tipe* gegayutan tegesing polisemi. *Tipe* gegayutan tegesing polisemi ingkang

dipunpanggihaken inggih menika *pengelompokan makna sampingan saha hubungan asosiatif kontiguitas temporal*. Bab kasebat badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Polisemi Awujud Tembung Andhahan Jinising Tembung Kriya Tipe *Pengelompokan Makna Sampingan*

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud tembung andhahan jinising tembung kriya tipe *pengelompokan makna sampingan*. Tipe *pengelompokan makna sampingan* inggih menika teges pokok satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge gegaran netepaken tegesing tembung adhedhasar *konteks* ukaranipun (Sudiro, 2014: 34). Wonten ngandhap menika badhe dipunandharaken data saking polisemi awujud tembung andhahan jinising kriya tipe *pengelompokan makna sampingan*.

(1) (a) Para wisatawan bisa **mancing**, njaring iwak lan ngewangi nawu blumbang sawise iwake dipanen. (Dt: 36)

(b) Pratelane Mayor Jendral (Purn) Kivlan Zein menawa Partai Komunis Indonesia (PKI) jenggelek maneh (Rebo, 01 Juni 2016) ora wurunga **mancing** pratelane Menteri Koordinasi Politik Hukum dan Keamanan (Polhukam) Luhut Binsar Panjaitan. (Dt: 36)

Pethikan ing nginggil ngemu tembung *mancing*. Tembung *mancing* ing ukara wonten nginggil kalebet tembung ingkang ngewrat polisemi amargi gadhah kalih teges ingkang beda. Bedaning teges dipundhasari *konteks* ukara ingkang beda. Bab kasebat saged dipuntingali tembung *mancing* ing ukara (a) “Para wisatawan bisa **mancing**, njaring iwak ...” wondene ing ukara (b) “...ora wurunga **mancing** pratelane Menteri Koordinasi Politik Hukum dan Keamanan...”. Tembung *mancing* ing ukara (a) ateges ‘*pados iwak kanthi*

pirantos pancing’ wondene ing ukara (b) ateges ‘*nuwuhaken/njalari*’. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *mancing* kalebet tembung polisemi.

Tembung *mancing* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud tembung andhahan. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung andhahan inggih menika tembung ingkang ewah saking tembung lingganipun amargi karaketan wuwuhan, dipunrangkep utawi dipuncambor. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *mancing* kalebet tembung andhahan, amargi karaketan ater-ater *N- (m-), N- (m-) + pancing: mancing*.

Adhedhasar jinising tembung, tembung *mancing* kalebet tembung kriya. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung kriya inggih menika nedahaken satunggaling solah bawa/tumindak (*verba tindakan*) utawi lampahipun satunggaling prastawa (*verba proses*) (Sasangka, 2011:110). Tembung kriya ugi saged dipunnegasikaken kanthi tembung *ora*, saged sumambung kaliyan tembung *anggone, olehe* saha saged mangsuli pandangan ‘*menapa ingkang dipuntindakaken dening subjek?*’. Adhedhasar andharan kasebat satemah tembung *mancing* saged dipundamel *ora mancing, anggone mancing, olehe mancing*.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi tembung *mancing* kalebet *tipe pengelompokan makna sampingan*. *Pengelompokan makna sampingan* inggih menika teges pokok satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge gegaran netepaken tegesing tembung adhedhasar *konteks* ukaranipun (Sudiro, 2014:34). Saged dipuntingali bilih tembung *mancing* gadhah teges pokok ‘*pados*

iwak mawi pirantos pancing’ ingkang dipunginakaken gegaran kangge negesi teges *sampingan* inggih menika ‘*nuwuhaken/njalari*’. Kalih teges kasebat gadhah gegayutan inggih menika sami-sami nedahaken tumindak supados pikantuk satunggaling pirantos utawi bab, wondene bedanipun saged dipuntingali saking *konteksipun*. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *mancing* kalebet *tipe* gegayutan tegesing polisemi *pengelompokan makna sampingan*.

Data sanes ingkang nedahaken polisemi awujud tembung andhahan jinising kriya *tipe* gegayutan *pengelompokan makna sampingan* badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

(2) (c) Kawit pentas sepisan, iku, angguk putri Sri Lestari dadi kawentar lan asring **nampa** tanggapan pentas saka warga masarakat. (Dt: 41)

(d) Dina Jumuwah 13 Mei 2016, Redaksi Djaka Lodang **nampa** tamu saka pehak akademisi yaiku mahasiswa mahasiswi saka Universitas Sebelas Maret Surakarta Fakultas Pendidikan Bahasa Jawa, Jurusan Jurnalistik. (Dt: 41)

Pethikan ing nginggil ngemu tembung *nampa*. Tembung *nampa* ing ukara wonten nginggil kalebet tembung ingkang ngewrat polisemi amargi gadhah kalih teges ingkang beda. Bedaning teges dipundhasari *konteks* ukara ingkang beda. Bab kasebat saged dipuntingali tembung *nampa* ing ukara (c)”...Sri Lestari dadi kawentar lan asring **nampa** tanggapan ...” wondene ing ukara (d) “...Redaksi Djaka Lodang **nampa** tamu saka pehak akademisi ...”. Tembung *nampa* ing ukara (c) ateges ‘*pikantuk/ angsal*’ wondene ing ukara (d) ateges ‘*nampi*’

(*menyambut*). Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *nampa* kalebet tembung polisemi.

Tembung *nampa* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud tembung andhahan. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung andhahan inggih menika tembung ingkang ewah saking tembung lingganipun amargi karaketan wuwuhan, dipunrangkep utawi dipuncambor. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *nampa* kalebet tembung andhahan, amargi karaketan ater-ater *N-* (*n-*), *N-* (*n-*) + *tampa*: *nampa*.

Adhedhasar jinising tembung, tembung *nampa* kalebet tembung kriya. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung kriya inggih menika nedahaken satunggaling solah bawa/tumindak (*verba tindakan*) utawi lampahipun satunggaling prastawa (*verba proses*) (Sasangka, 2011: 110). Tembung kriya ugi saged dipunnegasikaken kanthi tembung *ora*, saged sumambung kaliyan tembung *anggone*, *olehe* saha saged mangsuli pandangan ‘*menapa ingkang dipuntindakaken dening subjek?*’. Adhedhasar andharan kasebat satemah tembung *nampa* saged dipundamel *ora nampa*, *anggone nampa*, *olehe nampa*.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi tembung *nampa* kalebet *tipe pengelompokan makna sampingan*. Pengelompokan makna sampingan inggih menika teges pokok satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge gegaran netepaken tegesing tembung adhedhasar *konteks* ukaranipun (Sudiro, 2014: 34). Saged dipuntingali bilih tembung *nampa* gadhah teges pokok ‘*pikantuk/ angsal*’ ingkang dipunginakaken gegaran kangge negesi teges *sampingan* inggih menika ‘*nampi*’ (*menyambut*). Kalih teges kasebat gadhah

gegayutan inggih menika sami-sami pikantuk/ nampi satunggaling pirantos, wondene bedanipun saged dipuntingali saking *konteksipun*. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *nampa* kalebet *tipe* gegayutan tegesing polisemi *pengelompokan makna sampingan*.

b) Polisemi Awujud Tembung Andhahan Jinising Tembung Kriya Tipe
Hubungan Asosiatif Kontiguitas Temporal

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud tembung andhahan jinising tembung kriya *tipe hubungan asosiatif kontiguitas temporal*. Tipe *hubungan asosiatif kontiguitas temporal* inggih menika wekdal nalika kadadosan satunggaling prastawa dipunginakaken kangge nedahaken tumindak ingkang gayut kaliyan prastawa kasebat utawi walikanipun (Sudiro, 2014: 27). Wonten ngandhap menika badhe dipunandharaken data saking polisemi awujud tembung andhahan jinising kriya *tipe asosiatif kontiguitas temporal*.

- (1) “Manut SK, sekolah iki **ngadeg** ing tanggal 14 Juli 1981, kanthi jeneng SMP Negeri 2 Depok.” (Dt: 63)

Pethikan ing nginggil ngemu tembung *ngadeg*. Tembung *ngadeg* ing ukara wonten nginggil kalebet tembung ingkang ngewrat polisemi amargi boten dipunginakaken kangge nedahaken teges pokokipun. Tembung *ngadeg* gadhah teges ‘*njejer jejeg*’ (*berdiri*), wondene ing ukara “...sekolah iki **ngadeg** ing tanggal 14 Juli 1981...” ateges ‘*wekdal nalika sekolahipun madeg*’. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *ngadeg* kalebet tembung polisemi.

Tembung *ngadeg* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud tembung andhahan. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung andhahan inggih menika tembung ingkang sampun ewah saking tembung lingganipun amargi karaketan wuwuhan, dipunrangkep utawi dipuncambor. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *ngadeg* kalebet tembung andhahan, amargi karaketan ater-ater *N-* (*ng-*), *N-* (*ng-*) + *adeg*: *ngadeg*.

Adhedhasar jinising tembung, tembung *ngadeg* kalebet tembung kriya. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung kriya inggih menika nedahaken satunggaling solah bawa/tumindak (*verba tindakan*) utawi lampahipun satunggaling prastawa (*verba proses*) (Sasangka, 2011: 110). Tembung kriya ugi saged dipun*negasikaken* kanthi tembung *ora*, saged sumambung kaliyan tembung *anggone*, *olehe* saha saged mangsuli pandangan ‘*menapa ingkang dipuntindakaken dening subjek?*’. Adhedhasar andharan kasebat satemah tembung *ngadeg* saged dipundamel *ora ngadeg*, *anggone ngadeg*, *olehe ngadeg*.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi tembung *ngadeg* kalebet *tipe hubungan asosiatif kontiguitas temporal*. *Hubungan asosiatif kontiguitas temporal* inggih menika wekdal nalika kadadosan satunggaling prastawa dipunginakaken kangge nedahaken tumindak ingkang gayut kaliyan prastawa kasebat utawi walikanipun (Sudiro, 2014: 34). Saged dipuntingali bilih tembung *ngadeg* gadhah teges ‘*njejer jejeg*’ (*berdiri*) ingkang dipunginakaken kangge nedahaken ‘*wekdal nalika sekolahipun madeg/ kawiwitan dipunangge*’, utawi boten dipunginakaken kangge nedahaken prastawa nalika sekolahipun tumindak *ngadeg*. Kalih teges kasebat gadhah gegayutan inggih menika sami-sami

nedahaken prastawa madegipun satunggaling pirantos, wondene bedanipun saged dipuntingali saking *konteksipun*. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *ngadeg* kalebet *tipe* gegayutan tegesing polisemi *hubungan asosiatif kontiguitas temporal*.

Data sanes ingkang nedahaken polisemi awujud tembung andhahan jinising kriya *tipe hubungan asosiatif kontiguitas temporal* badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

- (2) “Museum iki **madeg** saka asil prakarsane Prof. Dr. Ir. Hj Omie Hanin sarta Ir Etty Soeliantoro Sulaiman kang kepengin masyarakat Indonesia mligine generasi mudha mangerteni luwih jembar jagading perkayuan.” (Dt: 66)

Pethikan ing nginggil ngemu tembung *madeg*. Tembung *madeg* ing ukara wonten nginggil kalebet tembung ingkang ngewrat polisemi amargi boten dipunginakaken kangge nedahaken teges pokokipun. Tembung *madeg* gadhah teges ‘*boten rubuh*’, wondene ing ukara “...Museum iki **madeg** saka asil prakarsane Prof. Dr. Ir. Hj Omie Hanin ...” ateges ‘*wekdal nalika museumipun dipunbangun/madeg*’. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *madeg* kalebet tembung polisemi.

Tembung *madeg* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud tembung andhahan. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung andhahan inggih menika tembung ingkang sampun ewah saking tembung lingganipun amargi karaketan wuwuhan, dipunrangkep utawi dipuncambor. Adhedhasar

andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *madeg* kalebet tembung andhahan, amargi karaketan ater-ater *N- (m-), N- (m-) + adeg: madeg*.

Adhedhasar jinising tembung, tembung *madeg* kalebet tembung kriya. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung kriya inggih menika nedahaken satunggaling solah bawa/ tumindak (*verba tindakan*) utawi lampahipun satunggaling prastawa (*verba proses*) (Sasangka, 2011: 110). Tembung kriya ugi saged dipun*negasikaken* kanthi tembung *ora*, saged sumambung kaliyan tembung *anggone, olehe* saha saged mangsuli pandangan '*menapa ingkang dipuntindakaken dening subjek?*'. Adhedhasar andharan kasebat satemah tembung *madeg* saged dipundamel *ora madeg, anggone madeg, olehe madeg*.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi tembung *madeg* kalebet *tipe hubungan asosiatif kontiguitas temporal*. Hubungan asosiatif kontiguitas temporal inggih menika wekdal nalika kadadosan satunggaling prastawa dipunginakaken kangge nedahaken tumindak ingkang gayut kaliyan prastawa kasebat utawi walikanipun (Sudiro, 2014: 34). Saged dipuntingali bilih tembung *madeg* ingkang gadhah teges pokok '*boten rubuh*' dipunginakaken kangge nedahaken '*wekdal nalika museumipun madeg/dibunbangun*', utawi boten dipunginakaken kangge nedahaken prastawa museumipun tumindak jumeneng. Kalih teges kasebat gadhah gegayutan inggih menika sami-sami nedahaken prastawa jumenengipun satunggaling pirantos, wondene bedanipun saged dipuntingali saking *konteksi*ipun. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *madeg* kalebet *tipe gegayutan tegesing polisemi hubungan asosiatif kontiguitas temporal*.

2) Polisemi Awujud Tembung Andhahan Jinising Tembung Aran

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud tembung andhahan jinising tembung aran. Polisemi awujud tembung andhahan jinising tembung aran inggih menika tembung ingkang ngewrat polisemi awujud tembung andhahan ingkang ajejinis aran. Tembung aran utawi *nomina* inggih menika tembung ingkang nedahaken nama satunggaling pirantos/ tumindak(Sasangka, 2011: 108).

Tembung andhahan jinising tembung aran wonten salebeting rubrik pawarta kalawarti Djaka Lodang wedalan 2016 menika gadhah setunggal *tipe* gegayutan tegesing polisemi. *Tipe* gegayutan tegesing polisemi ingkang dipunpanggiaken inggih menika *pengelompokan makna sampingan*. Bab kasebat badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Polisemi Awujud Tembung Andhahan Jinising Tembung Aran Tipe

Pengelompokan Makna Sampingan

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud tembung andhahan jinising tembung aran *tipe pengelompokan makna sampingan*. *Tipe pengelompokan makna sampingan* inggih menika teges pokok satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge gegaran netepaken tegesing tembung adhedhasar *konteks* ukaranipun (Sudiro, 2014: 34). Wonten ngandhap menika badhe dipunandharaken data saking polisemi awujud tembung andhahan jinising aran *tipe pengelompokan makna sampingan*.

- (a) **Padusan** utawa pasiraman kasebut yasane Sinuwun Paku Buwana X ing Surakarta. (Dt: 51)

(b) Rong dina sadurunge sasi Pasa, Umbul Tirtomulyo padha dinggo **padusan**. (Dt: 51)

Pethikan ing nginggil ngemu tembung *padusan*. Tembung *padusan* ing ukara wonten nginggil kalebet tembung ingkang ngewrat polisemi amargi gadhah kalih teges ingkang beda. Bedaning teges dipundhasari *konteks* ukara ingkang beda. Bab kasebat saged dipuntingali tembung *padusan* ing ukara (a) **Padusan** utawa pasiraman kasebut yasane Sinuwun Paku Buwana X ...” wondene ing ukara (b) “...Umbul Tirtomulyo padha dinggo **padusan**”. Tembung *padusan* ing ukara (a) ateges ‘*papan kangge siram*’ wondene ing ukara (b) ateges ‘*padatanipun tiyang sami siram saderengipun nindakaken siyam Ramadan (sesucen)*’. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *padusan* kalebet tembung polisemi.

Tembung *padusan* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud tembung andhahan. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung andhahan inggih menika tembung ingkang sampun ewah saking tembung lingganipun amargi karaketan wuwuhan, dipunrangkep utawi dipuncambor. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *padusan* kalebet tembung andhahan, amargi karaketan ater-ater *pa-* saha panambang *-an*, *pa-* + *adus* + *-an* : *padusan*.

Adhedhasar jinising tembung, tembung *padusan* kalebet tembung aran. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung aran inggih menika tembung ingkang nedahaken nama satunggaling pirantos/tumindak (Sasangka, 2011: 108). Tembung aran ugi saged sumambung kaliyan tembung *dudu* saha

ana, boten saged sumambung kaliyan tembung *ora*. Adhedhasar andharan kasebat satemah tembung *padusan* saged dipundamel *dudu padusan*, *ana padusan*, **ora padusan*.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi tembung *padusan* kalebet *tipe pengelompokan makna sampingan*. *Pengelompokan makna sampingan* inggih menika teges pokok satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge gegaran netepaken tegesing tembung adhedhasar *konteks* ukaranipun (Sudiro, 2014:34). Saged dipuntingali bilih tembung *padusan* gadhah teges pokok ‘*papan kangge siram*’ ingkang dipunginakaken gegaran kangge negesi teges *sampingan* inggih menika ‘*padatanipun tetiyang sami siram sakderengipun siyam Ramadan*’. Kalih teges kasebat gadhah gegayutan inggih menika nedahaken nama papan/tumindak ingkang gayut kaliyan siram, wondene bedanipun saged dipuntingali saking *konteksipun*. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *padusan* kalebet *tipe gegayutan tegesing polisemi pengelompokan maknasampingan*.

3) Polisemi Awujud Tembung Andhahan Jinising Tembung Kaanan/Sipat

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud tembung andhahan jinising tembung kaanan/sipat. Polisemi awujud tembung andhahan jinising tembung kaanan/sipat inggih menika tembung ingkang ngewrat polisemi awujud tembung andhahan ingkang ajejinis kaanan/sipat. Tembung kaanan/sipat utawi *adjektiva* inggih menika tembung ingkang saged nedahaken kaanan utawi watak satunggaling pirantos utawi bab (Sasangka, 2011: 114).

Tembung andhahan jinising tembung kaanan/sipat wonten salebeting rubrik pawarta kalawarti Djaka Lodang wedalan 2016 menika gadhah setunggal *tipe* gegayutan tegesing polisemi. *Tipe* gegayutan tegesing polisemi ingkang dipunpanggiaken inggih menika *derivasi afiksasi*. Bab kasebat badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Polisemi Awujud Tembung Andhahan Jinising Tembung Kaanan *Tipe Derivasi Afiksasi*

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud tembung andhahan jinising tembung kaanan *tipe derivasi afiksasi*. *Tipe derivasi afiksasi* inggih menika proses pandhapuking tembung kanthi ngraketaken wuwuhan satemah nedahaken jinising tembung dados ewah utawi ngasilaken teges *leksikal* ingkang beda sanadyan jinisipun sami (Sudiro, 2014: 20). Wonten ngandhap menika badhe dipunandharaken data saking polisemi awujud tembung andhahan jinising kriya *tipe derivasi afiksasi*.

(a) Diwiwiti saka prastawa Kemis Legi 17 Maret 2016 ing nalika kerusuhan ngambra-ambra krana kurang sabare para tahanan nunggu giliran mlebu sel tahanan sing **jerone** wis seg-segan. (Dt: 23)

(b) Umbul kang mligi kanggo adus wong wadon **jerone** watara 1,5 m. (Dt: 23)

Pethikan ing nginggil ngemu tembung *jerone*. Tembung *jerone* ing ukara wonten nginggil kalebet tembung ingkang ngewrat polisemi amargi gadhah kalih teges ingkang beda. Bedaning teges dipundhasari *konteks* ukara ingkang beda. Bab kasebat saged dipuntingali tembung *jerone* ing ukara (a)”...para tahanan

nunggu giliran mlebu sel tahanan sing **jerone** wis seg-segan” wondene ing ukara (b) “...kanggo adus wong wadon **jerone** watara 1,5 m”. Tembung *jerone* ing ukara (a) ateges ‘*salebetipun*’ wondene ing ukara (b) ateges ‘*ukuranipun saking dhasar*’. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *jerone* kalebet tembung polisemi.

Tembung *jerone* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud tembung andhahan. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung andhahan inggih menika tembung ingkang sampun ewah saking tembung lingganipun amargi karaketan wuwuhan, dipunrangkep utawi dipuncambor. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *jerone* kalebet tembung andhahan, amargi karaketan panambang *-ne*, *jero* + *-ne* : *jerone*.

Adhedhasar jinising tembung, tembung *jerone* kalebet tembung kaanan. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung kaanan inggih menika tembung ingkang nedahaken kaananipun satunggaling pirantos utawi bab(Sasangka, 2011: 118). Tembung kaanan ugi saged dipunrangkep utawi dipunwuwuhi ater-ater *sa-* saha panampang *-e* (*-ne*). Adhedhasar andharan kasebat satemah tembung *jerone* saged dipundamel *sajero-jerone*.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi tembung *jerone* kalebet *tipe derivasi fiksasi*. *Derivasi afiksasi* inggih menika proses pandhapuking tembung kanthi ngraketaken wuwuhan satemah nedahaken jinising tembung dados ewah utawi ngasilaken teges *leksikal* ingkang beda sanadyan jinisipun sami (Sudiro, 2014: 20). Saged dipuntingali bilih tembung *jerone* gadhah teges pokok ‘*ukuran*

saking dhasar' gadhah jinis kaanan (*adjektiva*). Saklajengipun tembung *jerone* ing ukara (a) dipundhapak kanthi *derivasi afiksasi* satemah ateges '*salebetipun*' ingkang gadhah jinis aran (*nomina*). Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *jerone* kalebet *tipe* gegayutan tegesing polisemi *derivasi afiksasi*.

c. Polisemi Awujud Tembung Rangkep

Polisemi awujud tembung rangkep inggih menika tembung ingkang ngewrat polisemi awujud tembung rangkep. Tembung rangkep inggih menika tembung ingkang dipundhapak kanthi ngrangkep sedaya peranganipun, perangan wingking tembung, perangan ngajeng tembung saha karangkep kanthi paring wuwuhan. Adhedhasar data wujuding tembung rangkep ingkang ngewrat polisemi gadhah setunggal jinising tembung. Jinising tembung ingkang dipunpanggiaken saking rubrik pawarta salebetipun kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016 inggih menika jinising tembung kaanan. Bab kasebat badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1) Polisemi Awujud Tembung Rangkep Jinising Tembung Kaanan/ Sipat

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud tembung rangkep jinising tembung kaanan/sipat. Polisemi awujud tembung rangkep jinising tembung kaanan/sipat inggih menika tembung ingkang ngewrat polisemi awujud tembung rangkep ingkang ajejinis kaanan/sipat. Tembung kaanan utawi *adjektiva* inggih menikatembung ingkang nedahaken kaananipun satunggaling pirantos utawi bab(Sasangka, 2011: 118).

Tembung rangkep jinising tembung kaanan/sipat wonten salebeting rubrik pawarta kalawarti Djaka Lodang wedalan 2016 menika gadhah setunggal *tipe* gegayutan tegesing polisemi. *Tipe* gegayutan tegesing polisemi ingkang dipunpanggiaken inggih menika *pengelompokan makna sampingan*. Bab kasebat badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Polisemi Awujud Tembung Rangkep Jinising Tembung Kaanan *Tipe Pengelompokan Makna Sampingan*

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud tembung rangkep jinising tembung kaanan *tipe dikelompokan makna sampingan*. *Tipe dikelompokan makna sampingan* inggih menika teges pokok satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge gegaran netepaken tegesing tembung adhedhasar *konteks* ukaranipun (Sudiro, 2014: 34). Wonten ngandhap menika badhe dipunandharaken data saking polisemi awujud tembung rangkep jinising aran *tipe dikelompokan makna sampingan*.

(1) (a) Desa Imogiri, Kecamatan Imogiri wektu iki gumregut mbangun desane kanthi **werna-werna** kegiatan. (Dt: 13)

(b) Permasalahan umat dina iki ora mung babagan kemelaratan lan kabodhohan wae ananging sangsaya **werna-werna** kayata kekerasan seksual, radikalisme, LGBT lan penyimpangan ajaran agama kalebu ormas Gafatar. (Dt: 13)

Pethikan ing nginggil ngemu tembung *werna-werna*. Tembung *werna-werna* ing ukara wonten nginggil kalebet tembung ingkang ngewrat polisemi amargi gadhah kalih teges ingkang beda. Bedaning teges dipundhasari *konteks* ukara ingkang beda. Bab kasebat saged dipuntingali tembung *werna-werna* ing

ukara (a) “...mbangun desane kanthi **werna-werna** kegiatan” wondene ing ukara (b) “Permasalahan umat dina iki ora mung babagan kemelaratan lan kabodhohan wae ananging sangsaya **werna-werna...**”. Tembung *werna-werna* ing ukara (a) ateges ‘*maneka warni*’ wondene ing ukara (b) ateges ‘*kathah*’. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *werna-werna* kalebet tembung polisemi.

Tembung *werna-werna* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud tembung rangkep. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung rangkep. Tembung rangkep inggih menika tembung ingkang dipundhapuk kanthi ngrangkep sedaya peranaganipun tembung, peranan wingking tembung, peranan ngajeng tembung saha karangkep kanthi paring wuwuhan. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *werna-werna* kalebet tembung rangkep, amargi dipundhapuk mawi ngrangkep sedaya peranan tembung, *werna+R: werna-werna*.

Adhedhasar jinising tembung, tembung *werna-werna* kalebet tembung kaanan. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung kaanan inggih menika tembung ingkang nedahaken kaananipun satunggaling pirantos utawi bab(Sasangka, 2011: 118). Tembung kaanan ugi saged sumandhing kaliyan tembung *luwih*, *rada*, *paling* saha saged sumambung kaliyan tembung *banget*. Adhedhasar andharan kasebat satemah tembung *werna-werna* saged dipundamel *luwih werna-werna*, *rada werna-werna*, *paling werna-werna*, saha *werna-werna banget*.

Adhedhasar *tipe gegayutan tegesing polisemi tembung werna-werna kalebet tipe pengelompokan makna sampingan*. *Pengelompokan makna sampingan* inggih menika teges pokok satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge gegaran netepaken tegesing tembung adhedhasar *konteks* ukaranipun (Sudiro, 2014:34). Saged dipuntingali bilih tembung *werna-werna* gadhah teges pokok '*maneka warni*' ingkang dipunginakaken gegaran kangge negesi teges *sampingan* inggih menika '*kathah*'. Kalih teges kasebat gadhah gegayutan inggih menika nedahaken kaananipun pirantos/prastawa ingkang gunggungipun langkung saking setunggal, wondene bedanipun saged dipuntingali saking *konteksipun*. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *werna-werna kalebet tipe gegayutan tegesing polisemi pengelompokan maknasampingan*.

Data sanes ingkang nedahaken polisemi awujud tembung rangkep jinising kaanan/sipat *tipe gegayutan pengelompokan makna sampingan* badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

(2) (c) Diwiwiti saka prastawa Kemis Legi 17 Maret 2016 ing nalika kerusuhan ngambra-ambra krana kurang sabare para tahanan nunggu giliran mlebu sel tahanan sing jerone wis **seg-segan**. (Dt: 61)

(d) Mudhik ing jaman maju dumadi nalika ana kalodhangan utawa wektu mirunggan ing selane wektu makarya kang sarwa **seg-segan**. (Dt: 61)

Pethikan ing nginggil ngemu tembung *seg-segan*. Tembung *seg-segan* ing ukara wonten nginggil kalebet tembung ingkang ngewrat polisemi amargi gadhah kalih teges ingkang beda. Bedaning teges dipundhasari *konteks* ukara ingkang beda.

Bab kasebat saged dipuntingali tembung *seg-segan* ing ukara (c) "...para tahanan nunggu giliran mlebu sel tahanan sing jerone wis **seg-segan**" wondene ing ukara (d) "...ing selane wektu makarya kang sarwa **seg-segan**". Tembung *seg-segan* ing ukara (c) ateges '*kebak*' wondene ing ukara (b) ateges '*padhet/ kemrungsung*' (*sibuk*). Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *seg-segan* kalebet tembung polisemi.

Tembung *seg-segan* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud tembung rangkep. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung rangkep. Tembung rangkep inggih menika tembung ingkang dipundhapuk kanthi dipunrangkep sedaya peranaganipun, perangan wingking tembung, perangan ngajeng tembung saha karangkep kanthi paring wuwuhan. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *werna-werna* kalebet tembung rangkep, amargi dipundhapuk mawi ngrangkep sedaya perangan tembung saha kawuwuhan panambang, *seg + R + -an: seg-segan*.

Adhedhasar jinising tembung, tembung *seg-segan* kalebet tembung kaanan. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung kaanan inggih menika tembung ingkang nedahaken kaananipun satunggaling pirantos utawi bab(Sasangka, 2011: 118). Tembung kaanan ugi saged sumandhing kaliyan tembung *luwih*, *rada*, *paling* saha saged sumambung kaliyan tembung *banget*. Adhedhasar andharan kasebat satemah tembung *seg-segan* saged dipundamel *luwih seg-segan*, *rada seg-segan*, *paling seg-segan*, saha *seg-segan banget*.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi tembung *seg-segan* kalebet *tipe pengelompokan makna sampingan*. *Pengelompokan makna sampingan* inggih menika teges pokok satunggaling tembung ingkang dipunginakaken kangge gegaran netepaken tegesing tembung adhedhasar *konteks* ukaranipun (Sudiro, 2014:34). Saged dipuntingali bilih tembung *seg-segan* gadhah teges pokok ‘*kebak*’ ingkang dipunginakaken gegaran kangge negesi teges *sampingan* inggih menika ‘*padhet/ kemrungsung*’ (*sibuk*). Kalih teges kasebat gadhah gegayutan inggih menika nedahaken kaananipun pirantos/prastawa ingkang sarwa *padhet*, wondene bedanipun saged dipuntingali saking *konteksipun*. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *seg-segan* kalebet *tipe gegayutan* tegesing polisemi *pengelompokan maknasampingan*.

d. Polisemi Awujud Tembung Camboran

Polisemi awujud tembung camboran inggih menika tembung ingkang ngewrat polisemi awujud tembung camboran. Tembung camboran inggih menika kalih tembung utawi langkung ingkang dipungandheng dados setunggal satemah nedahaken tembung saha teges ingkang enggal. Adhedhasar data wujuding tembung camboran ingkang ngewrat polisemi gadhah setunggal jinising tembung. Jinising tembung ingkang dipunpanggihiaken saking rubrik pawarta salebetipun kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016 inggih menika jinising tembung aran. Bab kasebat badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1) Polisemi Awujud Tembung Camboran Jinising Tembung Aran

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud tembung camboran jinising tembung aran. Polisemi awujud tembung camboran jinising tembung aran inggih menika tembung ingkang ngewrat polisemi awujud tembung camboran ingkang ajejinis aran. Tembung aran utawi *nomina* inggih menika tembung ingkang nedahaken nama satunggaling pirantos/tumindak(Sasangka, 2011: 108).

Tembung camboran jinising tembung aran wonten salebeting rubrik pawarta kalawarti Djaka Lodang wedalan 2016 menika gadhah setunggal *tipe* gegayutan tegesing polisemi. *Tipe* gegayutan tegesing polisemi ingkang dipunpanggiaken inggih menika *asosiatif atributif keseluruhan*. Bab kasebat badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Polisemi Awujud Tembung Camboran Jinising Tembung Kaanan Tipe

Asosiatif Atributif Keseluruhan

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud tembung camboran jinising tembung aran *tipe asosiatif atributif keseluruhan*. *Tipe asosiatif atributif keseluruhan* inggih menika tegesing tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken satunggaling *subyek*, pirantos, utawi tumindak ingkang asipat sami. (Sudiro, 2014:35). Wonten ngandhap menika badhe dipunandharaken data saking polisemi awujud tembung camboran jinising aran *tipe asosiatif atributif keseluruhan*.

- (1) “Kemiskinan lan daya pangribawane jenewer (minuman keras, miras) sarta **endhog setan** (narkoba) campur dadi siji nyipta pribadi kaco sing ngubal dredah ing masarakat.” (Dt: 18)

Pethikan ing nginggil ngemu tembung *endhog setan*. Tembung *endhog setan* ing ukara wonten nginggil kalebet tembung ingkang ngewrat polisemi amargi gadhah kalih teges ingkang beda. Bedaning teges dipundhasari *konteks* ukara ingkang beda. Bab kasebat saged dipuntingali tembung *endhog setan* ing ukara "...jenewer (minuman keras, miras) sarta **endhog setan** (narkoba)...". Tembung *endhog setan* ing ukara nginggil ateges '*narkoba*' wondene teges pokokipun inggih menika '*tigan saking setan*'. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *endhog setan* kalebet tembung polisemi.

Tembung *endhog setan* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud tembung camboran. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung camboran. Tembung camboran inggih menika kalih tembung utawi langkung ingkang dipungandheng dados setunggal satemah nedahaken tembung saha teges ingkang enggal. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *endhog setan* kalebet tembung camboran, amargi dipundhapuk kanthi nggandhengaken tembung *endhog ingkang ateges tigan saha setan ingkang ateges setan*, *endhog+setan: endhog setan*. Tembung *endhog setan* nedahaken teges ingkang beda saking teges pokokipun inggih menika *tigan saking setan*, wondene tegesipun ewah dados *narkoba*.

Adhedhasar jinising tembung, tembung *endhog setan* kalebet tembung aran. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung aran inggih menika tembung ingkang nedahaken nama satunggaling pirantos (Sasangka, 2011: 108). Tembung aran ugi saged sumabung kaliyan tembung *dudu saha ana*, boten saged sumabung kaliyan tembung *ora*. Adhedhasar andharan kasebat satemah

tembung *endhog setan* saged dipundamel *dudu endhog setan*, *ana endhog setan*,
**ora endhog setan*.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi tembung *endhog setan* kalebet *tipe asosiatif atributif keseluruhan*. *Asosiatif atributif keseluruhan* inggih menikategesing tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken satunggaling *subyek*, pirantos, utawi tumindak ingkang asipat sami. (Sudiro, 2014: 35). Saged dipuntingali bilih tembung *endhog setan* ing pethikan wonten nginggil dipunginakaken kangge nedahaken satunggaling pirantos (*narkoba*) ingkang gadhah sipat sami kados *endhog setan*. Sipat ingkang dipunmaksud inggih menika sedaya ingkang saking setan nuwuhaken kasangsaran, satemah ‘*narkoba* saged nuwuhaken kasangsaran inggih menika *kecanduan* saha tilar donya’. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *endhog setan* kalebet *tipe gegayutan tegesing polisemi asosiatif atributif keseluruhan*.

Data sanes ingkang nedahaken polisemi awujud tembung camboran jinising aran *tipe asosiatif atributif keseluruhan* badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

- (2) “Ananging, saka sethithik sing resik iki diajab kuwawa nyapu bersih plataran Indonesia saka sakehe kejahatan keuangan, omben-omben lan **obat setan** apadene penyalahgunaan kekuasaan lan jabatan sing tundhone nyengsarake rakyat sing ngelak kesejahteraan.” (Dt: 48)

Pethikan ing nginggil ngemu tembung *obat setan*. Tembung *obat setan* ing ukara wonten nginggil kalebet tembung ingkang ngewrat polisemi amargi gadhah kalih teges ingkang beda. Bedaning teges dipundhasari *konteks* ukara ingkang beda.

Bab kasebat saged dipuntingali tembung *obat setan* ing ukara "...omben-omben lan **obat setan** apadene penyalahgunaan kekuasaan ...". Tembung *obat setan* ing ukara nginggil ateges '*narkoba*' wondene ing ukara teges pokokipun inggih menika '*tetamba kangge setan*'. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *obat setan* kalebet tembung polisemi.

Tembung *obat setan* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud tembung camboran. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung camboran. Tembung camboran inggih menika kalih tembung utawi langkung ingkang dipungandheng dados setunggal satemah nedahaken tembung saha teges ingkang enggal. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *obat setan* kalebet tembung camboran, amargi dipundhapuk kanthi nggandhengaken tembung *obat* ingkang ateges *tetamba* saha *setan* ingkang ateges *setan*, *obat* + *setan*: *tetamba kangge setan*. Tembung *obat setan* nedahaken teges ingkang beda saking teges pokokipun inggih menika *tetamba kangge setan*, wondene tegesipun ewah dados *narkoba*.

Adhedhasar jinising tembung, tembung *obat setan* kalebet tembung aran. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun tembung aran inggih menika tembung ingkang nedahaken nama satunggaling pirantos (Sasangka, 2011: 108). Tembung aran ugi saged sumambung kaliyan tembung *dudu* saha *ana*, boten saged sumambung kaliyan tembung *ora*. Adhedhasar andharan kasebat satemah tembung *obat setan* saged dipundamel *dudu obat setan*, *ana obat setan*, **ora obat setan*.

Adhedhasar *tipe gegayutan tegesing polisemi tembung obat setan* kalebet *tipe asosiatif atributif keseluruhan*. *Asosiatif atributif keseluruhan* inggih menikategesing tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken satunggaling *subyek*, pirantos, utawi tumindak ingkang asipat sami. (Sudiro, 2014: 35). Saged dipuntingali bilih tembung *obat setan* ing pethikan wonten nginggil dipunginakaken kangge nedahaken satunggaling pirantos (*narkoba*) ingkang gadhah sipat sami kados *obat setan*. Sipat ingkang dipunmaksud inggih menika tetamba ingkang gadhah daya ageng amargi kangge nambani setan ingkang sejatosipun saged dipuntambani namung ngangge dedonga supados mati. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *obat setan* kalebet *tipe gegayutan tegesing polisemi asosiatif atributif keseluruhan*.

Andharan salajengipun inggih menika polisemi awujud frasa kalajengaken wujuding frasa saha *tipe gegayutan tegesing frasa ingkang ngewrat polisemi*. Bab kasebat badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

2. Polisemi Awujud Frasa

Polisemi awujud frasa inggih menika tembung ingkang ngewrat polisemi awujud frasa utawi dumadi saking kalih tembung utawi langkung ingkang urutanipun boten kening luwih saking wasesa, dumadi saking *inti* saha *atribut*. (Sasangka, 2011: 139). Inti ing frasa nedahaken peranan ingkang dipunterangaken, wondene *atribut* inggih menika peranan ingkang nerangaken inti. Frasa ugi gadhah titikan saged dipunwiyaraken kanthi maringi tembung *iku*, *iki*, *kae* saha *kuwi*. Adhedhasar data ingkang ngewrat polisemi awujud frasa

gadhah setunggal jinis frasa. Jinising frasa ingkang dipunpanggihaken saking rubrik pawarta salebetipun kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016 inggih menika jinising frasa aran. Bab kasebat badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a. Polisemi Awujud Frasa Jinising Frasa Aran

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud frasa jinising frasa aran. Polisemi awujud frasa jinising frasa aran inggih menika *lingual* ingkang ngewrat polisemi awujud frasa ingkang ajejinis aran. Frasa aran utawi *nomina* inggih menika frasa ingkang nedahaken nama satunggaling pirantos/tumindak (Sasangka, 2011: 108).

Frasa ajejinis aran ingkang ngewrat polisemi wonten salebeting rubrik pawarta kalawarti Djaka Lodang wedalan 2016 menika gadhah maneka warni *tipe* gegayutan tegesing polisemi. *Tipe* gegayutan tegesing polisemi ingkang dipunpanggihaken inggih menika *hubungan asosiatif spasial*, *hubungan asosiatif kontiguitas temporal*, saha *hubungan asosiatif atributif keseluruhan*. Bab kasebat badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1) Polisemi Awujud Frasa Jinising Frasa Aran Tipe Hubungan Asosiatif Spasial

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud frasa jinising frasa aran *tipe hubungan asosiatif spasial*. *Tipe hubungan asosiatif spasial* inggih menika tegesing tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken pirantos, tiyang, utawi wekdal ingkang gadhah gegayutan (Sudiro, 2014:28). Wonten

ngandhap menika badhe dipunandharaken data saking polisemi awujud frasa jinising frasa aran *tipe hubungan asosiatif spasial*.

- (1) “Salah sawijining adicara kang kagelar ing **sasi Sura** yaiku tradhisi ganti luwur kang ditindakake ing Makam Ki Ageng Pantaran.” (Dt: 65)

Pethikan ing nginggil ngemu frasa *sasi Sura*. Frasa *sasi Sura* ing ukara wonten nginggil kalebet frasa ingkang ngewrat polisemi amargi gadhah kalih teges ingkang beda. Bedaning teges dipundhasari *konteks* ukara saha teges pokokipun. Bab kasebat saged dipuntingali frasa *sasi Sura* ing ukara “...adicara kang kagelar ing **sasi Sura** yaiku tradhisi ganti luwur...”. Frasa *sasi Sura* ing ukara wonten nginggil nedahaken ‘*satunggaling dinten ing salebeting sasi Sura*’ wondene teges pokokipun inggih menika nedahaken ‘*nama satunggaling wulan*’. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih frasa *sasi Sura* kalebet frasa ingkang ngewrat polisemi.

Tetembungan *sasi Sura* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud frasa. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun frasa. Frasa inggih menika dumadi saking kalih tembung utawi langkung ingkang urutanipun boten kenging luwih saking wasesa (Sasangka, 2011: 139). Frasa ugi gadhah titikan saged dipunwiwaraken kanthi maringi tembung *iku*, *iki*, *kae* saha *kuwi*. Adhedhasar andharan kasebat *sasi Sura* saged dipundamel *sasi Sura iku*, *sasi Sura iki*, *sasi Sura kae*, saha *sasi Sura kuwi*. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *sasi Sura* kalebet frasa.

Adhedhasar jinising frasa, frasa *sasi Sura* kalebet frasa aran. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun frasa aran inggih menika bakuning frasa

awujud tembung aran (Sasangka, 2011: 144). Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih *frasa sasi Sura* wujud bakunipun inggih menika tembung aran *Sura*, wondene tembung *sasi* dipunsebat *atributipun frasa aran*. Frasa aran ugi saged dipundadosaken tembung *negatif* kanthi paring tembung *dudu/sanes*, saha boten saged sumambung kaliyan tembung *ora/boten*. Adhedhasar andharan kasebat *frasa sasi Sura* saged dipundamel *sanès sasi Sura* saha **ora sasi Sura*. Adhedhasar sedaya andharan kasebat *frasa sasi Sura* kalebet *frasa aran*.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi frasa *sasi Sura* kalebet *tipe hubungan asosiatif spasial*. *Hubungan asosiatif spasial* inggih menika tegesing tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken pirantos, tiyang, utawi wekdal ingkang gadhah gegayutan (Sudiro, 2014: 28). Saged dipuntingali bilih frasa *sasi Sura* gadhah teges pokok ‘*nama satunggaling sasi (sasi Sura)*’ ingkang dipunginakaken kangge nedahaken ‘*dinten ing satunggaling sasi Sura utawi boten dipunginakaken kangge nedahaken sasi Sura*’. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih frasa *sasi Sura* kalebet *tipe hubungan asosiatif spasial*.

Data *sanès* ingkang nedahaken polisemi awujud frasa jinising aran *tipe hubungan asosiatif spasial* badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

- (2) “Nanggapi unjuk rasa ing Iran sing nganti nyerbu kedutaan besare mula **Saudi Arabia** dina iki medhot sesambungan diplomatik karo Iran.” (Dt: 67)

Pethikan ing nginggil ngemu frasa *Saudi Arabia*. Frasa *Saudi Arabia* ing ukara wonten nginggil kalebet frasa ingkang ngewrat polisemi amargi gadhah kalih teges ingkang beda. Bedaning teges dipundhasari *konteks* ukara saha teges

pokokipun. Bab kasebat saged dipuntingali frasa *Saudi Arabia* ing ukara “...nyerbu kedutaan besare mula **Saudi Arabia** dina iki ...”. Frasa *Saudi Arabia* ing ukara wonten nginggil nedahaken ‘*pemerintah Negara Saudi Arabia*’ wondene teges pokokipun inggih menika nedahaken ‘*nama negara*’ inggih menika *Saudi Arabia*. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih frasa *Saudia Arabia* kalebet frasa ingkang ngewrat polisemi.

Tetembungan *Saudi Arabia* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud frasa. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun frasa. Frasa inggih menika dumadi saking kalih tembung utawi langkung ingkang urutanipun boten kenging luwih saking wasesa (Sasangka, 2011: 139). Frasa ugi gadhah titikan saged dipunwiwaraken kanthi maringi tembung *iku*, *iki*, *kae* saha *kuwi*. Adhedhasar andharan kasebat *Saudi Arabia* saged dipundamel *Saudi Arabia iku*, *Saudi Arabia iki*, *Saudi Arabia kae*, *Saudi Arabia kuwi*. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *Saudi Arabia* kalebet frasa.

Adhedhasar jinising frasa, frasa *Saudi Arabia* kalebet frasa aran. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun frasa aran inggih menika bakuning frasa awujud tembung aran (Sasangka, 2011: 144). Frasa aran ugi saged dipundadosaken tembung *negatif* kanthi paring tembung *dudu/sanes*, saha boten saged sumambung kaliyan tembung *ora/boten*. Adhedhasar andharan kasebat frasa *Saudi Arabia* saged dipundamel *sanes Saudi Arabia* saha **ora Saudi Arabia*. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih frasa *Saudi Arabia* kalebet frasa aran.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi frasa *Saudi Arabia* kalebet *tipe hubungan asosiatif spasial*. *Hubungan asosiatif spasial* inggih menika tegesing tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken pirantos, tiyang, utawi wekdal ingkang gadhah gegayutan (Sudiro, 2014:28). Saged dipuntingali bilih frasa *Saudi Arabia* gadhah teges pokok ‘*nama satunggaling negara (negara Saudi Arabia)*’ ingkang dipunginakaken kangge nedahaken ‘*pemerintah negara Saudi Arabia*’. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih frasa *Saudi Arabia* kalebet *tipe hubungan asosiatif spasial*.

2) Polisemi Awujud Frasa Jinising Frasa Aran *Tipe Hubungan Asosiatif Kontiguitas Temporal*

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud frasa jinising frasa aran *tipe hubungan asosiatif kontiguitas temporal*. *Tipe hubungan asosiatif kontiguitas temporal* inggih menika wekdal nalika kadadosan satunggaling prastawa dipunginakaken kangge nedahaken tumindak ingkang gayut kaliyan prastawa kasebat utawi walikanipun (Sudiro, 2014:27). Wonten ngandhap menika badhe dipunandharaken data saking polisemi awujud frasa jinising aran *tipe hubungan asosiatif kontiguitas temporal*.

“Perang Pasifik sing ngatutake Jepang utawa Nipong nglawan Sekutu (kedadean saka Tiongkok, AS, Inggris, Australia, WAlanda, Selandia Baru Kanada lan Uni Soviet utawi Rusia) iki dumadi ing Samodra Pasifik, pulau-pulau ing jerone sarta dharatan Asia.” (Dt: 71)

Pethikan ing nginggil ngemu frasa *perang pasifik*. Frasa *perang pasifik* ing ukara wonten nginggil kalebet frasa ingkang ngewrat polisemi amargi gadhah kalih teges ingkang beda. Bedaning teges dipundhasari *konteks* ukara saha teges

pokokipun. Bab kasebat saged dipuntingali frasa *perang pasifik* ing ukara “**Perang Pasifik** sing ngatutake Jepang utawa Nipong nglawan Sekutu ...”. Frasa *perang pasifik* ing ukara wonten nginggil nedahaken ‘*papan kadadosan perang wonten Samodra Pasifik*’ wondene teges pokokipun inggih menika nedahaken ‘*nama satunggaling prastawa perang* inggih menika *Perang Pasifik*’. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih frasa *perang pasifik* kalebet frasa ingkang ngewrat polisemi.

Tetembungan *perang pasifik* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud frasa. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun frasa. Frasa inggih menika dumadi saking kalih tembung utawi langkung ingkang urutanipun boten kenging luwih saking wasesa (Sasangka, 2011:139). Frasa ugi gadhah titikan saged dipunwiwaraken kanthi maringi tembung *iku, iki, kae* saha *kuwi*. Adhedhasar andharan kasebat frasa *perang pasifik* saged dipundamel *perang pasifik iku, perang pasifik iki, perang pasifik kae, saha perang pasifik kuwi*. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *perang pasifik* kalebet frasa.

Adhedhasar jinising frasa, frasa *perang pasifik* kalebet frasa aran. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun frasa aran inggih menika bakuning frasa awujud tembung aran (Sasangka, 2011:144). Frasa aran ugi saged dipundadosaken tembung *negatif* kanthi paring tembung *dudu/sanes*, saha boten saged sumambung kaliyan tembung *ora/boten*. Adhedhasar andharan kasebat frasa *Saudi Arabia* saged dipundamel *sanes perang pasifik* saha **ora perang pasifik*.

Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih frasa *perang pasifik* kalebet frasa aran.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi frasa *perang pasifik* kalebet *tipe hubungan asosiatif kontiguitas temporal*. Hubungan asosiatif kontiguitas temporal inggih menika wekdal nalika kadadosan satunggaling prastawa dipunginakaken kangge nedahaken tumindak ingkang gayut kaliyan prastawa kasebat utawi walikanipun (Sudiro, 2014:27). Saged dipuntingali bilih frasa *perang pasifik* gadhah teges pokok ‘*nama satunggaling prastawa perang (perang pasifik)*’ ingkang dipunginakaken kangge nedahaken ‘*papan kadadosan perang inggih menika ing Samodra Pasifik*’. Kalih teges kasebat gadhah gegayutan inggih menika tembung Pasifik dipunginakaken kangge nedahaken papan saha nama satunggaling prastawa perang. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih frasa *perang pasifik* kalebet *tipe hubungan asosiatif kontiguitas temporal*.

3) Polisemi Awujud Frasa Jinising Frasa Aran Tipe Hubungan Asosiatif Atributif Keseluruhan

Perangan menika badhe ngrembag polisemi awujud frasa jinising frasa aran *tipe asosiatif atributif keseluruhan*. Tipe asosiatif atributif keseluruhan inggih menika tegesing tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken satunggaling *subyek*, pirantos, utawi tumindak ingkang asipat sami. (Sudiro, 2014: 35). Wonten ngandhap menika badhe dipunandharaken data saking polisemi awujud frasa jinising frasaaran *tipe asosiatif atributif keseluruhan*.

“Kanyatan, kasil gedhe saka Barcelona wektu iki disetor menyang pemerintah pusat sing ateges Catalunya mung dadi **“sapi perahan”**.” (Dt: 70)

Pethikan ing nginggil ngemu frasa *sapi perahan*. Frasa *sapi perahan* ing ukara wonten nginggil kalebet frasa ingkang ngewrat polisemi amargi gadhah kalih teges ingkang beda. Bedaning teges dipundhasari *konteks* ukara saha teges pokokipun. Bab kasebat saged dipuntingali frasa *sapi perahan* ing ukara “...kasil gedhe saka Barcelona wektu iki disetor menyang pemerintah pusat sing ateges Catalunya mung dadi **“sapi perahan”**. Frasa *sapi perahan* gadhah teges pokok ‘*lembu ingkang dipunpedhet susunipun*’, wondene ing ukara wonten nginggil nedahaken ‘*negara Catalunya ingkang asipat kados sapi lembu (namung dipunmanfaatken)*’. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih frasa *sapi perahan* kalebet frasa ingkang ngewrat polisemi.

Tetembungan *sapi perahan* ingkang ngewrat polisemi gadhah wujud frasa. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun frasa. Frasa inggih menika dumadi saking kalih tembung utawi langkung ingkang urutanipun boten kenging luwih saking wasesa (Sasangka, 2011: 139). Frasa ugi gadhah titikan saged dipunwiwaraken kanthi maringi tembung *iku, iki, kae* saha *kuwi*. Adhedhasar andharan kasebat frasa *sapi perahan* saged dipundamel *sapi perahan iku, sapi perahan iki, sapi perahan kae, saha sapi perahan kuwi*. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih tembung *sapi perahan* kalebet frasa.

Adhedhasar jinising frasa, frasa *sapi perahan* kalebet frasa aran. Bab kasebat saged dipuntingali saking titikanipun frasa aran inggih menika bakuning frasa awujud tembung aran (Sasangka, 2011: 144). Frasa aran ugi saged

dipundadosaken tembung *negatif* kanthi paring tembung *dudu/sanes*, saha boten saged sumambung kaliyan tembung *ora/boten*. Adhedhasar andharan kasebat frasa *sapi perahan* saged dipundamel *sanès sapi perahan* saha **ora sapi perahan*. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih frasa *sapi perahan* kalebet frasa aran.

Adhedhasar *tipe gegayutan* tegesing polisemi frasa *sapi perahan* kalebet *tipe asosiatif atributif keseluruhan*. *Asosiatif atributif keseluruhan* inggih menikategesing tembung ingkang dipunginakaken kangge nedahaken satunggaling *subyek*, pirantos, utawi tumindak ingkang asipat sami. (Sudiro, 2014: 35). Saged dipuntingali bilih frasa *sapi perahan* ing pethikan wonten nginggil dipunginakaken kangge nedahaken ‘*negara ingkang gadhah sipat kados sapi perahan*’, wondene *sapi perahan* gadhah teges pokok ‘*lembu ingkang dipunpendhet susunipun*’. Sipat ingkang dipunmaksud inggih menika namung dipunmanfaatken kemawon. Adhedhasar andharan kasebat saged dipunwastani bilih frasa *sapi perahan* kalebet *tipe gegayutan tegesing polisemi asosiatif atributif keseluruhan*.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun dipunandharaken wonten bab IV, pramila saged dipunpendhet dudutan bilih rubrik pawarta salebetipun kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016 ngemu maneka warni wujud ing *lingual* ingkang ngewrat polisemi, jinising *lingual* ingkang ngewrat polisemi, saha *tipe* gegayutan tegesing *lingual* ingkang ngewrat polisemi. Wujud ing *lingual* ingkang ngewrat polisemi, jinising *lingual* ingkang ngewrat polisemi, saha *tipe* gegayutan tegesing *lingual* ingkang ngewrat polisemi kasebat kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Wujud ing *lingual* ingkang ngewrat polisemi ing salebetipun rubrik pawarta kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016 inggih menika awujud tembung saha frasa.
2. Wujud ing tembung ingkang ngewrat polisemi ing salebetipun rubrik pawarta kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016 inggih menika tembung lingga, tembung andhahan, tembung camboran saha tembung rangkep.
3. Jinising tembung saha frasa ingkang ngewrat polisemi ing salebetipun rubrik pawarta kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016 inggih menika tembung kriya (*verba*), tembung aran (*nomina*), saha tembung kaanan/sipat (*adjektiva*).

4. *Tipe* gegayutan tegesing tembung saha frasa ingkang ngewrat polisemi ing salebetipun rubrik pawarta kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016 inggih menika *tipe pengelompokan makna sampingan, tipe derivasi nol/kosong, tipe derivasi afiksasi, tipe asosiatif konstituen keseluruhan, tipe hubungan anggota kelas, tipe hubungan asosiatif kontiguitas temporal, saha tipe asosiatif atributif keseluruhan.*

B. Implikasi

Panaliten menika ngrembag polisemi basa Jawi wonten rubrik pawarta salebetipun kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016. Panaliten menika dipunkajengaken saged nambah seserepan bab ngelmu basa dhateng para pamaos. Seserepan ngelmu basa menika mliginipun babagan polisemi salebetipun *wacana* ingkang awujud rubrik pawarta. Gayut kaliyan piwulangan basa mliginipun basa Jawi, panaliten menika saged dados *referensi* kangge materi piwulangan babagan polisemi.

C. Pamrayogi

Panaliti ingkang ngrembag panaliten bab polisemi basa Jawi menika taksih sekedhik. Wonten panaliten menika namung migunakaken rubrik pawarta salebetipun kalawarti Djaka Lodang wedalan warsa 2016 kangge dhasaring panaliten kasebat. Pramila, kaangkah wonten panaliten salajengipun saged dipunrembag malih panaliten polisemi basa Jawi boten namung winates ing rubrik

pawarta ananging saged ngginakaken crita sambung, cerkak, tembang lan sapanunggalipun.

KAPUSTAKAN

A. PUSTAKA

- Antunsohono. 1953. *Reringkesaning Paramasastra Djawa 1*. Yogyakarta: Penerbit dan Toko Buku Hien Hoo Sing.
- Arikunto, Suharsimi. 2002. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: PT Asdi Mahasatya.
- Astari, Desinta. 2013. *Analisis Polisemi Kolom Politik Dan Hukum Dalam Kompas Edisi Februari 2013. Skripsi S1*. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa Indonesia, FBS UNY.
- Bandana, I Gde Wayan Soken. 2002. *Polisemi dalam Bahasa Bali*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.
- Chaer, Abdul. 1995. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- _____. 2014. *Linguistik Umum*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Keraf, Gorys. 2004. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Moleong, Lexy J. 2000. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Nurhayati, Endang. 2001. *Morfologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta: FBS UNY.
- Poedjosoedramo. 2015. *Morfologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Balai Bahasa Yogyakarta.
- Poerwadarminta. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Jakarta: Noordhoff Kolff N.V.
- _____. 1976. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Purwanti, Ika. 2012. *Kajian Polisemi Dalam Rubrik Berita Majalah Djaka Lodhang Edisi 2011. Skripsi S1*. Yogyakarta: Program Studi Bahasa Jawa, FBS UNY.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Sarwono, John. 2006. *Metode Penelitian Kualitatif dan Kuantitatif*. Yogyakarta: Penerbit Graha Ilmu.

- Siswanto. 2014. *Metode Penelitian Sastra Analisis Struktur Puisi*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Subalidinata. 1994. *Kawruh Paramasastra Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusantara.
- Sudaryanto. 1986. *Metode Linguistik Bagian Pertama Ke Arah Memahami Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- _____. 1988. *Metode Linguistik Bagian Kedua Metode Dan Anekan Teknik Pengumpulan Data*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- _____. 1992. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sudiro, dkk. 2014. *Polisemi dalam Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Balai Bahasa Yogyakarta.
- Sugiyono, 2006. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sukmawati. 2008. "Polisemi dalam Bahasa Muna". Bunga Rampai Hasil Penelitian Kebahasaan, hlm. 6-13.
- Verhaar, J.W.M. 2010. *Asas-Asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Wijana, I Dewa Putu. 2015. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- _____. 2008. "Polisemi Peranan dan Faktor-Faktor Penyebabnya". Simposium Internasional ilmu-ilmu homaniora III, hlm. 60-67.

B. INTERNET

- Mulyani, Henny Sri. 2014. *Kecenderungan Isi Rubrik Surat Pembaca Di Harian Umum Pikiran Rakyat*, <https://media.neliti.com/media/publications/142129-ID-kecenderungan-isi-rubrik-surat-pembaca.pdf>.
- Sujarwadi, Sri. 2011. *Validitas dan reliabilitas Instrumen Penelitian*, <https://zerryupo.files.wordpress.com/2011/12/validitas-dan-reliabilitas-rev1.pdf>.
- Sunarti, Euis. 2001. *Pengukuran, Reliabilitas, Validitas*, <http://euissunarti.staff.ipb.ac.id/files/2012/04/Dr.-Euis-Sunarti-PENGUKURAN-RELIABILITAS-VALIDITAS-ok.pdf>.
- Pelawi, Bena Yusuf. 2009. *Aspek Semantik dan Pragmatik Dalam Penerjemahan*, journal.binus.ac.id/index.php/lingua/article/download/341/324.

Zunairoh, Ratna. 2014. *Analisis Semantik Nama Orang Jawa Di Desa Karangduwur Kecamatan Petanahan Kabupaten Kebumen*, <http://download.portalgaruda.org/article.php?article=161445&val=616&title=ANALISIS%20SEMANTIK%20NAMA%20ORANG%20JAWA%20DI%20DESA%20KARANGDUWUR%20KECAMATAN%20PETANAHAN%20KABUPATEN%20KEBUMEN>.

LAMPIRAN

No	Data	Wujuding Tembung									Jinising Tembung			Tipe Gegayutan Tegesing Tembung Polisemi										Katrangan
		L	A				C		R	Fr	Kry	Arn	Knn	Dr	Pf								Ms	
			At	Sl	Pn	Ws	Cw	Ct							Atk	Akt	Ass	Akl	Ask	Akk	Ak	Aak		
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25
	bedhamen . (DL: 5: 05&06/2 & 9/7/2016)																							
2	a) Sawise prosesi penyerahan kuwi mau luwur sing lawas banjur dilorot lan diganti nganggo luwur sing anyar . (DL: 33: 35/30/1/2016) b) Tradhisi Pao Oen ing taun anyar Imlek. (DL: 32: 46/16/4/2016)	√ √											√ √										√ √	• Wujud: lingga boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep saha boten dipuncambor. • Jinis: (a) kaanan (<i>sifat/ adjektiva</i>) (b) kaanan (<i>sifat/ adjektiva</i>), nedahaken kaananipun pirantos saha warsa • Tipe: <i>Pengelompokan makna sampingan</i> makna sentral: wiwitan (<i>awalan</i>) makna sampingan: anyar (<i>baru</i>)
3	a) Saben dina libur padusan Umbul Tirtomulyo dadi papan jujukane sapa wae kang kepingin lelumban,	√									√												√	• Wujud: lingga, boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep saha boten dipuncambor)

No	Data	Wujuding Tembung						Jinising Tembung			Tipe Gegayutan Tegesing Tembung Polisemi											Katrangan		
		L	A				C		R	Fr	Kry	Arn	Knn	Dr	Pf								Ms	
			At	Sl	Pn	Ws	Cw	Ct							Atk	Akt	Ass	Akl	Ask	Akk	Ak			Aak
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25
	adus, kungkum, lan ambyur . (DL: 33: 47/23/4/2016) b) Pengalamane ambyur ing lembaga desa uga ora kena disepelekake merga dheweke nate kadhapuk minangka ketua RW 10 taun 2009-2013, anggota KMPD, ketua HUT RI sadesa Pengadegan taun 2012 kapungkur lan sekretaris TPK. (DL: 33: 09/30/7/2016)	√									√												√	• Jinis: (a) kriya (<i>verba</i>) (b) kriya (<i>verba</i>), nedahaken tumindak ambyur • Tipe: <i>Pengelompokan makna sampingan</i> makna sentral: njebur ing banyu (<i>loncat di air</i>) makna sampingan: mlebet (<i>masuk</i>)

No	Data	Wujuding Tembung						Jinising Tembung			Tipe Gegayutan Tegesing Tembung Polisemi										Katrangan			
		L	A				C		R	Fr	Kry	Arn	Knn	Dr	Pf								Ms	
			At	Sl	Pn	Ws	Cw	Ct							Atk	Akt	Ass	Akl	Ask	Akk		Ak		Aak
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25
5	a) Sarehne banyune bening banget mula dhasaring padusan katon cetha wela-wela, luwih-luwih wektu awan pinuju katlorong srengenge. (DL: 33: 47/23/4/2016) b) Kasil pepriksan nuduhake anane kunker saben anggota DPR taun 2015 sing ora cetha tanjane klebu anane tiket pesawat ora nyata rega Rp 2,05 milyar. (DL: 5: 01/4/6/2016)	√											√										√	• Wujud: lingga boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep saha boten dipuncambor, • Jinis: (a) kaanan (sifat/ <i>adjektiva</i>) (b) kaanan (sifat/ <i>adjektiva</i>), nedahaken kaananipun papan saha prastawa. Tipe: <i>Pengelompokan makna sampingan</i> makna sentral: terang sanget (<i>sangat terang</i>) makna sampingan: nggenah (<i>transparan</i>) sakwontenipun (<i>tidak sampai perguruan tinggi</i>)
		√											√										√	

No	Data	Wujuding Tembung									Jinising Tembung			Tipe Gegayutan Tegesing Tembung Polisemi										Katrangan
		L	A				C		R	Fr	Kry	Arn	Knn	Dr	Pf								Ms	
			At	Sl	Pn	Ws	Cw	Ct							Atk	Akt	Ass	Akl	Ask	Akk	Ak	Aak		
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25
7	a) Festival dhalang cilik mau diiringi para pengrawit kang kulina ngiringi para dhalang.. (DL: 45: 05 & 06/2&6/7/2016) b) Hebate korupsi Indonesia sing diwiwiti saka rejim Soeharto terus tekan wektu iki ora uwal saka kurang tanggape pemerintah marang kahanan nasional mirunggan kahanane kawula cilik . (DL: 5: 47/23/4/2016)	√											√										√	• Wujud: lingga boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep saha boten dipuncambor, • Jinis: (a) kaanan (sifat/ <i>adjektiva</i>) (b) kaanan (sifat/ <i>adjektiva</i>), nedahaken kaananipun tiyang. • Tipe: <i>Pengelompokan makna sampingan</i> makna sentral: alit (<i>kecil</i>) makna sampingan: rakyat (<i>rakyat</i>)
8	a) Semono uga gamelane tumumpang ana sadhuwure meja cilik , iki ora ateges	√											√										√	• Wujud: lingga boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep saha

No	Data	Wujuding Tembung						Jinising Tembung			Tipe Gegayutan Tegesing Tembung Polisemi											Katrangan		
		L	A				C		R	Fr	Kry	Arn	Knn	Dr	Pf								Ms	
			At	Sl	Pn	Ws	Cw	Ct							Atk	Akt	Ass	Akl	Ask	Akk	Ak			Aak
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25
	mrengkang seka tradhisi nanging amarga pemaine kang wis sepuh ora kuwat lenggah lesehan. (DL: 44: 48/30/4/2016) b) Kosokbaline, dhaerah saka ibu kota mirunggan sajabane Pulo Jawa mung dipameri pejabat dhuwit Negara, urip makmur dhacah-dhacah ing sadhuwure papa cintrake rakyat cilik. (DL: 5: 47/23/4/2016)	√											√										√	boten dipuncambor. • Jinis: (a) kaanan (sifat/ <i>adjektiva</i>) (b) kaanan (sifat/ <i>adjektiva</i>), nedahaken kaananipun pirantos saha tiyang. • Tipe: <i>Pengelompokan makna sampingan</i> makna sentral: alit (<i>kecil</i>) makna sampingan: boten gadhah bandha (<i>miskin</i>)
9	a) Tumpukan watu sing metha gumuk-gumuk pating jenggelek sing bageane dhuwur wujud lemah iku gampang keblonan banyu lan jalari renggang. (DL: 5:	√											√										√	• Wujud: lingga boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep, saha boten dipuncambor, • Jinis: (a) kaanan (sifat/ <i>adjektiva</i>)

No	Data	Wujuding Tembung							Jinising Tembung			Tipe Gegayutan Tegesing Tembung Polisemi											Katrangan	
		L	A				C		R	Fr	Kry	Arn	Knn	Dr	Pf									Ms
			At	Sl	Pn	Ws	Cw	Ct							Atk	Akt	Ass	Akl	Ask	Akk	Ak	Aak		
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25
	07/16/7/2016) b) Kejaba kuwi uga bisa menehi maneka warna ketrampilan, rasa sosial kang dhuwur lan bisa nglatih para pelajar mandhiri (DL: 44: 05&06/2&9/7/2016)		√										√										√	(b) kaanan (sifat/ <i>adjektiva</i>), nedahaken kaananipun pirantos, • Tipe: <i>Pengelompokan makna sampingan</i> makna sentral: perangan wonten nginggil (<i>bagian yang tertinggi</i>) makna sampingan: luhur (<i>luhur</i>)
10	a) Tanpa kanyana dicedhaki mobil banjur digeret mlebu mobil dening sekelompok nom-noman rambut gondrong. (DL: 4: 03/18/6/2016) b) Panitia Munaslub bisa digeret menyang pengadilan dening KPK. (DL: 5: 52/28/5/2016)		√								√												√	• Wujud: andhahan karaketan ater-ater <i>di-</i> , <i>di-</i> + <i>geret</i> : <i>digeret</i>) • Jinis: (a) kriya (<i>verba</i>) (b) kriya (<i>verba</i>) nedahaken tumindak seret • Tipe: <i>Pengelompokan makna sampingan</i> makna sentral: diseret (<i>ditarik</i>)

No	Data	Wujuding Tembung							Jinising Tembung			Tipe Gegayutan Tegesing Tembung Polisemi											Katrangan	
		L	A				C		R	Fr	Kry	Arn	Knn	Dr	Pf									Ms
			At	Sl	Pn	Ws	Cw	Ct							Atk	Akt	Ass	Akl	Ask	Akk	Ak	Aak		
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25
																								<i>makna sampingan:</i> diadili/ diukum (<i>disidang</i>)
11	a) Luwih-luwih weruh yen betor wira-wiri bebas momot penumpang, tanpa ngalami pepalang wira-wiri ana dalan gedhe. (DL: 4: 35/30/1/2016) b) Yen pancen iki sing dadi pepalange perlu terus terang dibeberake, sateruse digolekake dalan bisane ana revisi UU ASN ksb. (DL: 4: 43/26/3/2016)	√										√											√	• Wujud: lingga boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep saha boten dipuncambor, • Jinis: (a) aran (<i>nomina</i>) (b) aran (<i>nomina</i>) nedahaken satunggaling nama pirantos. • Tipe: <i>Pengelompokan makna sampingan</i>
		√										√											√	• makna sentral: margi (<i>jalan</i>) • makna sampingan: cara
12	a) Dene jaman saiki amrih amane, samangsa uwohe wis rada gedhe banjur ditaleni nganggo rafia ing epang.(DL:33:48/30/4/2016		√								√												√	• Wujud: andhahan karaketan ater-ater <i>di-</i> saha panambang <i>ni-</i>, <i>di-</i> + <i>tali</i> + <i>-ni</i>:<i>ditaleni</i>,

No	Data	Wujuding Tembung						Jinising Tembung			Tipe Gegayutan Tegesing Tembung Polisemi											Katrangan		
		L	A				C		R	Fr	Kry	Arn	Knn	Dr	Pf								Ms	
			At	Sl	Pn	Ws	Cw	Ct							Atk	Akt	Ass	Akl	Ask	Akk	Ak			Aak
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25
	b) Kamangka kuncine ngelmu iku kanthi takon lan sawise mangerteni ngelmu perlu ditaleni kanthi ditulis. (DL: 44: 52/28/5/2016)		√								√												√	• Jinis: (a) kriya (<i>verba</i>) (b) kriya (<i>verba</i>) nedahaken tumindak nali, • Tipe: <i>Pengelompokan makna sampingan</i> makna sentral: naleni ningseti ngangge tali (<i>ditali</i>) makna sampingan: dipunemut-emut (<i>diingat</i>)
13	a) Desa Imogiri, Kecamatan Imogiri wektu iki gumregut mbangun desane kanthi werna-werna kegiatan. (DL: 44: 51/21/65/2016) b) Permasalahan umat dina iki ora mung babagan kemelaratan lan kabodhohan wae ananging								√				√										√	• Wujud: dwilingga tembung werna dipunrangkep, werna + R= werna-werna) • Jinis: (a) kaanan (<i>sifat/ adjektiva</i>) (b) kaanan (<i>sifat/ adjektiva</i>), nedahaken kaananipun prastawa. • Tipe: <i>Pengelompokan</i>

[illegible]

No	Data	Wujuding Tembung						Jinising Tembung			Tipe Gegayutan Tegesing Tembung Polisemi											Katrangan		
		L	A				C		R	Fr	Kry	Arn	Knn	Dr	Pf								Ms	
			At	Sl	Pn	Ws	Cw	Ct							Atk	Akt	Ass	Akl	Ask	Alk	Ak			Aak
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25
	Wonokerto 2,5 hektar dumadi saka lahan pertanian (sawah), pategalan, pakebonan,padunungan, indhustri, lan liya-liyane.. (DL: 33: 05&06/2&9/7/2016)																							dari)
15	a) Dene prosese nggawe penthol rondhe, pathi kanji sing wis dijelu banjur dibunderi, ing jerone diisi kacang, terus digodog. (DL: 38: 03/18/6/2016) b) Sadurunge acara peresmian diadani pengajian kang diisi dening Drs H Abdulloh Efendi seka Moyudan. (DL: 45: 08/23/7/2016)		√								√												√	• Wujud: andhahan karaketan ater-ater <i>di-</i>, <i>di-</i> + <i>isi-</i>: <i>diisi</i>, • Jinis: (a) kriya (<i>verba pasif</i>) (b) kriya (<i>verba</i>) nedahaken kadadosan tumindak ngisi. • Tipe: <i>Pengelompokan makna sampingan</i> makna <i>sentral:</i> dipunparingi isi (<i>didalamnya diisi</i>)

No	Data	Wujuding Tembung							Jinising Tembung			Tipe Gegayutan Tegesing Tembung Polisemi											Katrangan	
		L	A				C		R	Fr	Kry	Arn	Knn	Dr	Pf									Ms
			At	Sl	Pn	Ws	Cw	Ct							Atk	Akt	Ass	Akl	Ask	Akk	Ak	Aak		
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25
																								<i>makna sampingan:</i> adicara medar sabda (yang member ceramah)
16	a) Acara syawalan kaisikanthi cara palapurantambah kurange jiwa , arisan rutin saben selapan, tausiyah, salam-salaman uga ngedum doorprice ing pangajab tansah bisa ngraketake paseduluran turune ki Kramasetika kang tekan wektu iki wis tekan turun kaping enem (udheg-udheg). (DL: 45: 12/20/8/2016)	√										√								√				• Wujud: lingga boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep saha boten dipuncambor, • Jinis: aran (<i>nomina</i>), (nedahaken nama pirantos) • Tipe: Hubungan Asosiatif Konstituen Keseluruhan Tembung nyawa dipunginakaken kangge nedahaken manungsa, tiyang.
17	a) Saliyane iku yen arep didol (dipangan) isih dicampuri kacang sing digoreng kreweng. (DL: 38: 03/18/6/2016)	√										√										√	• Wujud: andhahan karaketan ater-ater <i>di-</i>, <i>di-</i> + <i>pangan</i>: <i>dipangan</i>) • Jinis: (a) kriya (<i>verba</i>)	

No	Data	Wujuding Tembung						Jinising Tembung			Tipe Gegayutan Tegesing Tembung Polisemi											Katrangan		
		L	A				C		R	Fr	Kry	Arn	Knn	Dr	Pf								Ms	
			At	Sl	Pn	Ws	Cw	Ct							Atk	Akt	Ass	Akl	Ask	Akk	Ak			Aak
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25
	b) Walanda sing lemahe luwih cendhek katimbang banyu segara bakal musna dipangan banyu segara. (DL: 6: 47/23/4/2016)	√										√											√	(b) kriya (<i>verba</i>) nedahaken kadadosan satung-galing tumindak. • Tipe: <i>Pengelompokan makna sampingan</i> makna sentral: dipun-lebetaken ing pangucap lajeng dipunmamah (<i>di makan</i>) makna sampingan: dipuntrajang (<i>di terjangkau</i>)
18	a) Kemiskinan lan daya pangribawane jenewer (minuman keras, miras) sarta endhog setan (narkoba) campur dadi siji nyiptapribadi kaco sing ngubal dredah ing masarakat. (DL: 5:51/21/5/2016)						√					√										√		• Wujud: camboran wutuh camboran saking tembung <i>endhog</i> ‘telur’ saha <i>setan</i> ‘setan’, <i>endog</i> + <i>setan</i> : <i>endog setan</i> • Jinis: aran (nomina) nedahaken nama pirantos. • Tipe: <i>Asosiatif atributif keseluruhan</i>

No	Data	Wujuding Tembung						Jinising Tembung			Tipe Gegayutan Tegesing Tembung Polisemi											Katrangan		
		L	A				C		R	Fr	Kry	Arn	Knn	Dr	Pf								Ms	
			At	Sl	Pn	Ws	Cw	Ct							Atk	Akt	Ass	Akl	Ask	Akk	Al			Aak
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25
																								Makna: narkoba, gadhah sipat kados endhog setan ingkang ateges wujudipun cilik ananging ndayani <i>kecanduan</i> saha ndayani tumekaning pati.
19	a) Senajan ora entheng kanthi niyat eklas pengurus adreng ngemban amanat umat kanthi kebak tanggung jawab. (DL: 44: 08/23/7/2016) b) Kahanan iki kelakon krana akeh Bandar lan pandhemen narkoba sing kecekel lan diadili nanging ukumane entheng banget. (DL: 5: 44/2/4/2016)	√											√										√	• Wujud: lingga boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep, saha boten dipuncambor. • Jinis: (a) kaanan (sifat/ <i>adjektiva</i>) (b) kaanan (sifat/ <i>adjektiva</i>) nedahaken kaananipun satunggaling prekawis. • Tipe: <i>Pengelompokan makna sampingan</i> makna sentral: gampang (mudah) makna sampingan: boten ngrekasakaken.

No	Data	Wujuding Tembung							Jinising Tembung			Tipe Gegayutan Tegesing Tembung Polisemi										Katrangan		
		L	A				C		R	Fr	Kry	Arn	Knn	Dr	Pf								Ms	
			At	Sl	Pn	Ws	Cw	Ct							Atk	Akt	Ass	Akl	Ask	Akk	Ak			Aak
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25
20	a) Sumber daya alam mligine banyu ing kali bisa dibudidaya kanggo nyukupi kabutuhan pangan tumrap masarakat mligine protein hewani, mula prerlu dijaga lan dingrembakake mligine iwak-iwak aja nganti entek utawa musna. (DL: 44: 07/16/7/2016) b) Muscab Kwarcab Bantul diadani amarga masa bhakti penguruse uwis entek. (DL: 45: 08/23/7/2016)	√											√										√	• Wujud: lingga boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep saha boten dipuncambor, • Jinis: (a) kaanan (sifat/ <i>adjektiva</i>) (b) kaanan (sifat/ <i>adjektiva</i> nedahaken kaananipun satunggaling prekawis • Tipe: <i>Pengelompokan makna sampingan</i> makna sentral: ical sedaya (<i>hilang semua</i>) makna sampingan: sampun cekap (<i>sudah selesai</i>)
21	a) Saliyane kelompok umur 20 taun munggah, uga dianakake latihan ngukir watu gedhe sing regane larang ing pasaran eksport.	√											√										√	• Wujud: lingga Boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep saha boten dipuncambor, • Jinis:

No	Data	Wujuding Tembung						Jinising Tembung			Tipe Gegayutan Tegesing Tembung Polisemi										Katrangan			
		L	A				C		R	Fr	Kry	Arn	Knn	Dr	Pf								Ms	
			At	Sl	Pn	Ws	Cw	Ct							Atk	Akt	Ass	Akl	Ask	Akk		Alk		Aak
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25
	(DL: 33: 33/16/1/2016) b) Dina Setu, 4 Mei 2016 kepungkur, warga Dhusun Prangwedanan, Potorono, Banguntapan, Bantul, Yogyakarta nggelar Merti Dhusun minangka wujud sukur anggone panen gedhe . (DL: 32: 03/18/6/2016)	√											√										√	(a) kaanan (sifat/ <i>adjektiva</i>) (b) kaanan (sifat/ <i>adjektiva</i>), nedahaken kaananipun satunggaling prekawis. • Tipe: <i>Pengelompokan makna sampingan</i> makna sentral: ageng (<i>besar</i>) makna sampingan: kathah sanget (<i>banyak sekali</i>)
22	a) Ibarat, isi gendul kang kebak bakal diesok bebarengan liwat cangkem gendul kang ciyut, kasile isi kang bakal metu temumpuk ing sangarep cangkem gendul . (DL: 4: 09/30/7/2016) b) Ora mung kuwi, malah ing event Jenang Solo kajaba	√										√											√	• Wujud: lingga Boten karaketan wuwuhan, boten dipunrangkep saha boten dipuncambor, • Jinis: (a) aran (<i>nomina</i>) (b) aran (<i>nomina</i>), nedahaken nama pirantos. • Tipe: <i>Pengelompokan makna sampingan</i>
		√										√											√	

No	Data	Wujuding Tembung						Jinising Tembung			Tipe Gegayutan Tegesing Tembung Polisemi											Katrangan		
		L	A				C		R	Fr	Kry	Arn	Knn	Dr	Pf								Ms	
			At	Sl	Pn	Ws	Cw	Ct							Atk	Akt	Ass	Akl	Ask	Akk	Ak			Aak
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25
	ana 15 jinis jenang saka Nuswantara, uga dicawisake 21 jinis jenang asli Solo kayata: Jenang sungsum, jenang gendul , jenang ireng, lan jenang mutiara. (DL: 43: 51/21/5/2016)																							makna sentral: wadhah ingkang dipundamel saking kaca (<i>botol</i>) makna sampingan: bunderan saking pathi warni ijem ing salebeting jenang warni soklat (<i>nama bubur</i>)

No	Data	Wujuding Tembung						Jinising Tembung			Tipe Gegayutan Tegesing Tembung Polisemi											Katrangan		
		L	A				C		R	Fr	Kry	Arn	Knn	Dr	Pf								Ms	
